**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ ЖАНЫНДАҒЫ ПЕДАГОГ КАДРЛАРДЫ ҚАЙТА ТАЯРЛАЎ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ҚӘНИЙГЕЛИГИН ЖЕТИЛИСТИРИЎ АЙМАҚЛЫҚ ОРАЙЫ ЖОҚАРЫ ОҚЫЎ ОРЫНЛАРЫ ПРОФЕССОР - ОҚЫТЫЎШЫЛАРЫ**

**“ТАСТЫЙЫҚЛАЙМАН”**

Аймақлық орай директоры

___________К.Убайдуллаев

“____”_____________ 2015 жыл

# “ЭТИКА, ЭСТЕТИКА ТИЙКАРЛАРЫ”

**МОДУЛИ БОЙЫНША**

**О Қ Ы Ў   М Е Т О Д И К А Л Ы Қ   К О М П Л Е К С**

Тузувчи: проф. Ю.Алимбетов

**НУКУС-2015**

**МАЗМУНЫ**

ИСШИ ДАСТҮР ........................................................................................... 3
ЛЕКЦИЯЛАР ТЕКСТЛЕРИ ........................................................................... 22
1-ТЕМА: КИРИСИЎ. ЭТИКАНЫҢ ПРЕДМЕТИ, МАҚСЕТИ ҲӘМ ЎАЗЫЙПАЛАРЫ ........................................................................... 22
2-ТЕМА: ЭСТЕТИКА ИЛИМ СЫПАТЫНДА ............................................ 34
3 -ТЕМА: АДАМЗАТ ОЙ – ПИКИРИ ТАРИЙХЫНДА ӘДЕП – ИКРАМЛЫЛЫҚ ҲӘМ ЭСТЕТИКАЛЫҚ ЖӨНЕЛИСЛЕР, ТӘЛИЙМАТЛАР ........................................................................... 42
4-ТЕМА: ҲӘЗИРГИ ЗАМАННЫҢ ТИЙКАРҒЫ ЭТИКАЛЫҚ, ЭСТЕТИКАЛЫҚ ПРОБЛЕМАЛАРЫ ..................................................... 89
5-ТЕМА: ЭТИКА, ЭСТЕТИКА ПӘНЛЕРИН ОҚЫТЫЎ МЕТОДИКАСЫ МӘСЕЛЕЛЕРИ ........................................................................... 124

# ИСШИ ДАСТҮР

## Кирисиў

Кадрлар таярлаўдың миллий бағдарламасының тийкарғы принциплериниң бири еркин пикирлеўши, билимлан, ең жоқары әдеп-икрамлылық, моральлық қәсийетлерге, жоқары мәнаўий, ақылый ҳәм илимий потенциалға ийе болған ҳәмме инсанды қәлиплестириў болып табылады.

Олар тийкарынан талаба-жаслардың илимий потенциалын, дөретиўшилик басламаларын ҳәм рууҳый талапларын, эстетикалық принциплерди раўажландырыўға бағдарланған. Бул олардың актив позициясын, белгили установкаларын, Ўатанпәрўарлық сезимлерин ҳәм келешекте ийелейтуғын қәнигелигине болған сүйиспеншилигин тәрбиялаўға бағдарлайды.

Булардың ҳәммеси де, әлбетте оқыў орынлары, соның ишинде жоқары оқыў орынлары басшылары ҳәм педагог кадрлардың илимий-педагогикалық потенциалының үзликсиз жетилисип барыўын талап етеди. Бул бойынша Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2015-жыл 12-июньдеги “Олий таълим муассасаларнинг раҳбар ва педагог кадрларни қайта тайёрлаш ва малакасини ошириш тизимини янада такомиллаштириш чора-тадбирлари тўғрисида”ги ПФ-4732-санлы Пәрманы жүдә әҳмийетли.

Пәрман негизинде Өзбекистан Республикасы Жоқары ҳәм орта арнаўлы билимлендириў ўәзирлигиниң 2015-жыл 21-августта №МО 303-221-санлы тастыйығына муўапық қайта таярлаў ҳәм қәнигелигин арттырыў курсы оқыў режедеги арнаўлы пәнлер топарына этика ҳәм эстетика тийкарларының енгизилиўи ҳәм олардың үйренилиўи бул пәнлер бойынша профессор-оқытыўшы қурамның теориялық-методологиялық, практикалық билимлериниң дәрежесин күшейтиўди арттырыўға қаратылған.

Этика, эстетика тийкарлары философия тийкарлары ҳәм логика менен бирликте философия дүркиминде жоқары оқыў орынларында оқытылар екен, нәзериңизге усынылып отырған дисциплина бул пәнлер бойынша

профессор-оқытыўшы қурамның оқыў-методикалық жумысларды мақсетке муўапық алып барыўы бойынша үзликсиз тәлимге мүтәжлигин қанаатландырыўды нәзерде тутады.

**Этика, эстетика тийкарлары пәни оқытыўдың мақсет ҳәм ўазыйпалары:**

Этика, эстетика тийкарларын пән сыпатында оқытыўдың мақсети бул тыңлаўшыларға этика ҳәм эстетикадан лекциялар оқыў, семинар сабақлар өтиў, олардың өз бетинше философиялық практика ҳәм илимий дөретиўшилик пенен шуғылланыўы ҳәм олардан үзликсиз пайдаланыў мәдениятын жоқарылатыўға бағдарлаўдан ибарат.

**Этика, эстетика тийкарлары пәни оқытыўдың ўазыйпалары:**

Этика, эстетика тийкарлары пәнин оқытыўдың мақсети педагог кадрлардың оқыў-тәрбиялық процесслерди жоқары илимий-методикалық дәрежеде тәмийинлеўи ушын зәрүр болған кәсибий билим, көнликпе ҳәм маманлығын жүдә жаңалаў, квалификация талаплары, оқыў реже ҳәм бағдарламалары тийкарында олардың кәсибий компетентлигин ҳәм педагогикалық шеберлигиниң мудамы раўажланыўын тәмийинлеўден ибарат.

Курстың ўазыйпаларына төмендегилер киреди:

– этика, эстетика бойынша педагог кадрлардың кәсибий билим, көнликпе, квалификациясын үзликсиз жаңалаў ҳәм раўажландырыў механизмлерин жаратыў;

– этика, эстетика бойынша оқытыўдың инновациялық технологиялары ҳәм алдыңғы тәжирийбелерин өзлестириў.

**Пән бойынша тыңлаўшының қәнигелигине қойылатуғын талаплар:**

– этика ҳәм эстетиканың улыўматеориялық мәселелерин жетик ийелеўи;

– этика ҳәм эстетиканың жәмийет турмысындағы ҳәм мәнаўияттағы орны ҳәм ролин;

– этика ҳәм эстетиканың диалектикалық байланыслылығын;

– әдеп-икрамлық ҳәм эстетикалық билимниң заманагөй тәрбиядағы орны, ғайры әдеп-икрамлық ҳәм ғайры эстетикалық жағдайлардың шахс кәмалатына унамсыз тәсирин; заманагөй этиканың ҳәм эстетиканың актуаллыққа ийе проблемаларын;

– илимлерди жүзеге келтириўши факторларды билиўи керек;

– глобалласыў процессинде әдеп-икрамлық ҳәм эстетикалық зәрүрликтиң жүзеге келиў себеплерин анализлеў;

– әдеп-икрамлық ҳәм эстетикалық мәдениятты талабалар санасына сиңдириў квалификациясына ийе болыўы зәрүр;

– “массалық мәденият” тәсири, ақыбетлерин такомиллаштириш;

– интернет этикасы ҳәм эстетикасын практикада ислетиў;

– оқыў процесин мақсетли шөлкемлестириўди қәлиплестириў ҳәм эстетика пәни оқытыўшысының сөйлеўи ҳәм шешенлигин қәлиплестириў.

## Оқыў режесиндеги басқа пәнлер менен байланысы

Бул пән биринши нәўбетте педагогика, психология пәнлери менен байланыслы болып, алдынғы педагогикалық технологияларды қолланыў көнликпелерин ийелеў ҳам инсан психологиясы, әсиресе жаслар психологиясының өзине тәнликлери менен таныс болыўды талап етеди. Сондай-ақ, бул пән социология, тарийх ҳәм басқа да социаоллық-гуманитар пәнлер менен де байланыслы болып, тыңлаўшы бул пәнлердеги соңғы жаңалықлар менен байланыслы мағлыўматларға ийе болыўын талап етеди.

## Пәнди оқытыўда пайдаланылатуғын заманагой информациялық ҳәм педагогикалық технологиялар

Оқыў процесси менен байланыслы болған билим бериў сапасын белгилеўши ҳалатлар төмендегилер: жоқары илмий-педагогикалық дәрежеде сабақ өтиў, проблемалы лекциялар оқыў, сабақларды сораў-жуўап көринисинде қызықлы етип шөлкемлестириў, алдынғы педагогикалық технологиялар ҳәм мультимедиалык қураллардан

пайдаланыў, тыңлаўшыларды қызықтыратуғын, ойландыратуғын проблемаларды студентлерге усыныў, талапшаңлық, тыңлаўшылар менен индивидуал ислесиў, еркин пикир-алысыўға, илимий излениўге тартыў.

«Философияны оқытыў методикасы» курсын режелестириўде төмендеги тийкарғы концептуал қатнаслардан пайдаланылады:

**Шахсқа бағдарланған қатнас.** Бул қатнас билим бериў процесси қатнасыўшыларының барлығының раўажланыўын талап етеди. Бул болса билим бериўди режелестириўде[2] билим алыўшы шахсты емес, биринши нәўбетте, келешектеги канигелик искерлиги менен байланыслы болған оқыў мақсетлеринен келип шыққан ҳалда қатнас жасаўды талап етеди.

**Системалы қатнас.** Билим бериў технологиясы системаның төмендеги белгилерин өзинде жәмлеген болыўы тийис: процесстиң избе-излиги, оның барлық элементлериниң өз-ара байланыслылығы, бир пүтинлиги.

**Искерликке бағдарланған қатнас.** Шахстың өз қанигелигинде қолланыўы мүмкин болған қасийетлерди қалиплестириўге, билим алыўшының искерлигин активлестириў ҳәм интенсивлестириўге. Оқыў процессинде студенттиң барлық қәбилети ҳәм имканиятлары ҳәм дөретиўшилигин ашыўға бағдарланған билим бериўди аңлатады.

**Диалоглы қатнас.** Бул қатнас оқыў мүнәсебетлерин жаратыў зәрүрлигин билдиреди. Оның нәтийжесинде шахстың өз-өзин активлестириў ҳәм өзин көрсете алыў сыяқлы дөретиўшилик қәбилети күшейтиледи.

**Бирге-ислесиўге тийкарланған билим бериўди шөлкемлестириў**. Демократиялық, теңлик, билим бериўши ҳәм билим алыўшы искерлиги мазмунын қәлиплестириўде ҳәм ерисилген нәтийжелерди баҳалаўда биргеликте ислесиўди ислесиўди шөлкемлестириўге итибарды каратыў зәрүрлигин билдиреди.

**Проблемалы билим бериў.** Билим бериў процессинде пән бойынша проблемалық характердеги темаларды бериў арқалы билим алыўшының активлигин күшейтиў усылларынан бири. Бунда билимниң қарама-

қарсылықлы характери ҳам оны шешиў усыллары, диалектикалық пикирлеўди қәлиплестириў ҳәм раўажландырыўға дыққат каратылады.

**Хабарды усыныўдың заманагөй қураллары ҳам усылларынан пайдаланыў** – жаңа компютер ҳәм хабар техноогияларын оқытыў процессине қолланыў.

**Оқытыўдың усыллары ҳәм техникасы.** Лекция (кирисиў, тематикалық,визуализация ), т- схема, синквейн, семинар-конференция, ойынлық метод, проектлер методы, дискуссия, китап пенен ислесиў, шынығыўлар шешиў, плакатлы презентация.

**Оқытыўды шөлкемлестириў формалары** – фронтал, индивидуал, коллектив.

Оқытыў қураллары: оқытыўдың дәстүрий формалары (сабақлық, лекция тексти), тарқатпа материаллар, шынығыўлар.

**Кери байланыс усыллары ҳәм қураллары:** бақлаў, билц-сораўлар, аралық, шегаралық ҳәм жуўмақлаўшы қадағалаў нәтийжелерин анализи тийкарында оқытыя диагностикасы.

**Басқарыў усыллары ҳәм қураллары:**оқыў сабағының басқышларын белгилеп бериўши технологиялық карта көринисинде оқыў сабақларын режелестириў, қойылған мақсетке ерисиўде оқытыўшы ҳәм тыңлаўшының биргеликте ҳәрекети, аудиториядан тысқары өз-бетинше ислерди қадағалаў.

**Мониторинг ва баҳалаў:** оқыў сабағында ҳәм пүткил курс даўамында оқытыў нәтийжелерин режели түрде аралық кадағалаў ҳәм шегаралық қадағалаў түринде тексерилип барылады. Курс ақырында аўызеки қадағалаў формасында жуўмақлаўшы қадағалаў өткериледи.

**«Этика, эстетика тийкарлары» пәнинен темалар ҳәм саатлар бойынша бөлистирилиўи:**

| т/н | Тема атлары | Жәми саат | Лекция | Әмелий сабақлар | Өз бетинше |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Кирисиў. Этиканың предмети, мақсети ҳәм ўазыйпалары | 4 | 2 | 2 | |
| 2 | Эстетика илим сыпатында | 4 | 2 | 2 | |
| 3 | дамзат ой-пикири тарийхында әдеп-икрамлылық ҳәм эстетикалық жөнелислер, тәлийматлар | 4 | 2 | 2 | |
| 4 | Ҳәзирги заманның этикалық ҳәм эстетикалық проблемалары | 4 | 2 | 2 | |
| 5 | Этика ҳәм эстетика пәнлерин оқытыў методикасы мәселелери | 4 | 2 | 2 | |
| 6 | Этикалық ҳәм эстетикалық. Этикалық-эстетикалық идеаллар мәселеси | 2 | | 2 | |
| 7 | Жоқары тәлимде педагогтың ҳәм алымның этикалық-эстетикалық келбети | 2 | | 2 | |
| 8 | Жоқарғы тәлимде этика ҳәм эстетиканы оқытыўдың актив методлары мәселелери | 4 | | 2 | 2 |
| | **Жәми:** | **28** | **10** | **16** | **2** |

## Тийкарғы бөлим: Пәнниң методикалық тәрептен избе-излиги

## Лекция сабақлары

1. Кирисиў. Этиканың предмети ҳәм жәмийет турмысындағы әҳмийети. Этика пәниниң предмети, мәниси, оның тийкарғы белгилери ҳәм дүзилиси әдеп-икрамлықтың пайда болыўы.

Этика пәниниң пәнлерара байланыслылығы: философия, эстетика, динтаныў, ҳуқықтаныў, миллий идея, психология, педагогика,

сиясаттаныў, экология. Моральдың пайда болыўы ҳаққында диний, эмпириялық ҳәм генетикалық концепциялар. Өзбекистан ғәрезсизлигиниң этика пәниниң раўажланыўына конструктив тәсири. XXI әсирде глобаллық этосфераны (әдеп-икрамлық ортада) жаратыў зәрүрлиги. Инсан, оның инсаният алдындағы ўазыйпасы ҳәм жуўапкершилиги.

2. Эстетика илим сыпатында.

“Эстетика” термини немец алымы А.Баумгартен (1714-1762) тәрепинен енгизилиўи ҳәм оның “естезис” деген грек сөзинен алыныўы. “Сезиўлик қабыллаў”. Гносеология.

Эстетиканың предметин анықлаўдағы еки көз-қарас: эстетика гөззаллық туўралы илим ҳәм эстетика искусство туўралы илим. Еки көз-қарастың ҳәм мәлим дәрежеде шекленгенлиги. Эстетика – адамның ҳақыйқатлықты эстетикалық өзлестириўшең мәнис ҳәм нызамлықлары ҳаққында илим.

Эстетика – философиялық дисциплина, ол ушын философия-терриялық ҳәм методологиялық негиз болып табылады. Ҳақыйқатлықты эстетикалық ҳәм көркем өзлестириўде диалектика методтың – объективликтиң орны ҳәм роли жүдә басым.

Эстетиканың социология менен, оның үш улыўма социологиялық, жеке социологиялық, конкрет-социологиялық изертлеўлер дәрежелери менен байланысы.

Эстетиканың психология, педагогика менен байланысы. Эстетикаға кибернетика, семиотика, математика илимлери методлары ҳәм қуралларының енисиўи. Эстетика ҳәм жеке искусствотаныўлық илимлер: әдебияттаныў, музыкатаныў, театр таныў.

Эстетикалық теорияның жәмийетлик турмыстағы роли. Қолланылатуғын тәлим технологиялары: тематикалық лекция, лекция визуализация, кластер усылы.

3. Адамзат ой-пикири тарийхында әдеп-икрамлық ҳәм эстетикалық жөнелислер ҳәс тәлийматлар.

Әййемги Шығыс еллеринде (Индия, Қытай) еллеринде этикалық ой-

пикирдиң пайда болыўы. Әййемги Грецияда этикалық ой-пикирдиң раўажланыў өзгешеликлери Сократ, Платон, Аристотель этикасы. Киниклер, киренаиклер, стоицизм этикасы Орайлық Азияда этикалық ойдың жүзеге келиў өзгешеликлери Зороастризм диний-философиялық тәлийматының этикалық концепциясы. Шығыс Ренессансы дәўиринде этикалық ойдың раўажланыўы (Фараби, Беруни, Ибн Сина, Наўайы).

Орта әсирлер, ояныў, Жаңа дәўирде этикалық ойдың раўажланыўы немец классикалық философиясы ўәкиллериниң этикалық көз-қараслары.

XIX әсирдеги Қарақалпақстанда этикалық ойдың раўажланыўы (Күнхожа, Әжинияз, Бердақтың этикалық көз-қараслары).

XX-XXI әсир әдеп-икрамлық тәлийматлары эстетикалық ой-пикирдиң раўажланыўының тийкарғы басқышларының адамзат жәмийетиниң материаллық ҳәм руўхый мәдениятының раўажланыўы менен байланыслылығы.Әййемги дүнья эстетикасы. Эстетикалық ой-пикир қулийелеўшилик жәмийетте келип шыққан менен эстетикалық искерлик пенен эстетикалық сананың пайда болыўы оғада әййемги дәўирлерге сәйкес келеди. Буның археологиялық қазылмалардық тастыйқлаўы. Шумер цивилизациясы, Вавилон мәденияты. Орайлық Азия ҳәм адамзат мәдениятының әййемги орайларының бири қарақалпақ халқы да әййемги халықлардың бири. Қубла Арал жағалаўларынан табылған мийнет қураллары, мәдений ҳәм турмыс итияжлары ушын ылайдан исленген ыдыслар буған гүўа (Жанбас-4 бәндиргиси, Қойқырылған қала, Топырақ қала естеликлери).Әййемги грек эстетикасының сағасында пифагоршылардың турыўы олар тәрепинен әлемниң бирлигинде санлық принциптиң қолланылыўы. Сократ, Платон, Аристотель эстетикасы. Сократ эстетикасында космостан адамның ишки дүньясына бурылыс. Аристотель тәлийматында мимесис ҳәм катарсис.

Орта әсир эстетикасында искусствоның дин ҳәм ширкеўдиң күшли тәсиринде болыўы менен минезлениўи.Ояныў дәўири, классицизм эстетикасы ҳәм олардың өзгешеликлери немец классикалық философиясы.

XIX ҳәм XX әсир басларында Орайлық Азия ҳәм Қазақстан

халықлары эстетикалық ойының өзгешеликлери.

4. Ҳәзирги заманның тийкарғы этикалық, эстетикалық проблемалары.

XXI әсирде жеке адам үстинлиги мәселеси. XXI әсирде индивидтиң баҳалығы түсиниги. Жеке адам жәмәәт. Затлар сфера қатнастың өзгериўи. Этикалық ҳәм эстетикалық Поп-арта. Адамзат тутас жәмәәт ҳәм оның мәпи.Илим ҳәм техниканың раўажланыўы. Илим ҳәм техника жаратқан ядролық қурал, химиялық, биологиялық ҳәм басқа да химиялық қырыў қураллары. Илим, техника ҳәм адам психологиясы, ишки дүньясы.

Ғалаба хабар қураллары ҳәм санының манипуляциясы мәселеси.

Биотика ҳәм мораль, трансплантация, клонластырыў мәселелери ҳәм олардың физикалық ҳәм моральлық ақыбетлери. Органларды салыў ҳәм мораль. “Суррогат” аналар ҳәм әдеп-икрамлық. Эвтаназия мәселеси.

XX әсирде мәденияттың жарылыстың актив фазасына ениўи.

Техногенлик цивилизация эстетикалық искерлик ҳәм эстетикалық сананың қәлиплесиўиниң әҳмийетлик факторы сыпатында. Илимий-техникалық раўажланыўды инсаныйластырыў ҳәм гөззалластырыўдың эстетикалық проблемалары.

Пост-мәденият ҳәм Ницше, Фрейд, экзистенциализм философиясы. XX-XXI әсир искусствосы. Реализмниң модификациясы. Модернизм ҳәм тийкарғы бағдарлары: кубизм, абстракционизм, экспрессионизм, сюрреализм, постмодернизм.Хабар эстетикасы ҳәм оның проблемалары.

5. Этика, эстетика пәнлерин оқытыў методикасы мәселелери.

Этика, эстетика пәнлерин оқытыў методикасының өзгешеликлери. Бул бойынша конкрет реалийлер: сааттың саны, оқыў исиниң жеке формаларының субординациясы, қәнигеликтиң түри, студентлер аудиториясының өзгешеликлери.

Моральлық ҳәм эстетикалық баҳалықлардың тарийхый рефлексиясын аңлаў мәселеси.“Ойын қәделери”.Этика, эстетиканы оқытыўдың методикалық модели. Тийкарғы үш блоктың – этика, эстетика оқытыўдың мазмунлық ҳәм методикалық өз-ара байланысының әҳмийетли стратегиялық установкалары; оларды әмелге асырыўдың “технологиясы”;

дәслепки информацияны конкретлестириўши қосымша, жәрдемши материаллар.Лекция, семинар сабақларды алып барыў методикасы. Дәстүрийлик ҳәм заманагөйлик. Рейтинглер мәселеси. Қосымша материаллар.

**Усынылатуғын әмелий сабақлар**

1. Кирисиў. Этиканың предмети ҳәм жәмийет турмысындағы әҳмийети. Этика пәниниң предмети, мәниси, оның тийкарғы белгилери ҳәм дүзилиси әдеп-икрамлықтың пайда болыўы.

Этика пәниниң пәнлерара байланыслылығы: философия, эстетика, динтаныў, ҳуқықтаныў, миллий идея, психология, педагогика, сиясаттаныў, экология. Моральдың пайда болыўы ҳаққында диний, эмпириялық ҳәм генетикалық концепциялар. Өзбекистан ғәрезсизлигиниң этика пәниниң раўажланыўына конструктив тәсири. XXI әсирде глобаллық этосфераны (әдеп-икрамлық ортада) жаратыў зәрүрлиги. Инсан, оның инсаният алдындағы ўазыйпасы ҳәм жуўапкершилиги.

2. Эстетика илим сыпатында.

“Эстетика” термини немец алымы А.Баумгартен (1714-1762) тәрепинен енгизилиўи ҳәм оның “естезис” деген грек сөзинен алыныўы. “Сезиўлик қабыллаў”. Гносеология.

Эстетиканың предметин анықлаўдағы еки көз-қарас: эстетика гөззаллық туўралы илим ҳәм эстетика искусство туўралы илим. Еки көз-қарастың ҳәм мәлим дәрежеде шекленгенлиги. Эстетика – адамның ҳақыйқатлықты эстетикалық өзлестириўшең мәнис ҳәм нызамлықлары ҳаққында илим.

Эстетика – философиялық дисциплина, ол ушын философия-териялық ҳәм методологиялық негиз болып табылады. Ҳақыйқатлықты эстетикалық ҳәм көркем өзлестириўде диалектика методтың – объективликтиң орны ҳәм роли жүдә басым.

Эстетиканың социология менен, оның үш улыўма социологиялық, жеке социологиялық, конкрет-социологиялық изертлеўлер дәрежелери менен байланысы.

Эстетиканың психология, педагогика менен байланысы. Эстетикаға кибернетика, семиотика, математика илимлери методлары ҳәм қуралларының енисиўи. Эстетика ҳәм жеке искусствотаныўлық илимлер: әдебияттаныў, музыкатаныў, театр таныў.Эстетикалық теорияның жәмийетлик турмыстағы роли. Қолланылатуғын тәлим технологиялары: тематикалық лекция, лекция визуализация, кластер усылы.

3. Адамзат ой-пикири тарийхында әдеп-икрамлық ҳәм эстетикалық жөнелислер ҳәс тәлийматлар.

Әййемги Шығыс еллеринде (Индия, Қытай) еллеринде этикалық ой-пикирдиң пайда болыўы. Әййемги Грецияда этикалық ой-пикирдиң раўажланыў өзгешеликлери Сократ, Платон, Аристотель этикасы. Киниклер, киренаиклер, стоицизм этикасы Орайлық Азияда этикалық ойдың жүзеге келиў өзгешеликлери Зороастризм диний-философиялық тәлийматының этикалық концепциясы. Шығыс Ренессансы дәўиринде этикалық ойдың раўажланыўы (Фараби, Беруни, Ибн Сина, Наўайы).

Орта әсирлер, ояныў, Жаңа дәўирде этикалық ойдың раўажланыўы немец классикалық философиясы ўәкиллериниң этикалық көз-қараслары.

XIX әсирдеги Қарақалпақстанда этикалық ойдың раўажланыўы (Күнхожа, Әжинияз, Бердақтың этикалық көз-қараслары).

XX-XXI әсир әдеп-икрамлық тәлийматлары эстетикалық ой-пикирдиң раўажланыўының тийкарғы басқышларының адамзат жәмийетиниң материаллық ҳәм руўхый мәдениятының раўажланыўы менен байланыслылығы.

Әййемги дүнья эстетикасы. Эстетикалық ой-пикир қулийелеўшилик жәмийетте келип шыққан менен эстетикалық искерлик пенен эстетикалық сананың пайда болыўы оғада әййемги дәўирлерге сәйкес келеди. Бунның археологиялық қазылмалардық тастыйқлаўы. Шумер цивилизациясы, Вавилон мәденияты. Орайлық Азия ҳәм адамзат мәдениятының әййемги орайларының бири қарақалпақ халқы да әййемги халықлардың бири. Қубла Арал жағалаўларынан табылған мийнет қураллары, мәдений ҳәм турмыс итияжлары ушын ылайдан исленген ыдыслар буған гүўа (Жанбас-4

бәндиргиси, Қойқырылған қала, Топырақ қала естеликлери).

Әййемги грек эстетикасының сағасында пифагоршылардың турыўы олар тәрепинен әлемниң бирлигинде санлық принциптиң қолланылыўы. Сократ, Платон, Аристотель эстетикасы. Сократ эстетикасында космостан адамның ишки дүньясына бурылыс. Аристотель тәлийматында мимесис ҳәм катарсис.

Орта әсир эстетикасында искусствоның дин ҳәм ширкеўдиң күшли тәсиринде болыўы менен минезлениўи.

Ояныў дәўири, классицизм эстетикасы ҳәм олардың өзгешеликлери немец классикалық философиясы.

XIX ҳәм XX әсир басларында Орайлық Азия ҳәм Қазақстан халықлары эстетикалық ойының өзгешеликлери.

4. Ҳәзирги заманның тийкарғы этикалық, эстетикалық проблемалары.

XXI әсирде жеке адам үстинлиги мәселеси. XXI әсирде индивидтиң баҳалығы түсиниги. Жеке адам жәмәәт. Затлар сфера қатнастың өзгериўи. Этикалық ҳәм эстетикалық Поп-арта.

Адамзат тутас жәмәәт ҳәм оның мәпи.

Илим ҳәм техниканың раўажланыўы. Илим ҳәм техника жаратқан ядролық қурал, химиялық, биологиялық ҳәм басқа да химиялық қырыў қураллары. Илим, техника ҳәм адам психологиясы, ишки дүньясы.

Ғалаба хабар қураллары ҳәм санының манипуляциясы мәселеси.

Биотика ҳәм мораль, трансплантация, клонластырыў мәселелери ҳәм олардың физикалық ҳәм моральлық ақыбетлери. Органларды салыў ҳәм мораль. “Суррогат” аналар ҳәм эдеп-икрамлық.

Эвтаназия мәселеси.

XX әсирде мәденияттың жарылыстың актив фазасына ениўи.

Техногенлик цивилизация эстетикалық искерлик ҳәм эстетикалық сананың қәлиплесиўиниң әҳмийетлик факторы сыпатында. Илимий-техникалық раўажланыўды инсаныйластырыў ҳәм гөззалластырыўдың эстетикалық проблемалары.

Пост-мәдeният ҳәм Ницше, Фрейд, экзистенциализм философиясы.

XX-XXI әсир искусствосы. Реализмниң модификациясы. Модернизм ҳәм тийкарғы бағдарлары: кубизм, абстракционизм, экспрессионизм, сюрреализм, постмодернизм.

Хабар эстетикасы ҳәм оның проблемалары.

5. Этика, эстетика пәнлерин оқытыў методикасы мәселелери.

Этика, эстетика пәнлерин оқытыў методикасының өзгешеликлери. Бул бойынша конкрет реалийлер: сааттың саны, оқыў исиниң жеке формаларының субординациясы, қәнигеликтиң түри, студентлер аудиториясының өзгешеликлери.

Моральлық ҳәм эстетикалық баҳалықлардың тарийхый рефлексиясын аңлаў мәселеси.

“Ойын қәделери”.

Этика, эстетиканы оқытыўдың методикалық модели. Тийкарғы үш блоктың – этика, эстетика оқытыўдың мазмунлық ҳәм методикалық өз-ара байланысының әҳмийетли стратегиялық установкалары; оларды әмелге асырыўдың “технологиясы”; дәслепки информацияны конкретлестириўши қосымша, жәрдемши материаллар.

Лекция, семинар сабақларды алып барыў методикасы. Дәстүрийлик ҳәм заманагөйлик.

Рейтинглер мәселеси. Қосымша материаллар.

## Этикалық ҳәм эстетикалық. Этикалық-эстетикалық идеаллар мәселеси.

Қәлеген жәмийетлик қубылыс, жүрис-турыс ямаса адам искерлигиниң ҳәм эстетикалық, ҳәм этикалық әҳмийетке ийелиги, гөззаллық я бәтбешерлик, жақсылық ҳәм жаманлық сыпатында баҳаланыўы әзелден жәмийетлик ҳәм индивидуаллық санада әдеп-икрамлық ҳәм гөззаллықтың ажыралмас бирлиги.

Моральлықтың гөззаллығы, гөззаллықтың моральлығы. Бул бирликтиң этика, эстетика категорияларында сәўлелениўи. Инсаният тарийхында эстетикалықтың этикалыққа қарама-қарсы қойылыўының

себеплери.

Елимиз ғәрезсизлиги ҳәм этикалық, эстетикалықтың бир-бирине сәйкес келиўиниң тийкарғы мәселеси.

Этикалық-эстетикалық идеаллар мәселеси. Эстетикалық ҳәм этикалықтың бирлигине “массалық мәдeнийат” атлы күшлеў, зорлаўды, сексуаллық патология ҳ.т.б. мақуллайтуғын батыслық мәдeнийат үлгилериниң кери тәсири ҳәм оларға қарсы гүрес.

7. Жоқарғы тәлим системасында педагогтың ҳәм алымның этикалық-эстетикалық келбети.

Кәсибий этика мәселеси.

Жоқарғы тәлим оқытыўшысының қатнасларының ҳәм минез-қулқының этикасы ҳәм эстетикасы, оның блоклары. Мийнетке қатнас. Студентлер, коллегалар алдындағы өзиниң илимий билимлер саласындағы жуўапкершилиги. Жоқары тәлим оқытыўшысында оқыў процесинде дөретиўшилик еркинлиги, илимий ҳәм оқыў искерлигиниң бирлиги. Фантазия ҳәм эстетикалық сезим.

Оқытыўшы ҳәм студенттиң өз-ара қатнасының мектеп муғаллими ҳәм оқыўшысы арасындағы қатнасқа қарағанда бираз демократиялық қатнаслардың орнатылыўы.

Педагоглардың өз-ара қатнасындағы этикалық ҳәм эстетикалық талаплардың бир мақсетке бағдарланғанлығы: студентлерге орнықлы билим бериў, олардың ҳәм келешекте имканияты барынша өзлериндей алым-педагог болып шығыўына күш салыў.

Илимий дөретиўшиликте этика ҳәм эстетикалық искерлик жоқары тәлим педагогының айрықша қәделерине жуўап бериўи, өзиниң мийнет, ойлаў образы, оқытыўшы ҳәм алым миннетлерин ушластырылыўы.

Педагогтың алым сыпатында минез-қулқын, искерлигин тәртиплестириўи моральлық ҳәм этстетикалық нормалар.

Алымның “моральлық кодексиниң” ҳәм оның жоқары тәлимдеги илимий коллективтиң қарым-қатнасын тәртипке салыўының этикалық-эстетикалық идеаллардың бирлигине сәйкеслиги.

8. Жоқарғы тәлимде этика ҳәм эстетика оқытыўдың актив методлары мәселелери.

Жоқары квалификациясы кадрлар таярлаўды түпкиликли жетисдириўдиң оның гөнерген формалары менен ________ менен алмастырыўды талап ететуғынлығы. Бул бойынша оқытыўдың актив формаларының орны ҳәм роли.

Тәлимде үш түрли – пассив, актив ҳәм интерактив методикаларды қолланылыўы.

Биринши талабаның оқытыў процесинде объект, екиншисинде субъект, үшиншисинде оқытыўшы менен студент арасындағы мудамы өз-ара қатнасы менен характерлениўи. Интерактив методика қолланылғанында физикалық, социаллық ҳәм билиўлик активликт бирлесиўи, уйғынласыўы, бирин-бири талап етиўи.

Интерактив оқытыў процесинде мәселеңкиден, актив конкрет ситуацияларда ис ойынларын пайдаланыўды үйрениўшилердиң өзлериниң келешектеги практикалық искерлигинде проблеманы шешип үйрениўи. Үйрениў ҳәм проблеманы шешиўдиң өмири бойы жаңа информациялар менен өз-ара тәсир арқалы установкаларды, баҳалықларды, шешимлерди қайта караўдың бир бөлеги екенлиги.

Оқытыўдың мақсети: билимниң конкрет саласындағы түсиниклер, процедуралар менен танысыў; тийкарларды үйрениў – тийкарғы түсиник ҳәм процедураларды айтып бериў, сыпатлаў уқыплылығына ийе болыў; предметлик искерликте тийкарғы түсиник ҳәм процедураларды ийелеў ҳәм табыслы қоллана билиў; мәлим салаға тийисли түсиник ҳәм процедураларды толық ийелеў – шеберлик-табыслы қоллана алыў ҳәм басқаларға ҳәм буны өзлестириўде ҳәм беккемлеўде жәрдем бериў.

Оқытыўдың актив технологиялары: лекция – гүрриңлесиў, проблемалық лекция, проблемалық тапсырмалар, лекция пресс-конференция, мыйға ҳүжим, топарда ислесиў, конкрет ситуацияны анализлеў (конс-стади), дөңгелек стол, коллектив ойлаў искерлиги, ис ойыны.

**Өз бетинше ислеўге берилген сабақлар түри ҳәм мазмуны**

| | Өз бетинше ислеўге сабақлар темалары | Берилген тапсырмалар | Орынланыў муддети | Көлеми (саат) |
|---|---|---|---|---|
| | Актив оқытыў методынан пайдаланылған оқыў сабағы | Ҳәр бир тыңлаўшы этика ҳәм эстетикадан бир лекция ҳәм семинар сабағын өтиў бойынша технологиялық карта | | 2 |
| | Жәми | | | 2 |

**Бағдарламаның информацион методикалық тәмийнлениўи**

Бул пәнди оқытыў процессинде тәлимнин заманагөй методлары, педагогикалык ҳәм хабар коммуникация технологияларынан пайдаланыў нәзерде тутылған.

Жоқарыда көрсетилген лекция, әмелий сабақларды өткенде компьютер, видеопроектор ҳәм экраннан, кадаскоптан, сызылмалардан пайдаланылады**.**

**Әдебиятлар:**

**I. Ўзбекистон Республикаси Президентининг асарлари**


1.И.А.Каримов. Озод ва обод Ватан эркин ва фаровон ҳаёт пировард мақсадимиз, 8-жилд. – Т.: Ўзбекистон, 2000.

2. И.А.Каримов. Ватан равнақи учун ҳар биримиз маъсулмиз, 9-жилд. – Т.: Ўзбекистон, 2001.

3. И.А.Каримов. Юксак маънавият – енгилмас куч. Т.: “Маънавият”. – Т.: 2008.-176 б.

4. И.А.Каримов. Ўзбекистон мустақилликка эришиш остонасида. Т.: “Ўзбекистон”. –Т.: 2011.-440 б.

## II. Норматив-ҳуқуқий ҳужжатлар

1. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. – Т.: Ўзбекистон, 2014.

2. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2011 йил 20 майдаги “Олий таълим муассасаларининг моддий-техника базасини мустаҳкамлаш ва юқори малакали мутахассислар тайёрлаш сифатини тубдан яхшилиш чора-тадбирлари тўғрисидаги” ПҚ-1533-сон Қарори.

3. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2015 йил 12 июндаги “Олий таълим муасасаларининг раҳбар ва педагог кадрларини қайта тайёрлаш ва малакасини ошириш тизимини янада такомиллаштириш чора-тадбирлари тўғрисида” ги ПФ-4732-сон Фармони.

4. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 2006 йил 16 февралдаги “Педагог кадрларни қайта тайёрлаш ва уларни малакасини ошириш тизимини янада такомиллаштириш тўғрисида”ги 25-сонли Қарори.

5. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 2012 йил 26 сентябрдаги “Олий таълим муассасалари педагог кадрларини қайта тайёрлаш ва уларнинг малакасини ошириш тизимини янада такомиллаштириш чора-тадбирлари тўғрисида”ги 278-сонли Қарори.

## Ш. Махсус адабиётлар

1. Азизходжаева Н.Н. Педагогик технологиялар ва педагогик маҳорат. – Т.: Молия, 2003. – 192 б.

2. Арипов М. Интернет ва электрон почта асослари.- Т.; 2000. – 218 б.

3. Баркалов С.А. Системный анализ и принятие решений.– Воронеж: НПЦВГУ,2010. 662с.

4. DUET-Development of Uzbekistan English Teachers*- 2-том. CD ва DVD материаллари, Тошкент.: 2008.

5. Michael McCarthy “English Vocabulary in use”. Cambridge University Press, 1999, Presented by British Council.

6. Исмаилов А.А, Жалалов Ж.Ж, Саттаров Т.К, Ибрагимходжаев И.И.

Инглиз тили амалий курсидан ўқув-услубий мажмуа. Basic User/ Breakthrough Level A1/-Т.: 2011. – 182 б.

7. Ишмуҳамедов Р., Абдуқодиров А., Пардаев А. Таълимда инновацион технологиялар (таълим муассасалари педагог-ўқитувчилари учун амалий тавсиялар). – Т.: “Истеъдод” жамғармаси, 2008. – 180 б.

8. Ишмуҳамедов Р., Абдуқодиров А., Пардаев А. Тарбияда инновацион технологиялар (таълим муассасалари педагог-ўқитувчилари учун амалий тавсиялар). – Т.: “Истеъдод” жамғармаси, 2009. – 160 б.

9. Норенков И.П., Зимин А.М. Информационные технологии в образовании. Учебное пособие.М.: Изд. МГТУ им. Н.Баумана.2002.-336с.

10. Симонович СВ., Евсеев Г.А., Мураховский В.И. WINDOWS: лаборатория мастера: Практическое руководство по эффективным приемам работы с компьютером - М.: АСТ-ПРЕСС: Информком-Пресс, 2000. - 656 с.

11. Спицнадель В.Н. Основы системного анализа. Учебное пособие.– Санкт-Петербург: Издательский дом «Бизнес-пресса»,2000.–17с.

12. Зеер Э.Ф., Шахматова Н. Личностью ориентированные технологии профессиональногоразвития специалиста. – Екатеринбург, 1999. – 244 с.

13. Саттаров Э., Алимов Х. Бошқарув мулоқоти. – Т.: “Академия”, 2003. – 70 б.

14. Маҳмудов И.И. Бошқарув психологияси. – Т.: 2006. – 230 б.

15. Маҳмудов И.И. Бошқарув профессионализми: психологик таҳлил. – Т.: “Академия”, 2011. – 154 б.

16. Шарипов М., Файзиходжаева Д. Мантиқ. – Т.: Ғ.Ғулом номидаги нашриёт-матбаа ижодий уйи. 2004. –214 б.

17. Пулатова Д., Файзиходжаева Д. Мантиқ. – Т.: “Premier Print”. 2013. – 324 б.

18. Файзиходжаева Д. Мантиқ.Изоҳли луғат. – Т.: “TAMADDUN”. 2015. – 272 б.

19. Абдулла Шер. Ахлоқшунослик / Дарслик.Тошкент: Ўзбекистон файласуфлари миллий жамияти, 2010.

20. Абдулла Шер. Эстетика / Дарслик. Тошкент: Шарқ, 2014.

21. Абдулла Шер, Баҳодир Ҳусанов. Эстетика /Услубий қўлланма. Тошкент: Ўзбекистон файласуфлари миллий жамияти, 2010.

22. Муҳаммаджонова Л. Давлат хизматчиси этикаси ва имиджи / Ўқув қўлланма. Тошкент: Университет, 2014.

23. Нурматова М., Муҳаммаджонова Л. Маънавиятнинг ахлоқий асослари /Ўқув қўлланма. Тошкент: Университет, 2013.

24. Пулатова Д.А., Жалолова Ў.К., Рўзматова Г.М. Ахлоқшунослик /Ўқув қўлланма. Тошкент: Premier print, 2011.

## IV. Электрон таълим ресурслари

1. www.Ziyonet.uz
2. www.edu.uz
3. Infocom.uz электрон журнали: www.infocom.uz
4. www.nuuz.uz
5. www.bimm.uz

# ЛЕКЦИЯЛАР ТЕКСТЛЕРИ

# 1-ТЕМА: КИРИСИЎ. ЭТИКАНЫҢ ПРЕДМЕТИ, МАҚСЕТИ ҲӘМ ЎАЗЫЙПАЛАРЫ

**Жобасы:**

1. Этика мораль философиясы, моральдың раўажланыў нызамларын изертлейтуғын илим сыпатында.
2. Этиканың илимлер системасындағы орны.
3. Этика пәнининң ўазыйпалары ҳәм әҳмийети.

***Таяныш сөзлер:*** *Этика, мораль, раўажланыў, нызамлар, илимлер системасы, жоқары тәлим системасы*

## 1. ЭТИКА МОРАЛЬ ФИЛОСОФИЯСЫ, МОРАЛЬДЫҢ РАЎАЖЛАНЫЎ НЫЗАМЛАРЫН ИЗЕРТЛЕЙТУҒЫН ИЛИМ СЫПАТЫНДА

Этика-философиялық илимлердиң бири болып ол бир неше мың жыллық тарийхқа ийе. Ол- әййемги дәўирлерден баслап-ақ араб Шығысы еллеринде "Илми равиш", "Илми аҳлоқ", "Ахлоқ илми", "Әдепнама" деген атамаларда әдеп-икрамлылық ҳаққындағы тәлийматты билдирген. Ал көп-шилик Батыс еллеринде болса, "Этика" деген атамада болып, оны ең дәслеп илимге киргизген әййемги грек философы Аристотель болып есапланады.

Аристотель илимлерди классификациялаўда оларды үш топарға бөледи: теориялық, әмелий ҳәм творчестволық. Биринши топарға ол философия, математика ҳәм физиканы, екинши топарға болса этика ҳәм сиясатты, үшинши топарға искусство ҳәм өнерментшиликке тән болған әмелий илимлерди киргизеди. (Қараңыз: Ахлоқшунослик. Т.,2000 3-бет)

Этика термини шығысы бойынша әййемги грек сөзи ethos сөзи болып, ол дәслеп адамның жасайтуғын орны, мәканын билдиретуғын болған, соңын ала бул термин үрп-әдет, йош, характер деген мәнислерге ийе

болған. Әййемги грек ойшылы Аристотель (б.э.ш. 384-322жж) ethos сөзиниң характер, йош мәнислерине тийкарланып ethicos (этикалық) терминин қолланып ол оның менен адамлардың айрықша адамгершиликли қәсийетлер класын характерлейди, ал соңын ала бул терминнен ethika (этика) сөзи пайда болып ол арқалы адамгершилик, әдеп икрамлылық ҳаққындағы илимге атама бериледи. Солай етип, этика илими б.э.ш. IV әсирде әдеп-икрамлылық ҳаққындағы тәлиймат сыпатында өз атамасына ийе болды.

Этиканың тийкарғы изертлеў обьекти мораль болып есапланады, яғный моральдиң келип шығыўы, мәнис-мазмунын, жәмийеттеги адамгершиликли қатнасықларды уйренеди. Мораль терминин (moralis) илимий айналысқа биринши мәртебе әййемги рим ойшылы Цицерон тәрепинен б.э.ш. IV әсирде киргизилип, ол дәстүр, минез-қулқ, минез деген тусиниклерди аңлатады. Морал термини араб тилинде "Аҳлоқ" яғный минез-қулқ деген түсиникке сәйкес келеди. "Аҳлоқ" сөзи еки турли мазмунға ийе болып, улыўма тусиник сыпатында пәнниң изертлеў обьектин аңлатса, конкрет түсиник сыпатында адамның минез-қулқы, характери, ис ҳәрекетин өз ишине қамтыйтуғын әдеп-икрамлылық ҳаққындағы түсиниклер системасынан ибарат. Әдеп икрамлылықты улыўма түсиник сыпатында алып, оны шеңбер формасында көрсететуғын болсақ онда бул шеңбердиң ең кишкене бөлегин әдеплилик, оннан улкенирек бөлимин минез-қулқ, ең үлкен бөлегин мораль ийелейди.

Ҳәр бир илим өзинше бир пән. Оны анықлаў - сол илимниң өзине тән өзгешелигин, хызмет көрсетиў шеги менен мақсетин анықлаў дегенди аңлатады.

Этика курсының тийкарғы мақсети бул адамның жәмийетке ҳәм басқа адамларға байланыслы миннетин белгилейтуғын нормалар системасын, адамның әдеп - икрамлылық, минез-қулық режелерин уйрениў, тусиндириўлерден ибарат. Этика пәни сондай-ақ ҳәр қыйлы жәмийетлик қатнасықлар системасында моральдиң орнын анықлайды, оның тәбиятын ҳәм ишки дүзилисин анализлейди, әдеп-икрамлылықтың тарихый

раўажланыўын, келип шығыўын уйренеди, оның анаў ямаса мынаў жәмийетлик системаға сәйкеслениўин теориялық жақтан тийкарлап береди.

Этика мораль ҳаққындағы бир путин, ҳәр тәреплеме илимий теория болып, ол өз предметин социаллық қатнасықлар менен байланыстырады, тек ғана моральдиң пайда болыўы ҳәм тарийхый раўажланыў нызамларын, оның функцияларын анықлаў менен шекленип қоймай, ол моральдиң социаллық мазмуны, адамлардың журис-турысын, минез қулқын тәртипке салыў нызамларын жәнеде ол арқалы социаллық мазмунын уйрениў менен шуғылланады.

Әдеп икрамлылық дегенимиз тек ғана қандай да бир белгили минез, урп-әдетлер, адамлар арасындағы социаллық қатнасық формасы емес, ал оннан да басқа минез-қулықтың анық айтылған пикирлери, оған ой жуўыртыў болып есапланатуғын терең философиялық мазмунға ийе түсиник есапланады. Дәслепки дәўирлерде этика философияның бир қурам бөлеги, ҳәттеки оның өзеги болып есапланып келген. Философлар дуньяға көз-қарас проблемаларына жуўап бериў барысында жәмийетте адам қалай жасаўы керек, оның жәмийетлик ўазыйпасы нелерден ибарат, минез-қулық нормалары қандай болыўы керек ҳәм басқа да усы сыяқлы сораўларға жуўап табыўға, яғный адам түсинигиниң ең зәрүр мәселелерин шешиўге умтылып келген.

## 2. ЭТИКАНЫҢ ИЛИМЛЕР СИСТЕМАСЫНДАҒЫ ОРНЫ.

Этиканың философиялық билимлер системасында келип шығыўына келсек, этика философияның әййемги бир тармақларынан есапланып ол антикалық дәўирде пайда болған. Бул дәўирде философия еки тараўдан:

1. практикалық (этика, педагогика)ҳ.т.б.

2. теориялық (тәбиятты уйрениў мәселелери) тараўларынан турады деп есапланған.

Оның бул дәўирде пайда болыўы материаллық өндиристен руўхый өндиристиң бөлекелениўи ҳәм моральдың жәмийетлик сана формасында

ажыралыў процесси менен тиккелей байланыслы. Философиялық ой-пикирлер тарийхына нәзер тасласақ, онда этиканың философияның салыстырмалы айрықша бир тараўына айланып қалмағанлығына исениўге болады. Этиканың еркин бир тараўға айланыўы конкрет пәнлердиң философия ишинен ажыралып шығыўына қарағанда басқаша өзгешеликке ийе. Конкрет пәнлер философиядан ажыралып шығып өзиниң еркин раўажланыў ҳуқықына ийе болды. Этиканың мораль ҳәм әдеп-икрамлылық ҳаққындағы тәлиймат сыпатында еркин тараўға айланыўы мененде оның философиялық мәниси жойтылып кетпеди. Этика әййемги илимлердиң бири болғанлығы ушын ғана емес, ал биринши нәўбетте философиялық проблемаларды бул илимнен (пәннен) ажыратыў мүмкин болмағанлығы себепли ол философия менен де, дүньяға көз-қарас пенен де методологиялық тийкардағы терең байланысқа ҳәм бирдей дереклерге ҳәм көз-караслық принциплергеде таянған ҳалда болып қала береди.

Этика пәни өзиниң алдына қойған тийкарғы мәселелерди шешиўде философияның баслы мәселеси ойлаўдың болмыс пенен өз-ара қатнасығы ҳаққындағы мәселеге берилген жуўапларға тийкарланады ҳәм социаллық турмыс, мораллық сананың өз-ара қатнасығы ҳаққындағы мәселелерде этика мудамы философиялық пән болып қалады. Этика философия менен бирге ол бир жағынан еркин пән болып есапланады, себеби оның бир қанша методлары тийкарынан алғанда философиядан алынбай, этиканық өзине тән предмети ҳәм оның басқа да пәнлердиң методларына сүйениўи менен белгиленеди.

Идеалистлик этика дүньядағы этикалық байлықлар абсолют руўхтың ямаса жеке субьективлиликтиң туўындысы, ал моральдың раўажланыўы болса абсолют идеялық раўажланыў басқышларының нәтийжеси деп қарайды.

Материализм болса дүньяның этикалық байлықларының обьективлигин тастыйықлайды ҳәм оны материаллық (тәбийий ҳәм жәмийетлик) дереклер менен байланыстырады.

Этиканық илим сыпатында қәлиплесиўи әлбетте әййемги грек

философы Аристотельдиң философиялық тәлийматы менен байлынысы. Ол өзине шекемги дәўирлердеги этикалық, әдеп-икрамлық пикирлерди жәмлестирип оларды системаластырған. Аристотель өз шығармаларында қандай да бир мәңги нормалар ҳаққындағы пикирлерди бийкарлар, мораллық түсиниклерди анализлеп, олардағы улыўмалық мазмунды табыўға ҳәрекет етеди, этика түсиниклериниң илимий класификациясын ислеп шығады, олардың мәнилик шегараларын анықлайды. Этиканың тийкарғы теориялық ҳәм практикалық проблемаларын избе-излик пенен дәлиллеп береди.

Аристотель этиканы моральды үйренетуғын практикалық пән, жәмийет ҳаққындағы пәнлердиң бир түри деп қарайды. Ол моральдың жәмийет өмиринде үлкен әҳмийетке ийе екенлигин мойынлайды Этика басқа жәмийетлик пәнлер сыяқлы өзиниң бай түсиниклерине ийе болып улыўма этика теориясы, тарийхый этика, норматив-аксиологиялық этика, профессионаллық этика, моральлық тәрбияның этикалық тәрбиясы сияқлы бөлимлерге бөлинеди.

Улыўма этика теориясы методологиялық проблемаларды шешиў менен шуғылланады. Моральдың тәбияты, мазмуны, спецификасы, оның состав элементлери ҳәм бул элементлердиң өз-ара байланысы көрсетиледи, моральлық раўажланыў өзгешеликлери, мораль раўажланыўындағы жәмийетлик-класслық өзгешеликлерин оның ҳәзирги жағдайы ҳәм раўажланыў тенденцияларын үйренеди.

Тарийхый этика моральдың тарийхый формаларын, оның тарийхый раўажланыў нызамларын ҳәм класслық жәмийеттеги моральдың класслық характерлениўин, моральлық теориялардың тарийхый раўажланыўын ҳәм олардың тарийхтағы тутқан орнын анализ етеди.

Норматив-аксиологиялық этика конкрет мораль нормаларын, моральлық сананың тийкарғы принциплери сыпатында қарап, олардың әҳмийетлилигин көрсетип моральлық баҳалылықларды үйрениў ҳәм тийкарлаў менен қызығады.

Прогрессив адамзаттың әдеп-икрамлылық мийнетлериниң ишиндеги

профессионаллық этиканың талаплары үлкен баҳалылыққа ийе. Профессионаллық этика ең алды менен адамның өзиниң кәсиплик ўазыйпасына қатнасын белгилейтуғын моральлық нормалардың жыйындысы . Әдетте жәмийеттиң раўажланыў барысында ҳәр қыйлы кәсиптиң адамлары бир-бирине тең болмаған практикалық конкрет-социаллық жағдайларда айырымларында мийнеттиң обьекти жоқ, айырымларында бар, бирақ ҳәр қыйлы дәрежедеги қатнаста мийнет етеди.. (Мәселен, шыпакерлер-наўқаслар, оқытыўшылар менен оқыўшылар, көркем өнер хызметкерлери ҳәм тыңлаўшылар). Усының менен бир қатарда белгили бир кәсиптиң өзинде де мийнетке байланыслы кәсиплеслер арасындағы қатнас, бирдей мазмунға ийе болыўыда мүмкин. Бул жағдайда искерликтиң профессионаллық сферасы индивидлердиң әдеп-икрамлылық психологиясының белгили бир дәрежеде модификацияланыўына (ҳәр қыйлы өзгериўшеңлигине) алып келеди.

Моральлық тәрбияның этикалық теориясы бөлими тәрбия жумысларында моральлық принцип, нормалардан жетерли пайдаланыў қағыйдаларын белгилеп, дүньяға көз-қарас тәлийматы менен шуғылланады.

Этика басқа жәмийетлик илимлер менен де өз-ара байланыста раўажланып бармақта. Әсиресе этика әййемги дәўирлерден баслап-ақ эстетика илими менен өз-ара байланысқа ийе. Ең дәслеп адамның ҳәр бир ис ҳәрекети, мақсет нийетиниң өзи әдеп-икрамлылыққа (этикаға) ҳәм гөззаллыққа (эстетикаға) бағдарланған болады, яғный конкрет алынған қандай да бир унамлы искерлик, ҳәрекет өзинде ҳәм ишки гөззаллық, ҳәм сыртқы гөззаллық белгилерин өзи ишине қамтыйды. Усы көз-қарастан қарағанда Сократ, Платон, Фарабий сияқлы ойшыл-алымлар көпшилик жағдайда әдеп-икрамлылықты (этиканы) ишки гөззаллық ал эстетиканы сыртқы гөззаллық сыпатында анализ еткен. Бизге мәлим болғанындай искусство эстетиканың тийкарғы изертлеў обьекти есапланады. Ондай болса ҳәр бир искусство шығармасында әдеп-икрамлылықтың, моральдың актуаль проблемалары көтериледи. Онда оны дөретиўши көркем өнер

хызметкери өзи жасап турған дәуирдеги ерисилген әдеп икрамлылық, моральлық бахалықларды көркем образлар арқалы бериўге ҳәрекет етеди. Демек, буннан сондай жуўмақ шығарыў мүмкин, эстетиканың уйренетуғын қубылыслары мәлим дәржеде этикалық, моральлық көз-қарастан да изертленеди.

Этиканың дин менен байланысы да жоқарыда айтылғанларға сәйкес келеди, бул жағдайда ҳәр еки илимниң мақсети бир проблема-яғный әдеп-икрамлылық проблемаларын анализ етиўге бағдарланған. Себеби жер жүзлик динлер пайда боламан дегенге шекемги мәлим бир дәрежедеги қәлиплескен үрп-әдет, дәстүрлер, баҳалылықлар қандай да бир конкрет диний қағыйдаларға, динниң муқаддес китапларына өз тәсирин тийгизген. Ҳәзирги ўақытта динлер де әдеп икрамлылыққа, моральға сондай етип өзиниң тәсирин жасап атыр. Мәселен: Ислам динине келетуғын болсақ, Қуран, Ҳадис, Шәрият х.т.б. көрсетпе ҳәм талаплар соңғылығында Мусылман Шығысы еллериндеги жасаўшы халықлардың әдеп-икрамлылық пәзийлетлери яғный моральлық дәрежесиниң раўажланыўына тәсир жасаған. Усының менен бирге кәмил инсан проблемасы этика ҳәм дин таныў илими ушын да бир улыўмалық мазмунға ийе проблема. Бундағы парқ соннан ибарат, этика бул проблемаға бүгинги күн тәрбиясы көз-қарасынан қатнас жасайды (жантасады).

Этиканың ҳуқықтаныў илими менен байланысы да узақ тарийхқа ийе. Мәлим болғанындай мораль нормалары өзиниң мәнис-мазмуны жағынан бир-бирине уқсас болып келеди. Соның ушын ҳәм моральды жәмийетлик тийкардағы ҳуқық, ал ҳуқықты болса нызамластырылған мораль қағыйдалары деп айтыўымыз мүмкин. Этиканың ҳәм ҳуқықтаныў илимлериниң изертлеў усыллары бир-бирине усас болғаны менен, олар мәселеге жантасыў усылы көз-қарасынан бир-биринен парқ қылады, яғный ҳуқық нормаларының орынланыўы әдетте арнаўлы юридикалық шөлкемлер, лаўазымлы шахслар арқалы, мәжбүрий санкциялар х.т.б. менен жүзеге асырылады. Мораль нормалары болса улыўма қабыл етилген миллий үрп-әдетлер, жәмийетлик пикир жәрдеминде, арнаўлы белгиленген

шахс тәрепинен емес, ал белгили бир социаллық топар, жәмийет тәрепинен әмелге асырылады.

Этика педагогика илими менен де ажыралмас байланысқа ийе. Педагогикадағы шахсты қәлиплестириў, тәрбиялаў, тәлим бериў процесслерин пәндиў-нәсиҳатларсыз, әдеп-икрамлылық сабақларысыз көз алдымызға келтириўимиз қыйын. Усы көз-қарастан этика өзиниң теориялық әсиресе әмелий аспектлери менен педогогиканың тийкары есапланады. Улыўма алғанда билимлендириў тараўындағы ҳәр қандай тәлим-тәрбия үлгиси әдеп-икрамлылық тәрбиясы сыпатында көринис табады.

Этиканың психология илими менен байланысы да узақ тарийққа ийе. Бул еки илим де адамлардың ис-ҳәрекети, минез-қулқы, кеўил кеширмелери, арзыў-нийетлерин үйренеди. Бирақ бул үйрениў еки түрли көз-қарас тийкарында алып барылады: психология қандайда бир инсан ис ҳәрекети, минез-қулқы мотивлериниң руўхый тәбияты ҳәм қәлиплестириў шәриятларын изертлесе, ал этика болса сол психология анализ еткен көринислердиң, ҳәдийселердиң моральлық әҳмийетин ҳәр таманлама ашып береди.

Этика илими социология пәни менен де өз-ара байланысқа ийе. Бул еки пән де адам искерлигин басқарыўдың социаллық мириўбетлери болған моральды үйренеди. Бирақ бул мәселеде этиканың искерлик шегарасы кеңирек. Мәлим болғанындай социология жәмийеттеги адамлардың массалық ис ҳәрекети ҳәм олардың нызамлықларын тек ғана сол социаллық дүзим шегарасында изертлейди. Мораль болса өзиниң мазмунына қарап, егер керек болатуғын болса белгили бир конкрет социаллық дүзим ямаса дәўир шегарасынан шығып , инсан әдеп-икрамлылығының жоқары нәтийжеси сыпатында келеси дәўир ушын ҳәм тарийхый және де моральлық әҳмийетке ийе болған шахсқа ҳәм жәмийетке тән болған ис ҳәрекетлерди ҳәм олардың себепли тийкарларын үйренеди.

Соңғы ўақытларда этиканың экология илими менен қатнасы айқын сезилмекте. Биз этиканың тарийхый раўажланыўына нәзер тасласақ

көпшилик жағдайда этика адамның өзи, оның ис ҳәрекетлери, жәмийет алдындағы миннети менен шуғылланғанын, ал инсанның тәбиятқа болған қатнасының дыққаттан шетлеп қалғанлығын көремиз.

### 3. ЭТИКА ПӘНИНИҢ ЎАЗЫЙПАЛАРЫ ҲӘМ ӘҲМИЙЕТИ.

Соңғы дәўир яғный XX әсирге келип тәбиятқа болған тар мәнпәтдарлық шеңбериндеги қатнаслар ақыбетинде пайда болған экологиялық жағдайлар нәтийжесинде келип шыққан глобал экологиялық проблемалар көпшилик жағдайда адамлардың социаллық-моральлық көз-қарасларына, әдеп-икрамлылық негизлерине, инсаныйлық қатнас ҳәм улыўма адамзатлық баҳалылықларына байланыслы екенлиги мәлим болды. Экологиялық проблема тийкарынан социаллық пролема болып, тиккелей техникалық қураллар менен пайда болған болса да, өзиниң толық шешимин фундаменталь социаллық трансформация нәтийжесинеде экономикалық, өндирислик, социаллық, мәдений ҳәм аксиологиялық раўажланыў (илгерилеў) арқалы табады. Бүгинги күнде экологиялық проблема пүткил планеталық, глобаллық характерге ийе болып отыр. (Мәселен: Байкал, Арал, Каспий теңизи машқалалары ҳ.т.б.). Әсиресе Арал машқаласының экологиялық апатшылық екенлиги ҳеш кимге сыр емес. Ҳәзирги ўақытта жер жүзи жәмийетшилиги тәрепинен бул экологиялық кризистен шығыўдың жоллары қарастырылмақта. Әлбетте бул глобаль характердеги мәселени шешиў жолларының бири бул адамның тәбиятқа саналы қатнасын, ақылға муўапық ис ҳәрекетин басқарыў, яғный экологиялық сананы қәлиплестириўден ибарат.

Әдеп-икрамлылық ҳәм мораль жәмийетлик раўажланыўда барлық ўақытта да үлкен әҳмийетке де ийе болып келген. Тек ғана зулымлық ҳәм зорлыққа, әдалатсызлық ҳәм ҳуқықсызлыққа тийкарланған дүзимлерде ғана жалғанға бойсындырылып, қәлипекилестирилген ҳәм усы жол менен оның әҳмийети пәсейтирилген.Республикамыз ғәрезсизликке ерискеннен кейин бизиң дүнья қарасымыз ҳәм руўхый дүньямызда да жаңаланыўлар жүзеге аса баслады. Усы жаңаланыў процессинде этика пәниниң де өз

орны бар. Оның алдында жаңа демократиялық жәмийет ҳәм ҳуқықый мәмлекет қурып атырған мәмлекетимиз пуқараларының, әсиресе жаслардың моральлық санасын раўажландырыў, оларды ҳәзирги заманға ылайық физикалық ҳәм руўхый жақтан жетилискен, кәмил инсан етип тәрбиялаўға қаратылған үлкен ўазыйпа турыпты. Әлбетте бул ўазыйпаларды моральға тән болған дәстүрий усыллар ҳәм заманагөй қатнаслар тийкарында әмелге асырыў мүмкин. Усының менен бир қатарда бүгинги күнниң жәҳәнге тән болған глобаль машқалаларын шишиўге қаратылған да ўазыпалар ҳәм жоқ емес. Солардың бири планетада {Этосфера} деп аталынатуғын әдеп-икрамлылық орталығын жаратыў менен байланыслы машқала.

Мәлим болғанындай, әсирлер адамында инсан үлкен биологиялық әлемниң ишинде оның киши бир бөлеги болып, ақыл ҳәм ойлаў еркине ийе ҳүкимдар сыпатында жасап келди. XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басынан баслап адам өзиниң ақыл-ой потенциалы арқалы, илимий-техникалық революция нәтийжесинде өзи жасап атырған биосфера ишинде ноосфераны {техникалық әлемди} жаратты. Бизиң әсиримиздиң 20-жыллары француз алымы Э.Леруа ноосфера (грекшеден аўдарғанда ақыл-ой сферасы) түсинигин усынады. Соңынан бул түсиник алымлар Тейяр де Шарден ҳәм В.И.Вернадский тәрепинен раўажландырылды. Бунның мәниси соннан ибарат, илимий ой менен қуралланған адамзат жетекши күшке айналып, бизиң планетамыздың эволюциясын белгилейди.

Планета тарийхында адам бириншиден болып үлкен геологиялық күш сыпатында майданға шықты. Адамзатлық ойлаў биосферадағы өзгерислердиң тийкарғы себебине айналып отыр. Ноосфера ҳаққындағы тәлийматтың тийкарын салыўшылардың бири В.И.Вернадскийдиң сөзи менен айтқанда, "... ҳәзир биз биосферадағы жаңа геологиялық өзгерислерди бастан кешириў арқалы биз ноосфераға кирип баратырмыз".

Бирақ, тилекке қарсы ноосфера бүгинги күнде тек ғана унамлы қубылыс сыпатында емес, ал унамсыз қубылыс сыпатында да өз көринисине ийе болмақта. (Мәселен: “алаба қырғын етиўши қураллар

болған атом, водород, нейтрон бомбалары, баллистикалық ракеталар, биологиялық қураллар). Буннан тысқары ноосфераның пайда болыўы қоршаған атмосфераның, дүньялық океаннның, улыўма орталықтың патасланыўына, өсимлик ҳәм ҳайўанат дүньясының, ҳәттеки адамзаттың химиялық жақтан зәҳәрлениўине алып келмекте.

Соңғы ўақытлар жоқ етиўге орын табылмай океанда, кемелерде жүзип жүрген радиоактив қалдықлар (шығындылар), олардың адам жасамайтуғын атаўларға көмип тасланыўы, атмофераның озон қабатының тесилиўи нәтийжесинде космостан келип атырған тиришилик ушын зиянлы болған ҳәр қыйлы нурлар, кислота жаўынлары адамзаттың жасаўы, улыўма тиришилик ушын үлкен қәўип туўғызып отыр. Бундай унамсыз қубылыслардың пайда болыўында белгили дәрежеде адамның да қатнасы бар, яғный инсан көре-биле тура "өзи отырған шақаға балта урмақта".

Бул машқалалардың шешилиўи тек ғана қоршаған орталықты химиялық зәҳәрлениўден, экологиялық жақтан тазалаў менен ғана емес, ал, ең дәслеп XXI әсир адамының санасын технократия зәҳәринен "зәҳәрсизлендириў" менен байланыслы. Яғный, булар адамзат алдында экологиялық қубылыс сыпатында ғана емес, ал соған тең мазмундағы әдеп-икрамлылық, моральлық машқала сыпатында көлденең мәселе болып турыпты. Белгили австриялық этолог алым, Нобель сыйлығының лауреаты Конрад Лоренцтиң "Жалпыламай ҳәм ҳәр тәреплеме тез жайылып баратырған жанлы тәбиятқа "жатсыраў"дың тийкарғы себеби цивилизациямыз адамындағы эстетикалық ҳәм этикалық жақтан сананың төменлиги" деген сөзлери биз сөз етип отырған мәселе көз қарасынан қарағанда ҳақыйқатлыққа туўры келеди.

Улыўмаластырып айтқанда, айтылғанлардан шығатуғын жуўмақ сонан ибарат, келешекте адамзат өзин ҳәм өзи жасап атырған орталықты жоқарыдағы айтылған қәўиплерден қутқараман десе-онда XXI әсирден баслап этосфера дәўирине өтиўи керек; әдеп-икрамлылық мораль бизиң ҳәр биримиз ушын техникалық орталық сияқлы зәрүрликке айланғанда ғана оған ерисиў мүмкин. Әлбетте бул исте этика илиминиң де орны өз

алдына.

**Пайдаланылған әебиятлар:**

1. Каримов И.А. Өзбекстанның өзиниң жаңаланыў ҳәм раўажланыў жолы. Н., 1993.

2. Каримов И.А. Өзбекстан XXI әсир босағасында: қәўипсизликке қәўиплер, турақлылық шәртлери, раўажланыў кепилликлери. Н., 1998

3. Гусейнов А.А., Апресян Р.Г. Этика. М., 1999

4. Анисимов С.Ф. Мораль и поведения. М., 1986

**Сораулар**

1. Жоқары тәлим системасында жоқары қәнигели кадрлар таярлаўдың этикалық-эстетикалық тийкарлары туўралы пикириңиз?

2. Этика «Морал» «Әдепкрамлылық» түсиниклериниң парқын айтып беремизи

3. Этика ҳәм эстетиканың ара-қатнасы туўралы пикирлериңиз

# 2-ТЕМА: ЭСТЕТИКА ИЛИМ СЫПАТЫНДА

**Жоба:**

l. Эстетиканың предмети

2. Эстетика ҳәзирги илимий билимлер системасында

3. Эстетикалық теорияның жәмийетлик өмирдеги роли.

***Таяныш сөзлер:*** *Эстетика, билиў, эстетикалық-этикалық, А. Баумгартен, эстетикалық өзлестириў*

## ә. ЭСТЕТИКАНЫҢ ПРЕДМЕТИ

Белгили, қәлеген илимниң тийкарын түсиндириў оны предметлик анықлаўдан басланады. Анаў я мынаў илимниң предметин анықлаў бул ҳақыйқатлықтың сол илим танып билиўге бағдарланған тәрепин ашыў. Бул деген сөз, биринши гезекте ол илим шуғылланатуғын нызам ҳәм нызамлықларды үйрениў.

Эстетикаға байланыслы булардың зәрүрлиги жүдә күшейеди. Неге дегенде, эстетика қәнийгелериниң ишинде эстетиканың предметине байланыслы турақласқан пикир жоқ. Эстетика терминин биринши рет илимий айланысқа түсирген алым немец философы А.Баумгартен (l7l4-l762) Эстетика атамасындағы китабының тийкарына гректиң естезис (aisthesis) сөзин жатқызады. Бул сөз сезиў, сезгирлик, қабыллаў дегенди аңлатады. Леибпицтиң изи менен Баумгартен руўхый турмыстың пүткил областын үш сфераға бөлди: ақыл-ой, ерк, сезим.

Ақыл-ой, ойлаў сферасын қашшаннан логика изертлейди, ал ерк сферасын этика изертлейди. Этика этос сөзинен алынған (этика грекше, латыншасында ethos–үрп-әдет, характер).

Демек, деп пикир етти А.Бумгартен, сезиўлик билиўди үйрениў ушын айрықша илим – эстетика керек. Солай етип, Баумгартенде эстетика гносеологияның бир бөлеги сыпатында түсиндирилди. Эстетиканың мақсетин ол жетилиўди (гөззаллық) сезиўлик билиўдиң жәрдеминде танып билиў деп түсиндирди.

Деген менен, эстетиканың тийкарын салған А.Баумгартен деп есаплаў оның еки ярым мың жылдан ҳәм көбирек ўақыттан туратуғын тарийхын есапқа алмаў менен барабар. Бирақ, Баумгартенниң хызметин сезиў, ол эстетиканың философиялық пландағы өзинше илим сыпатында қәлиплесиўине үлес қосты.

Эстетиканың предметин анықлаўда еки линия бар:

l) Эстетика–гөззаллық туўралы илим ямаса гөззаллық философиясы.

Гөззаллықтың эстетикалық баҳалықлардың илимдеги изертлеўдиң биринши объекти екенлиги анық. Деген менен, гөззаллық пүткил эстетикалық баҳалықларды толық қамтый алмайды. Ақыры, эстетикалық баҳалықларға гармониялық, бәлентлик, трагиклик, комиклик ҳ.т.б. киреди. Бул бир. Екиншиден, эстетиканы гөззаллық теориясы деп ғана қараў оның искусствоның улыўма теориясы екенлигине нуқсан келтиреди, ақыры искусствоны тек гөззаллықтың көриниси менен шеклеў болады.

2) Эстетиканың предмети – искусство, оның улыўма нызамлары деген көзқарастың артықмашлығы сонда, ол эстетикалық ойды биринши гезекте искусствоның ең улыўма нызамларын танып билиўге бағдарлайды. Деген менен, бул көзқарас ҳәм бираз шекленген. Материаллық ҳәм руўхый искерлигимизде эстетикалық фактор жүдә енискен ҳәзирги дәўиримизде дизаин сыяқлы өзинде искусствоны ҳәм искусство емеслерди, көркем ҳәм көркем емес (утилитарлық) искерликти ушластырыў ҳәм бар.

Усындай себеплерге байланыслы эстетиканың предметин ҳақыйқатлықты эстетикалық меңгериў деген тужырым дурыслыққа келсе керек. Солай етип, эстетиканы адамның ҳақыйқатлықты эстетикалық меңгериўиниң мәниси ҳәм нызамлықлары ҳаққында илим деп анықласа дурыс болады. Бириншиден, эстетика өзиниң изертлеў ўазыйпасын гөззаллық пенен шеклемейди, екиншиден ол искусствоның тәбиятын ҳәм мәнисин билиў менен шекленбейди. үшиншиден, эстетиканың философиялық пландағы илим екенлиги ашымайрықланады. Себеби, эстетика философияның изи менен адамзаттың ҳақыйқатқа қатнасының

белгили формасын изертлейди.

Тағы бир артықмашлығы сонда, бундай көзқарас эстетикалық ойды пүткил эстетикалық баҳалықлардың байлығын билиўге, эстетикалық фактордың адамзаттың қәлеген областында танып билиниўине бағдарлайды. Сондай-ақ, пүткил дыққатты биринши гезекте искусствоны танып билиўге бағдарлаўға жәмлейди. Оның үстине, искусствоның, көркем дөретиўшиликтиң тәбиятын ҳәм мәнисин танып билиў өз сферасының нызамларын танып билиўден басқа методологиялық функцияны ҳәм атқарады. Ол эстетикалықтың пүткил областын танып билиўге гилт болады.

## 2. ЭСТЕТИКА ҲӘЗИРГИ ИЛИМИЙ БИЛИМЛЕР СИСТЕМАСЫНДА

Бүгинлигинде эстетикалық теория жүдә кеңейип кеткен өз ишине көп ғана бағдарларды алады:

l) искусствоның улыўма теориясы

2)эстетикалық илимниң өзиниң методологиясы областындағы изертлеўлер

3) материаллық-өндирислик искерликтиң эстетикасы

4) инженер-конструкторлық искерлик пенен илимий дөретиўшиликтиң эстетикасы

5) тәбият эстетикасы

6) адам қарым-қатнасының эстетикасы

7) турмыс ҳәм минез-қулық эстетикасы

8) спорт эстетикасы.

Шамасы, бул бағдарлардың келешекте өзинше дисциплиналар болып қәлиплесиўине даў жоқ. Деген менен, эстетика ҳәм эстетикалық искерликтиң конкрет түрлерин изертлейтуғын дисциплиналарға байланыслы өзиниң методологиялық ролин күшейтеди.

2. Эстетика әзелден дүньяға көзқараслық илим болғанлықтан оның философиялық дисциплина екенлиги анық. Эстетика философияда өзине тийисли барлық тийкарғы проблемаларды шешиў бойынша тийкарғы методологиялық принциплерди табады. Айтайық, ҳақыйқатлықты

эстетикалық ҳәм көркем меңгериўде объективлик атлы диалектикалық методтың талапларын бийкарлаў қыйын. Барлық қубылысларды олардың раўажланыў процесинде, оларға конкрет-тарийхый подходта, билиў процесине практиканы ҳәм киргизиўде қараў бар. Бул талаплар, әсиресе ҳақыйқатлықты эстетикалық ҳәм көркем меңгериўди илимий билиўде жүдә зәрүрли.

Сондай-ақ, философиядағы жәмийетлик болмыс ҳәм жәмийетлик сана проблемасының илимий ҳәм эстетикалық сананың, ҳәм искусствоның, олардың жәмийетлик өмирдеги орны ҳәм социаллық функцияларын анықлаўда әҳмийети үлкен. Ақыры, эстетикалық сананың тәбиятын ҳәм спецификасын түсиниўде жәмийетлик сананың еркинлиги, жәмийетлик сананың өз-ара қурамалы байланысы, базис ҳәм надстройка туўралы илимий-философиялық тужырымлар үлкен рольге ийе.

Эстетикаға философия ғана емес, эстетика ҳәм философияға тәсир етеди. Айтайық, гносеологияның мәселелериниң келешектеги изертлениўи көркем билиўдиң процесслерин улыўмаластырмай, интериретацияламай мүмкин емес. Баҳалықлардың илимий теориясы эстетикалық қатнас ҳәм эстетикалық категориялар менен байланыслы.

Соны да айтыў керек, жәмийетлик сананың относителли еркинлиги мәселеси көп жағдайда искусствоны үйрениў тийкарында қәлиплескен.

Эстетика социология менен сыбайласады.

Социология социаллық билиўдиң кең сферасы сыпатында өз ишине тийкарынан үш дәрежени киргизеди: улыўма социологиялық дәреже, жеке социаллық, социологиялық теориялар, конкрет-социологиялық изертлеўлер. Биринши дәрежеге байланыслы айтылды. Орта дәрежедеги изертлеўлер менен, мәселен эстетиканың искусство социологиясы менен байланысын алайық.

### 3. Эстетикалық теорияның жәмийетлик өмирдеги роли.

Искусствоны изертлеўдиң ўазыйпаларының бири – искусствоның ҳәм жәмийеттиң көп түрли байланысларын, оның социаллық

белгиленгенлигин, функцияларын ашыў. Мине, усында искусство социологиясының социологиялық билим сыпатында ўазыйпасы көринис табады.

Айырмашылық сонда, эстетика тек искусствоның социологиялық аспектлерин үйренип қоймастан, ҳақыйқатлықты эстетикалық меңгериўдиң барлық формаларын изертлейди.

Сондай-ақ, искусствоны эстетикалық изертлеў искусствоның спецификасын изертлеўге, ал искусствоны социологиялық изертлеўдиң ўазыйпасы улыўма социологиялық нызамлардың искусство сферасында көриниўиниң механизмин ашыўға бағдарланған.

Искусство социологиясының түсиник, категориялық аппараты ҳәм өзгешеликке ийе. Мәселен, Ғжәмийеттиң көркемлик турмысыҒ түсиниги көбирек социологиялық тәртипке ийе.

Конкрет-социологиялық изертлеўлерге келсек, олардың көпшилиги анық эстетикалық бағдарға ийе. Бул әсиресе эстетикалық ҳәм көркемлик тәуир көриў бойынша информациялар жыйнап қайта ислеў менен байланыслы. Мәселен, искусствоның бос ўақыттың дүзилисиндеги орны, адамның эстетикалық мәденияты менен мийнет искерлиги арасындағы байланысы ҳ.т.б.

Эстетика менен психологияның өз-ара байланысы мәселесине келсек, њақыйқатлыққа эстетикалық қатнастың барлық элементлери, мейли эстетикалық сезимлер, мейли эстетикалық талғамлар, көркем дөретиўшилик процеси я көркем қабыллаў – ҳәммеси де өзлеринде психологиялық моментке ийе.

Ҳәзирги психология жүдә кең: физиология менен ушласатуғын экспериментallлық психологиядан баслап теориялық психологияға дейин арасына қамтыйды. Тиккелей философиялық проблематика менен өтлеседи. Ири психологлардың эстетикалық қатнас, көркем дөретиўшилик процесслери ҳ.т.б. проблемаларға белгили эстетикалық илимниң көп ғана тараўлары психологиялық илимниң мағлыўмат ҳәм жуўмақларын

пайдаланыўдан турады.

Сөйтсе де искусствоны изертлеўдиң психологиялық аспектлери эстетиканың орнын баса алмайды. Ҳәзирги дәўирде эстетика кибернетика, семиотика, математика илимлериниң метод ҳәм қураллары енисиўде. Бул нызамлы қубылыс, әлбетте абсолютленбеўи тийис. Эстетиканың эстетикалық искерликтиң ҳәр түрли форма ҳәм түрлерин изертлейтуғын дисциплиналарға байланыслы методологиялық ҳәм интеграциялық ролин бийкарлай алмайсаң.

Эстетика жеке искусстволық дисциплиналар менен, әдебияттаныў менен, музыка таныў, театр таныў ҳ.б. тығыз байланыслы. Бул биринши гезекте искусствоның улыўма теориясына тийисли.

Егер искусствоның жеке теориялары искусствоның анаў я мынаў конкрет түриниң қайталанбас өзгешеликлерин ашса (мәселен, әдебият, музыка, тәспирлеў искусствосы), искусствоның улыўма теориясы эстетиканың бөлеги сыпатында искусствоның ҳәмме түрлерине тән нызамлықлардың улыўма белгилери менен шуғылланады. Искусствоның улыўма белгилери таза түринде өмир сүрмегенликтен искусствоның жеке түрлериниң өзгешеликлери арқалы көринис табады.

Бул жеке дисциплиналар эстетикада теориялық њәм методологиялық тийкарларға ҳәм принциплерге ийе болады. Оларсыз искусствотаныў илим болмай қалады.

Қулласы, жеке искусствотаныўлық дисциплиналар ушын эстетика искусствоның улыўма теориясы ғана болмастан, оның ҳақыйқатлықты эстетикалық меңгериўдиң улыўма нызамлықларын изертлейтуғын тараўлары ҳәм үлкен әҳмийетке ийе. Олар биринши гезекте гөззаллықтың тәбиятына ҳәм эстетикалық идеалға тийисли.

3. Эстетиканың практикалық әҳмийети мәселеси қандай, ол ҳақыйқатлыққа қандай реаль тәсирге ийе, социаллық қурыў, дөретиўде оның қатнасы қандай деген сораўларға жуўап бериў жүдә зәрүрли. Бул ең алды менен эстетикалық теорияның искусствоға тәсиринде, көркем

дөретиўшиликтиң реаль практикасына, пүткил көркем мәдениятқа тәсиринде көринис табады.

Белгили, бурынлары көп ғана эстетикалық теорияларға эстетиканың нормативлик ҳәм түсиндириўшилик функцияларын қарама-қарсы қойыў тән болды. Мәселен, классицизм ушын эстетиканың ўазыйпасы ақылға салынған норма, принциплерге художниктиң бағыныўы тийис болса, позитивистлик линия эстетикасы көркемлик процессти түсиндириў ҳәм сыпатлаў менен шеклениўи тийис.

Эстетиканың практикалық бағдары әдебий-көркем критикаға оның қатнасы арқалы реализацияланады. Дурыс әдебий-көркем сын зәрүрли, бирақ эстетикалық илим менен искусство практикасы арасында ол жалғыз ғана байланысшы емес.

Эстетикалық теория художниктиң илимий дүньяға көз-қарасының әҳмийетли факторы.

Эстетика искусствоны тутыныўшы – тамашагөй, оқыўшы, тыңлаўшы ушын ҳәм әҳмийетли.

Сондай-ақ, эстетикалық теория тек художник ушын ғана емес, искусствоны басқарыўды әмелге асырыўшылар ушын зәрүрли.

Эстетиканың практикалық роли эстетикалық тәрбия процеси арқалы да әмелге асырылады.

Эстетикалық теория адамның эстетикалық мәдениятын қәлиплестирип, жәмийетлик өндиристиң әҳмийетли факторына айланады ҳәм басқа илимлер менен бирге жәмийеттиң өндириўши күшлерине айланады.

## Сораўлар

1. Эстетиканың предмети туўралы пикириниз?
2. Дуньяға эстетикалық қатнастың этикалық қатнаста парқын түсиндирип бериң?
3. Эстетиканың жәмийетлик турмыстағы функцияларын атап бериң?

## Пайдаланылған әебиятлар:

1. Педагогик технологиялар ва педагогик маҳорат. – Т.:  Молия, 2003. – 192 б.

2. Арипов М. Интернет ва электрон почта асослари.- Т.; 2000. – 218 б.

3. Баркалов С.А. Системный анализ и принятие решений.– Воронеж: НПЦВГУ,2010. 662с.

4. DUET-Development of Uzbekistan English Teachers*- 2-том. CD ва DVD  материаллари, Тошкент.: 2008.

# 3 -ТЕМА: АДАМЗАТ ОЙ – ПИКИРИ ТАРИЙХЫНДА ӘДЕП – ИКРАМЛЫЛЫҚ ҲӘМ ЭСТЕТИКАЛЫҚ ЖӨНЕЛИСЛЕР, ТӘЛИЙМАТЛАР

**Жоба:**

1. Әйемги Шығыс еллеринде (Индия, Қытай) этикалық ой пикирдиң пайда болыўы. Әйемги Грецияда этикалық ой пикирдиң раўажланыўы.
2. Орайлық Азияда этикалық ойдың пайда болыўы. Зороастризм диний философиялық тәлийматының этикалық концепциясы. Шығыс Ренесансы дәўиринде этикалық ойдың раўажланыўы. (Әбиў Насыр Фарабий, Беруний, Ибн Сина, Наўайы).
3. Орта әсирлер, ояныў, Жаңа дәўирде этикалық ойдың раўажланыўы. Немец классикалық философиясы ўәкиллериниң этикалық көз-қараслары.
4. XIX-әсирдеги Қарақалпақстанда этикалық ойдың раўажланыўы. (Күнхожа, Әжинияз, Бердақтың этикалық көз-қараслары).

**Таяныш сөзлер***: элементлер, көринис, продуктлар, руўханийлер, жәмийетлик қатнаслар, кеңислик*

## 1. Әйемги Шығыс еллеринде (Индия, Қытай) этикалық ой пикирдиң пайда болыўы. Әйемги Грецияда этикалық ой пикирдиң раўажланыўы.

Дәслепки философиялық тәлийматлардың әйемги Индияда пайда болыўы б.э.ш. IX-IV әсирлер аралығына туўра келеди ҳәм тийкарынан қул ийелеўшилик жәмийеттиң қәлиплесиў процеси менен байланыслы.

Индияда қул ийелеўшилик дүзимниң бас айырмашылығы сонда, бул жерде патриархаллық қатнаслардың элементлери, әсиресе аўыллық община узақ сақланады. Бул тийкарынан жер менен шуғылланыўдың, оның раўажланыўының айрықша шараятлары менен байланыслы.

Жерге жеке меншик бул жерде айта қаларлық кеңисликке ийе дәрежеде раўажланбады, жеке пайдаланыў раўажланды. Ал жердиң ийеси мәмлекет болды. Индиядағы социаллық-экономикалық дүзимниң

өзгешеликлерине байланыслы общинашының өзи жер кимге тийисли болса соның, мәселен, руўлық ҳасылзадалар, патшалар ҳ.т.б. меншиги болды.

Қулласы Индиялық общинаның минезлемеси бириншиден, жер менен шуғылланыўдың тиккелей бирлесиўи, екиншиден, примитив мийнет бөлинисиниң беккемлигинде көринис табады. Бундай община өндирислик пүтинлик сыпатында продуктлардың тийкарғы массасын тутыныўға ал бир бөлеги мәмлекетке натураллық салық сыпатында өткизип отырды.

Мийнет бөлиниси ҳәм жәмийетлик қатнаслар бундай общиналарда мийраслық касталар формасын жеңил қабыллаўға мүмкиншилик туўғызды. Жоқарғы каста-брахманлар кастасы, жрецлер (руўханийлер). Олар адамлар менен қудайлар арасындағы дәлдалшы, арашалаўшы сыпатында болды. Брахманлар ол дәўирдиң турмысына үлкен тәсир етти. Себеби олар аўыл-хожалық, географиялық, медициналық ҳ.т.б. билимлерди сақлаўшылар болды. Әскерий аристократия кшатрийлер кастасын қурады. Бул еки жоқарғы каста аристократиялық руўлардың тухымынан турады. Олар алғашқы общиналық дүзим қулаў дәўиринде общинашылардың ишинен бөлинип шыққан. Общинашылардың тийкарғы массасын вайшьлер кастасы қурады. Шудрлардың төменги кастасы урысларда женшилген ҳәм шашырап кеткен ҳәр түрли қәўимлерден ҳәм жарлыланған общинашыларды қурады. Булардың ҳәммеси әйемги Индияның руўхый турмысының гейбир тийкарғы өзгешеликлерин түсиниўге мүмкиншилик береди. Әсиресе Индияда ведалық дүньяға көз-қарастың руўлық дүзим қулағаннан кейин ҳәм узақ ўақыт сақланғанлығын түсиниўге мүмкиншилик береди.

Ведаларда, Брахманларда ( б.э.ш. биринши мың жыллық), көбирек Упанишадларда (б.э.ш. IX-VII әсирлер) брахманизмниң диний идеалистлик идеологиясы өзгерис тастыйықлаўын тапты. Соңынан олар идеалистлик философиялық-этикалық системаларда сәўлеленди. Булар бойынша биринши реаллық қудай Брахман, ол Упанишадларда жер жүзлик руўх сыпатында сәўлеленеди. Брахман ҳәрекетлендириўши, дөретиўши, ақылға

сыйымлы баслама, ол пүткил дүньяның барлық қубылысларының ишине киреди. адамда биринши реаллық-мәңги өлмейтуғын жан-атман, ол қудайдың жәмлениўи ямаса бөлеги деп қаралады.

Упанишадлардың тәлийматы тийкарында үш бас принцип бар. Олар: сансара, карма, мокша.

Сансара-жанның (атман) қайта түрлениўи (перевоплощение) туўралы тәлиймат. Буған сәйкес өлмейтуғын жан адам денесине мисли зинданға жайласқан. Адам өлиминен соң руўх басқа бир денеге жайласып өзиниң жаңадан туўылыўын табады. Ҳәттеки руўх жаңа адамның денесине қана емес ҳайўанға ҳәм өсимликке ҳәм қайта енисиўи мүмкин.

Сансара тәлийматы карма принципи ушын логикалық тийкар болады. Карма мәлим мистикалық универсаллыққа ийе моральлық нызам ҳәм бул бойынша адам тәғдийри оның өткенинен ғәрезли болады. Руўх сансараның шексиз ағысында қайта түрленип адамның өтмишиндеги поступокларына ылайық қабыршағына киреди. Жаңа туўылыўда өткен өмирдеги кемшиликлер ушын жазалаў, жақсылығы ушын тийисли баҳалаў болады. Адамның өмириниң моральлық дәрежесине ылайық оның руўхы өлимнен кейин кшатрийдиң, брахманның денесине ҳәттеки қудайға ямаса керисинше кастадан тысқары туратуғынның денесине, ийттиң шошқаның ҳ.т.б. денесине енисиўи мүмкин.

Өзиниң жер бетиндеги өмиринде, күнделикли ислеринде упанишадлардың тәлийматына сәйкес карма нызамына абсолют дәрежеде бағынған. Бирақ адамның жаны (руўхы) Брахманның иске асыўы (воплощение), ал брахманның өзи карма нызамынан тысқары ҳәм бийғәрез жасайды. Усы себепли адамның жаны сансараның ағысынан шығып, карманың нызамының ҳүкиминен босап қудайға жақынласыўы мүмкин. Жанның бундай азат болыўы мокша болады. Мокша сансараның тамамланыўы ҳәм буннан кейинги туўылыўдан азат болыў, демек өлимнен азат болыў упанишатлардың тәлийматына сәйкес бул өмир бузылыўшылықтан ҳәм асғып албыраўшылықтан ибарат. Адам буны түсиниўи ҳәм материаллық тәшўишлерден бас тартыўы ямаса немқурайды

болыўы керек. Ол қумардан жақсы көриўшиликтен қуштарлықтан бас тартыўы ҳәм динниң көретпелерин басшылыққа алыўы тийис. Сонда ол жанның қудай менен жалғасыўына мокшаға жетисиўине ерисиўи мүмкин. Бул упанишадлардың тәлийматы бойынша адамның өмириниң жоқарғы мәниси болады. Мокша әдеп икрамлықтың жоқарғы өлшеми. Мокшаға жетисиўге шараят жасайтуғынлардың барлығы, бул жақсылық. керисинше адамның жердеги ийгиликлерге материаллық тәшўишлерге қуштарлығын беккемлейтуғынлардың ҳәммеси - жаманлық.

Сансараның, карманың ҳәм мокшаның принциплери брахманизмниң диний-идеалистлик этикасының тийкары болады. Бул этика ушын жер бетиндеги ҳәмме қыйналыўларға бағыныў ҳәм шыдам нәсийҳатланады.

Бул үш принцип ҳәм Ведаларды мойынламаған буддизм ҳәм джайнизмди өзгерис ишине алатуғын көпшилик философиялық-этикалық системаларға тәсир етти.

Чарваклар мектебиниң өзи ақ ашық ҳәм избе-из бул принциплерге қарсы шықты. Сансара карма ҳәм мокшаның принциплери адамлардың Индия жәмийетиниң ағзаларының ҳәлсизлигин ҳәм әззилигин аңлатты. Оның үстине өндиристиң турып қалған формалары тәбият-таныў илимлериниң раўажланыўын ирикти. Сөйтип социаллық болмыстың алдындағы әззликти ҳәм аңлатты. Упанишатлардың диний этикалық принциплери бул шараятларды өзинше аңлаў болды. Олар келисиў ҳәм бағыныў идеясын сиңирди. Мәселен, белгили Индия философиясының тарийхшысы Радхакришнан былай деп жазады: “Өмир ҳәм минез қулық ушын карма теориясындай баҳалы доктрина жоқ. Бул өмирде бизлер менен нелер болмасын, биз буны бағынып қабыллаўымыз керек. Себеби ол бизиң өткен ислеримиздиң жуўмағы (С. Радхакришнан Индиская философия Том 1. М 1956 С. 208”.

Соның менен бирге Санара, карма ҳәм мокша идеялары әйемги индия жәмийетиниң әсиресе төменги қатламын тынышландырыўда үлкен роль ойнады. Мәселен мокша тәлийматы жердеги өмирдиң тәшўишлеринен қутылыўды сондай-ақ касталық дүзимге тийкарланған

мийнет бөлинисинен әўладлардың тәғдийриниң қайталаныўынан азат болыўды әрман етти. Жаңадан туўылыў тәлийматы төменги кастадағы адамлар ушын жоқарғы каста ўәкиллери тәғдири менен келешекти алмасыў үмитин қойды. карма нызамы туўралы тәлиймат езиўшилерди жазалаў мүмкиншилиген исенимди аңлатты.

Әйемги Индияда диний-идеалистлик филосиофия менен бирге материализм ҳәм раўажланды. Чарваклардың ( ямаса локаятиклер) материалистлик мектеби Индия философиясының ең ертедеги, гейбир мағлыўматлар бойынша жүдә ертедеги мектеплеринен есапланады (чарвак ҳәм локаято терминлериниң мәниси елеге шекем анық емес. Бир көз қараслар бойынша “Чарвак ” сөзи ғалаба атлық сөз. Екинши бир көз-қараслар бойынша ол сөз “түсиникли”, “аңсат сөз” дегенди аңлатады. Себеби “чару”- “түсиникли” ,“аңсат”, “вак”-сөз дегенди аңлатады. Үшинши көз-қарас бойынша “чарвак” төрт сөз дегенди аңлатады. Ақыры бул мектеп тәлийматы бойынша дүньяның тийкарында төрт матреиаллық элемент бар. Төртинши көз-қарас бойынша “чарвак” “чарв-бар” деген сөзден келип шыққан. Бул көз-қарас адамлардың тәбийий ҳәўеслилигин қанаатландырыўға бағдарланған моральлық талапларына қарсыласлар менен байланыстырылады. Локаята термини я қарапайым адамлардың пикири я айтыс-тартыс өнери, софистика дегенди аңлатады.)

Әйемги Индия материалистлериниң этикалық тәлийматы диний этикалық принциплерди сөзсиз бийкарлаў ең алды менен мокша доктринасын бийкарлаўды өз ишине алады.

Адамзат турмысының мақсети бейиш ҳәм емес, өлгеннен кейин оның қудай менен биригиўи менен жанының азат болыўыда емес.

Чарваклардың үйретиўи бойынша адамның жанын физикалық тәрепинен ажыратыўға болмайды.

Чарваклар адамзат өмириниң мақсети сыпатында адамның бул өмирден максимум дәрежеде ләззет алыў минимум дәрежеде қыйналыўға ийе болыўын мақуллады. Адамзат өмириниң мақсети тәлийматы чарваклардың “Sukha” ҳәм “Dukha” атлы еки принципи менен

байланыслы. Биринши принцип сезимлердиң ҳәм денениң ләззетке ийе болыўы, екинши принцип денениң қыйналыўынан азат болыў. Чарваклар диний этикалық тәлийматлар ушын характерли (ведалардағы, буддизмдеги) қыйналыўдың культына (культ страдания) қарсы шықты. Диний этика бойынша қыйналыў райдан қайтыў, демек адамның жоқарғы ийгилик ушын қудай менен бирлесиў ушын умтылыў сыпатында түсиндирилди. Қыйналыўды нәзерде тута отырып диний этика жер бетиндеги қызықтан бас тартыўды усынды. Ал чарваклар болса буған қарсы шығып ләззетти ақылға сыйымлы пайдаланыў мәселесин қояды. Чарваклардың тәлийматы бойынша қыйналыўдың болыўы ләззетти ҳәм қуўанышты жоқ ете алмайды. Оның үстине өмирде қыйналыў қуўаныш ҳәм ләззеттиң зәрүрли шәрти бола алады. Бахыт толығы менен тек қыйналыў арқалы оның менен контрасть арғалы ғанан таныл билинеди. Қыйналыў менен абсолют дәрежеле байланыссыз бахыт ҳәм ләззет философ материалистлердиң түсиндириўинше мүмкин емес, ҳәттеки орынсыз да. Себеби бүгинлигинде ләззет әкелип турған нәрсе узақ қолланылыўдан кейин қыйналыўды болдырыўы мүмкин.

Усыған қарамастан чарваклар адам өмиринде қыйналыўға қарағанда ләззеттиң ролине көбирек әҳмийет берди. Егер усылай болмағанда деп пикир етти олар неге адамлар жасаўға умтылады, өлимнен қорқады. Егер оларға бул өмирден ўаз кешиўди буйырыңыз, ҳәммесиде толығы менен бас тартады. Бул соны көрсетеди адамлар әдетте өмирди тек қыйналыўдың ағысы сыпатында қарамайды.

Чарваклар ушын тутаслай алғанда қоршаған дүньяға терең оптимистлик көз-қарас тән. Бул оптимизм ҳәр бир адамның бахытқа жетиўине ҳәм жасаў шараятларын жақсылаўы бойынша мүмкиншлик ҳәм мақсетке муўапықлығын актив искерлиги менен байланыслы. Деген менен ләззет қыйналыў проблемасы оларда я улыўма, абстракт формада я тар турмыслық планда қойылды. Ләззет, қыйналыўдың социаллық себеплерин табыўға байланыслы төрели пикирлер дерлик жоқ.

Чарваклардың моральлық тәлийматының бас өткир ушы диний

моральға ҳәм оның адамның сезимлерине тәнине денесиниң тәбийий талапларына дыққат бөлмеўге қарсы қаратылған. Мәселен, егер Упанишадлар ушын сезиўликке душпанлық қатнас характерли болса, чарваклар ләззет ҳәм шадлықты, соның ишинде жыныслық мухаббаттың ләззетин ҳәм шадлығын моральлық жақтан реабилитациялаўды мақуллады. Соның менен бирге чарваклар мухаббатқа ҳәм ҳаялға адамгершиликли қатнаста болыўға шақырды.

Чарваклардың этикалық тәлийматы Индия әдебиятының ҳәм искуствосының раўажланыўы ушын қолайлы жағдай туўғызды.

Ләззет ҳәм қыйналыўға байланыслы чарваклардың тәлийматы олардың адамгершилик ҳәм моральлық минез-қулықтың критреийлери туўралы тәлийматы менен байланыслы. Максимум дәрежеде ләззет алыў қыйналыўдан қутылыў чарваклар тәлийматында адамның минез-қулқының моральлық өлшеми сыпатында болады. Бул өлшем сенсуалистлик характерге ийе болды.

Чарваклар моальлық нормалардың жәмийетлик характерин жүдә жақсы түсинбеседе адамды абстракт жәмийеттен тысқары байланыссыз түсинседе жеке адамның пайдасы менен жәмийетлик пайданы қарама-қарсы қоймады. Чарваклар тәлийматы ушын мийнетке ҳүрмет жанның искерликке байланыслы жек көриўшилиги бар. Олардың көз-қарасы антикасталық антибрахманлық харакерге ийе болды.

Чарваклар тәлийматы касталыққа қарсы гүрескен общинашылар ҳәм әйемги Индияның қалалық плебслери арасында ғана емес ҳәттеки сәўдегерлер арасында ҳәм ,кшатрийлердиң гейбир бөлегиниң арасында ҳәм тарқалды. (Кшатрийлер-дүньялық ҳәкимият ҳәм брахманлардың ҳуқық артықмашларын шеклеў ушын гүрести)

Деген менен Чарваклардың философиялық-этикалық тәлийматының тәсири жаңа эраның басына қарай әсиресе орта әсир тусында (VII-әсирге қарай) бираз ҳәлсирейди.  Бул сол ўақыттағы феодаллық Индияның жәмийетлик дүзиминиң материалистлик философияның тереӊ ҳәм кеӊ раўажланыўы ушын алғы шәрт жасай алмағанлығы менен байланыслы. бул

мәнисте орта әсирлик Индия философиясының тәғдири орта әсирлик Батыс Европа философиясының тәғдирине уқсас: екеўинде де философия я анаў я мынаў дәрежеде тиологияның хызметкерине айналады. Буларға қарамастан әйемги Индия философлары әсиресе чарваклар этикалық тәлийматтың исленип шығылыўына үлкен үлес қосты. Олар биринши мәрте дыққат орайына моральдың тийкарына адамның жердеги бахты оның тәбиййй талапларының қанаатланыўының зәрүрлиги туўралы мәселени қойды.

Қытайда философиялық ойдың пайда болыўы ҳәм тап Индиядағыдай алғашқы общиналық дүзимниң қыйраўы менен (б.э.ш. II-мың жыллықтың басланыўы ҳәм класслық жәмийеттиң қәлиплесиўи) байланыслы.

Б.э.ш. VIII-VI әсирлерде Қытайда шығыслық деспотияға ийе болған ҳәм куллар езилиўши общинашылар үситинен ҳүкимдарлықты беккемлеўши үлкен мәмлекетлик бирликлер қәлиплеседи. Диний мифологиялық көз-қараслардың орайында “қудайлық аспан” туўралы тәлиймат турады. Бул бойынша тәбияттың ҳәм жәмийеттеги социаллық, жеке қатнаслардың жағдайын ол анықлайды. Динде әҳмийетли рольди ата-бабалардың культы ойнайды.

Соның менен бирге тәбият таныўдағы (астрономия, математика, геометрия, медицина ҳ.т.б. ) прогрес өндирис пенен, айналыс пенен байланыслы болып материалистлик көз-қарастың пайда болыўы ушын жағдай жасады.

Б.э.ш. VII-VI әсирлерде Фан Вань-Цзи ҳәм Шэнь Сюн сыяқлы “қудайлық аспан” тәлийматына қарсы гүрескен ҳәм адамның жер бетиндеги өз ҳүқықын өзи белгилеген тәлийматын мақуллады.

Б.э.ш. IX-VII әсирлерде жазылған «И-Цзин» («Өзгерис китабы»-»Палкерлик китабы») ески китабында сада материалистлик натурфилософиялық көз-қараслар мәселен, дүньяның дәслепки бес материаллық элементлери (жер, суў, от, ағаш ҳәм металл) ҳаққында тәлиймат, еки қарама-қарсы күш - жарық (Ян) ҳәм түнек (Инь) арасындағы гүрес нәтийжесинде болып өтетуғын ғалаба өзгерис туўралы ой бар.

«Иньфу-Цзин» атлы сол дәўирге тийисли әйемги китапта тәбияттың тәбийий нызамы туўралы идея көтериледи. («Дао»). Бул китапта жанның өдмейтуғынлығын бийкарлайтуғын, сондай-ақ, өмир менен өлимниң бирлиги ҳаққында диалектикалық ой бар.

Әйемги Қытайда инки әдептен-ақ этика мәселелери дыққат орайына қойылады. Б.э.ш. V-IV-III әсирлерде Қытайда тийкарғы философиялық - этикалық системалар: конфуцийлик, даосизм, Мо-ди, Ян-Чжу, «легистлер» («фа-цзя») ҳәм басқалары қәлиплеседи. Қарама-қарсы материалистлик ҳәм идеалистлик тэнденциялар арасындағы тартыс пайда болады. Мәселен, Ян-Чжу стихиялы материализмди этика областына тарқатып, өз этикалық системасын материализмниң тырнағында қурыўға умтылды.

Ян-Чжу «Чжан-го» дәўиринде («Урысыўшы патшалықлар» б.э.ш. V-III әсирлер тусы) жасаған. Ол өз этикасының тийкарғы ўазыйпасы сыпатында адамның бахытқа жетиўин көрди. Адамның өлимин мақуллаў Ян-Чжу ушын жер бетинде реал бахыттың зәрүрлиги ҳаққында мақуллаўға тийкар болды.

Ян-Чжу тәлийматы бойынша өмирдиң мәниси адамның тәбиятының оның ишки зәрүрлигине сәйкес, демек адамның тәбийий талапларына сәйкес раўажланыўы.

Ян-Чжудың этикалық принциплери ең алды менен адамның денелик ҳәм руўхыйлық талапларының ақылға сыйымлы қанаатланыўын аңлатады. Ләззетлерди ақылға сыйымлы пайдаланыў адамға тутас қанаатланыў ҳәм бахыт әкелип береди. Турпайы ләззетлерди талап етиў емес, ал адамның тәбиятын тутаслықта ҳәм тазалықта сақлаў бул Ян-Чжудың этикалық көз-карасларының тийкары.

Ян-Чжу Конфуцийдиң моральдың қудайлық дереги тәлийматына қарсы шықты. Конфуцийдиң түсиндириўи бойынша «аспан» адамлардың жәмийетлик ҳәм жеке минез-қулқының нызамларын ҳәм қәделерин белгилейди. («Ли»). Мәселен, « Лунь-Юй « ( XII-V баплар ) китабында байлық ҳәм атақлылық аспаннан ғәрезли делинген. Конфуцийди бийкарлаў ушын мысал сыпатында «жердеги тәртип пенен» ҳәм турмыстың, өмирдиң

ҳақыйқый жағдайы менен еки аралықтағы сәйкессизликти келтиреди. Мәселен, деп пикирлейди ол, данышпан ҳәм адамгершилиги басым адамлар жийи-жийи бахытсыз, ал зулымлар ҳәм қылмыскерлер көп нәрсеге жетискен.

Ян-Чжудың этикалық тәлийматының орайында адамның индивидуаллық тәбияты туўралы идея бар. Бул бойынша адамның индивидуаллық тәлийматы тәбийий зәрүрликке сәйкес раўажланады.

Янь-Чжу Конфуцийдиң «атлардың дүзелиўи» принципин сынға алды. «Атларды дүзетиў»-бул конфуцийдиң тәлийматы бойынша ҳәр бир адамды оның жәмийетлик баспалдақтағы (зәңгидеги) жағдайына қарай орнына қойыў керек ҳәм оған байланыслы иеарархиялық регламентация болыўы керек. Конфуций: «Мәмлекетти басқарыў князьдиң-князь болыўы, министрдиң-министр, әкениң-әке, баланың-бала болыўы». Конфуцийге қарама-қарсы Ян-Чжу адамның «аты « (репутация, орын, титул) адамлар арқалы дөреледи ҳәм тәбияттың тәбийий нызамынан келип шықпайды деп түсиндирди. Соның ушын ҳәм адамлардың тәбияты төмен ҳәм емес, атақлы ҳәм емес, адамларды төмен данышпан, ҳүкимдар ҳәм бағыныўшы деп бөлиўге тийкар жоқ.

Ян-Чжу ҳәр бир адамның индивидуаллық қәдир қымбаты принципин усынды. Деген менен Ян-Чжу тәлийматы тарыйхый шеклениўшиликке, абстрактлыққа ҳәм индивидуализмге ийе болды.

Мо-ди ҳәм конфуцийлик тәлийматы буннан өзгешеликке ийе. Мо-ди ҳәм оның мектеби бул социаллық ҳәм моральлық проблемелерды «ғалабы мухаббат «, «ғалаба пайда», лозунглары тийкарында шешиўге умтылды. Мо-истлер ҳәм халық массасының турмыслық шараятларын жақсылаўға, социаллық иеарархия ҳәм деспотизмге қарсы шықты. Бирақ олар өзлериниң этикалық лозунгларын «қудайлық аспанға» силтеме менен тастыйықлады. Мо-ди тәлийматы прогрессив топарлар тәрепинен хасылзадалардың зулымлығына қарсы гүресте ҳәм халықты езиўде қарсылықта пайдаланды. Бирақ ол өзиниң характери бойынша утопистликке ийе болды.

Конфуцийлик класслық қатнасларды тәбийий ҳәм мәңги деп есаплап, оларға патриархарлық бояў енгизди ҳәм халық массасының езилиўин жумсақластырыўға, феодаллық ҳүкимдарлықты демократяластырыўға урынды. Конфуцийшилер гейбир социаллық зулымлыққа (салтанат, зулымлық, ҳ.т.б.) қарсы шықты. Конфуцийдиң ҳәм оның из басарларының (Мэн-Цзи ҳәм басқалар) идеялары адамларды өз-ара ҳүрмет, кең пейиллик, ҳадаллық, киши пейиллик, батыллық ҳ.т.б. әдеп-икрамлылықты тәрбиялаўда үлкен роль ойнады. Сондай-ақ бул сапаларды тәрбиялаўда турмыстың сыртқы шараятлары туўралы тәлийматтың ҳәм роли жоқары. Мәмлекетлердиң ҳәм бирлесиўи урысларға қарсы гүрес туўралы шақырықлар ҳәм прогрессив роль атқарды. Соның ушын ҳәм Конфуций идеялары гейбир консервативлик тенденцияларға йие болыўына қараммастан Қытай феодализминиң рәсмий идеологиясына айналды.

Конфуций ( Кун-Цзи 551-479 жылларға дейин) философ, сиясий искер. Өзиниң тәлийматын ол аўызша тарқатты. Оның көз-қараслары туўралы тийкарғы мағлыўматлар оның шәкиртлери тәрепинен жазып қалдырылған гүрриңлесиўлер, сөзлер («Лунь-Юй»-»Гүрриңлесиўлер ҳәм пикирлер» китабы).

Конфуцийдиң тәлийматының орайлық түсиниги-»Жень» (адамгершилик-гуманность). Ол жәмийеттеги адамлардың қатнасларының нызам ҳәм өзинше әдеп-икрамлылық жетилиўдиң мақсетин характерлейди. Усыған сәйкес адамлардың қатнаслары данышпанлық пенен, ўазыйпаға садықлық пенен бериледи. Буннан Конфуций тәрепинен формулировкаланған талаплар келип шығады: Нени өзиңе қәлемесең, соны адамларғаислеме («Алтын қәде»-золотое правило); жақсылыққа жақсылық қыл, жаманлыққа әдалатлық қыл; дәслеп өзиңди танып бил; жасына ҳәм жәмийетлик жағдайына қарап адамларды ҳүрмет ет ҳәм жақсы көр; ҳүким сүрип турған семьялық ҳәм жәмийетлик қатнасларды қатаң сақла; ата-бабаларды ҳүрмет ет; кишкентайларға ғамқорлық қыл.

Конфуцийдиң пикиринше әдеп-икрамлық нормалары жоқарғы күштен-аспаннан (Тянь) келип шығады. Усы себепли ол анаў я мынаў жаңа

моральлық пикирлеў көтерип шықпайды, ал өткенниң үрип әдетлерин ғана түсиндиреди ҳәм буларды тутыў «Жэньге» (адамгершиликке) жеткизиледи. Конфуцийдиң этикалық сиясий теориясының теориялық тийкарламасы оның атлардың дүзелиўи («Чжень-Минь») туўралы тәлийматы. Бул тәлийматқа сәйкес ат, сөз, заттың тийкарына сәйкес келиў тийис. Усыннан адамның тип ҳәм оның жәмийеттеги ҳақыйқый жағдайына ал минез қулқы ол ийе жағдайға ҳәм атаққа сәйкес келиўи тийис.

Солай етип Конфуцийдиң тәлийматы белгили дәрежеде дәстүрий патриархарлық тийкарларды беккемледи.

Мың жыллықлар бойы ол ҳүким сүриўши класслар тәрепинен елдиң феодаллық структурасының дәстүрий системасын қатаң иеарархиясы ҳәм жәмийетлик қатнасларды тәртипке салыўы менен бирге халықты бағыныўда услаўда хызмет етти. Конфуцийшиликтиң жеке тәреплери раўажланып ҳәм оның шәкиртлери тәрепинен диний системаға ал Конфуцийдиң өзи қудайға айланды. Конфуций усы бүгинге шекем Қытай мәдениятының тири элементи, оған қатнас арқалы ғана ҳәзириг әдеп - икрамлық проблемалар улыўмаластырылады.

Сократ (б.э.ш. 469-399) моральды ақыл-ой көз-қарасынан тастыйықлаўға урынды. Этикаға «Жоқарғы ийгилик» түсинигин адамлардың минез-қулқының ғалаба мақсети сыпатында енгизеди.

Сократтың пикиринше, философияның бас ўазыпасы этикалық ўазыйпа: қалай жасаў туўралы тәлийматты жасаў. Мораль адамның өзин дурыс минез-қулқын танып билиўден келип шығады, ал оны руўхтың жанның искерлигине, ең алды менен өзиниң жанының искерлигине енискенин тақлаў мүмкин емес. Соның ушын Сократ «Өзиңди өзиң танып бил» дейди. Әдеп-икрамлылыққа тек билетуғын, танып билген адам ғана ериседи. Оның пикиринше, данышпан адам ғана  бай адам есапланады. Наданлық жаманлықты пайда етеди. Жақсылық ҳәм шынлық тең түсиниклер. Бирақ дейди Сократ реаль дүнья турақсыз ҳәм усы себепли ҳақыйқатлық ушын орын бола алмайды. Бул ғалаба моральлық

ҳақыйқатлықты мәңги түсиниклер-ийгилик, қудай жақсылық атлы обектив өмир сүретуғын адамның ақлы жетпейтуғын идеаллық дүньядан табыў мүмкин. Тек қудайдың ғана адамлардың поступокларын түсиниўге ақылы жетеди. Әдеп-икрамлы болыў - таңлаўлардың, интелектуаллардың ғана ийелиги.

Сократтың шәкирти Платон (б.э.ш 420-347 «ийгиликти» жақсылық) адамның ақылы жететуғын «идеялар» дүньясына алып келеди. Олардың ишинде жоқарғы мақсеттибелгилейтуғын идея бар. Идеялар дүньясы ямаса түрлер дүньясытурақлы ҳәм реаль ал материя дүньясы- турақсыз, соның ушын ҳәм реал емес. Идеялар дүньясы менен материялар арасындағы дәлдәлшыны (посредник) Платон «Жер-жүзлик жан, руўх» деп атады. Барлық тири жанлардың мақсети бахыт ушын гүрести. Бахыт -бул ийгиликке ийе болыўда, реймшил өмирде жетилиўде, жақсылық идеясы менен қосылыўда.

Жақсылықтың, адамгершиликтиң Сократша түсиниўин Платон өлшем ҳәм сулыўлық түсиниклери менен толықтырады. Ол адамды еки дүньяға-идеялар дүньясына ҳәм өткинши қубылыслардың жетилмеген дүньясына тийисли деп қарайды. Адамның тийкары, мәниси жанның талаплары менен анықланады. Ол моральлық жетилиўге денелик патасланыўдан тазаланыў жолы менен ериседи. Платон ушын әдалат ҳәр бир социаллық топардың өз иси менен шуғылланыўы. Мәселен, аристократия сиясат пенен, ерикли адамлар өнерментшилик пенен, ал құллар физикалық мийнет пенен шуғылланады. Бул ырасында да Платон жасаған тустағы қул ийелеўшилик жәмийеттеги мийнет бөлинисин жүдә жақсы сәўлелендириў ҳәм болады.

Әлбетте буларды түсиндириўде Платон өзиниң «Мәмлекет» атлы мийнетинде моральлық сапаларды қатламларға қарай бөледи: данышпанлық (жанның ақылға сыйымлы бөлегине сәйкес келеди) бул философларға тийисли, ерлик (ҳақ нийетли сезиўлерге сәйекс келеди) бул әскерлерге тийисли, ал өлпеңлик болатуғын болса төменги қатламға тийисли. Барлық қатламлардың адамгершилиги жақсылығы әдалат болады,

оның мәниси сонда ҳәр бир қатлам туўылғаннан неге арналған болса соның менен ғана шуғылланўы тийис: биреўлер бийлик берип бағындырып отырады, биреўлер ың-жыңсыз жумыс ислейди ҳәм бағынады. Усы адамгершиликлер, жақсылықлар тийкарында мәмлекет пухараларын жәриялаў керек.

Антиклик этикада киниклер ҳәм стоиклер мектеплериниң орны өзгеше. Олар улыўма философиялық мәселелерди түсиндириўде белгили дәрежеде материалистлик позицияға жақын болса этика мәселелери бойынша көбирек идеалистлик ҳәм диний позицияларды. Киниклердиң этикалық тәлийматы (Киник латынға аўдарғанда Циник) гедонизмниң өзинше қарама-қарсы негатив формасы болды. Киниклердиң уллы ўәкиллери қул ҳаялдың баласы Антисфен (б.э.ш. 435-370) ҳәм қул Диоген синоплы (б.э.ш. 404-323) болды.

Киниклердиң этикадағы тийкарғы позициясы : материаллық ийгиликлер ҳәм ләззетке тәбийий умтылыўлар адамды бузады. Байлықтан ләззеттен жәмийтлик ҳүрметлеўлерден бас тартыў оларға жеркениш уқыбы ҳәм адамның өзиниң ишки руўхый дүньясына тереңлесиў уқыбы мине булар адамның жоқарғы адамгершиликлери. Жәмийетлик мәдениятты жек көриўшилик ҳәм адамның жәмийеттен толық ғәрезсизлигин нәсийхатлаў ҳ.т.б. бул тәлийматты әдеп -икрамлықтағы нигилизм ҳәм цинизм менен жақынлатады. Бул белгили дәрежеде бир пара алымлардың пикиринше мәжбүрий аскетизмге ләззет ыпатында дағазалап, антиклик жәмийеттиң төменги топарларының өзлериниң жағдайына наразлығы болып табылады.

Этиканың раўажланыўына салмақлы үлес қосқанлрдан стоицизм әсиресе соңғы рим стоицизми (Сенека, Эпиктет, Мар Аврелий) болды. Соңғы стоиклер көп нәрсени киниклерден, Сократ этикасынан ала отырып өзлериниң жумысларында ерте христианлық этиканың тийкарын салды. Стоиклер моральдың тийкары етип турмыстың сыртқы шараятларына кеўил бөлмеў , оларды менсинбеў ҳәм адамның өзиниң минез - қулқында ўазыйпаның буйрығына бағыныўды қойды. Тийкарғы моральлық

түсиниклер - ўазыйпа, жақсылық, жаманлық олар априор, адамға тәғдир тәрепинен көрсетилген мәңги талаплар сыпатында қаралады. Ўазыйпаның буйрықлары олардың тәлийматында тәбияттан тысқары, қудайлық ҳәттеки мистикалық характерге ийе болады. Бәлким соның ушын ҳәм Эпиктет орайлық түсиниклеридң бири сыпатында тәғдийрди (рок) атайды. «Затлардың дүньядағы жағдайы сениң қәлеўиңдей болмасын ал қалай болып атырған болса, солай болсын, сонда сен бахытлы боласаң»

Соңғы стоиклердиң көзиниң алдында жоқарғы жақсылық ҳәм бахыт - бул әдеп икрамлылық ўазыйпаны булжытпай орынлаў. Бул көз-қарас антиклик, стоицизмди этикадағы күшли бағдар-этикалық ригоризмниң басламасы ете алады. Ол өзиниң толық раўажланыўын Иммануил Канттың тәлийматынан табады.

Антиклик этикада жүдә әҳмийетли орынға ийе ойшыл, бул- Аристотель (б.э.ш 384-322). Ол гей бир теориялық мәселелерди шешиўде өз дәўиринен бираз алға кетти. Оның этикасында ең әҳмийетли орын әдалат түсинигине тийисли. Әдалат онда адамның басқа адамларға қатнасында ғана жақсылық, адамгершилик сапасына ийе. Мәселен, Аристотель мынадай дейди: «... Самый лучший человек не тот, кто поступает сообразно с добродеятелью по отношению к себе, а тот, кто поступает так по отношению к другим, а это - трудное дело» (Аристотель Этика СПб 1908 с 84-85)

Тутаслай алғанда Аристотель конкрет әдеп икрамлылық нормаларды ҳәм талапларды ислеп шығыўда дәстүрий қул ийелеўшилик моральдан көтериле алған жоқ. Оның бас жетискенликлери басқа областқа тийисли. Аристотель биринши болып моральдың спецификалық тәбиятын түсиниўге жақынласты ҳәм этиканың илим сыпатында бираз әҳмийетли проблемаларын формулировкалады. Адамды «зоон-политикон» (жәмийетлик ҳайўан) сыпатында қарай отырып, Аристотел жақсылықты практикалық ҳәрекеттиң, тәжрийбениң, шынығыўдың нәтийжеси деп қарады. Олар тек айрымлары бойынша тәбият тәрепинен берилген ҳәм айрықша руўхый жағдай мәселен, «руўхтың жақсы шараяаты»

(Демокриттиң «эвтюмиясы»), Эпикурдың атараксиясы қумарсызлық (стоиклердиң апатиясы) сияқлы бола алмайды. Аристотельдиң пикиринше адамгершилик жақсылық бул биринши гезекте жәмийетлик әҳмийетке ийе, жәмийетке пайдалы практикалық ҳәрекет. Мәселен, ол ерликти белгилей отырып ерликти характердиң психикалық қәсийетине теңлестирмейди. Аристотель айтады: «Тот человек мужествен, который переносит то, что следует, и страшится того, чего следует страшиться, и ради той причины, ради который следует, и в то же время таким способом, каким следует.» (Аристотель Этика СПб с 51)

Усындай формада Аристотель әдеп-икрамлықтың жәмийетлик нормативлик тәбиятын саналы түрде танып билиўге келеди.

Аристотель моральды түсиниўде тағы бир адым жасады: жақсылық, адамгершилик жәмийетке әйтеўир пайдалы ғана емес, ол тәрепинен санкцияланып ҳәм қолланып қуўатланып ғана қоймайды, ал белгили тилек мотивтиң болыўын талап етеди. Әеп икрамлылық мотивтиң өзгешелиги сонда иске асырылатуғын ҳәрекет өзинше мақсет сыпатында болады. Басқаша айтқанда бул ҳәрекет сыртқаы мәжбүрлеў күши ямаса белгили бир пайда ушын емес ал ерикли түрде әмелге асады.

Аристотель Этиканың тарийхында биринши болып таңлаўдың еркинлиги (свобода выбора) проблемасын қойды.

## 2. Орайлық Азияда этикалық ойдың пайда болыўы. Зороастризм диний философиялық тәлийматының этикалық концепциясы. Шығыс Ренесансы дәўиринде этикалық ойдың раўажланыўы. (Әбиў Насыр Фарабий, Беруний, Ибн Сина, Наўайы).

Б.э.ш. биринши мың жыллықларда Орайлық Азия тереториясында грек тарийхшыларында скифлер Иран дереклеринде саклар деп аталған халықлар жайлайды. Каспий арты алабын массагетлер жайлады. Саклар (скифлер) ярым көшпели турмыс образын болдырды. Аталған оазислерде отырықшы жер менен шуғылланыў болды. Сонлықтан бул жерде Орайлық Азияның тереториясындағы цивилизацияның дәслепки орайлары

қәлиплести.

Б.э.ш. төртинши әсирдиң ақыры бесинши әсирдиң басында саклар перслер мәмлекетиниң қурамына кирди , ал б.э.ш әсирде Орайлық Азияға Александр Македонскийдиң әскерлери кирип келеди. Грек мәдениятының енисиўине қарамастан Орайлық Азия халықлары өзлериниң өзлигин сақлап қалды.

Орайлық Азияға арамей алфавити енеди ҳәм усының тийкарында хорезмлилердиң ҳәм соғдилардың жазыўы пайда болады. Орайлық Азия халғларының әдебий ҳәм фольклорлық дөретпелери қәлиплеседи. Аўызеки халық дөретиўшилигиниң ең дәслепки естеликлери - саклардың эпикалық аңызлары бул аңызлардың тийкарында Орайлық Азия халықларының патриотлық гүреси бар. Қахарманлар ўазыйпаны атқарыўда қәлеген сынаққа шыдам береди: Жеке бахтынан ўаз кешеди. Өз қәўимлеслериниң ғәрезсизлиги ушын өмирин ҳәм береди.

Орайлық Азия халықларының эпосларында ҳаяллар ерликте, мәртликте ерлер менен теңдей. Мәселен, Ктесий тәрепинен қалдырылған аңызлардың биринде сак патшасы Аморгтың қостары Спаретраның Перс патшасы Курушты жеңип, күйеўин тутқынан босатқаны айтылады. Тағы бир аңызда массагетлер патшасы Тумаристиң Курушты жеңгени айтылады. Сак шопаны Ширактың ерлиги туўралы ҳәм аңыз бар ол Иран патшасы Дарийди алдайды.

Сак эпосларында сәўлеленген әдеп-икрамлылық нормалар, қәделер өзбеклер, қарақалпақлар, түркмен ҳәм тәжиклердиң аўызеки дөретпелеринде кең сақланған.

Зороастризмниң ўатаны туўралы мәселе еле тартыслы. Оны бирде Иран (Мидия) десе , бирде Орайлық Азия (Бактрия, Хорезм) деп атайды.

Қулласы зороастризмниң шығыслық (Орайлық Азиялық) ҳәм Батыслық (Мидиялық) айырмашылықлары туўралы идея бар.

Философия курсынан белгили, зороастризмниң эволюциясының үш этабы бар:

1) Авестаның ең дәслепки бөлими-Яштылар. Бунда класларға дейинги

сиенимлер сәўлеленен.(Б.э.ш. 3-2 мың жыллықлар.) Олардың мазмунында политеизм басым.

2) Гатлар. Бирден бир қудай Ахура Мазда туўралы тәлиймат. Оның авторы Заратустра (б.э.ш. IV әсир) деген гәп бар.

3) Яштылар көп қудайлығы ҳәм гатлар (б.э.ш V әсир) компромисли характердеги Маздаясна деп аталаьуғын дин пайда болады.

Авестода Орайлық Азия халықларының б.э.ш. биринши мың жыллықлардың орта ҳәм екинши ярымындағы оларды қоршаған орта, космологиялық ҳәм моральлық этикалық көз-карaслары сәўлеленген.

Зороастризмде ҳақ кеўиллилик мийнеткешлик, әдалат ойдағы, сөздеги ҳәм истеги ҳадаллық жоқарғы моральдың тийкарғы нормалары сыпатында көтериледи.

Зороастрийлик моральдың тийкарғы кредосы үш триадада көринис тапты : Жақсы ой (гумата), жақсы сөз (гукта) ҳәм жақсы ис (гваришта). Жақсы ой Ахура Мазданың қудайдың атрибуты сыпатында мойынланады, ал жаман ой - Анхра Майньюдың атрибуты. Гей бир алымлардың пикиринше зороастризмниң бул триадасын Демокрит алған.

Зороастрийлик моралдың талабы : адамның денелик ҳәм руўхыйлық тазалығы. Зороастризм парахатшылықта ҳәм келисимде жасаўды жақынына жақсы қатнаста болыўды бир биреўге зәрүрликте қәўипте жердем бериўге, қәлеген жаманлық пенен гүресиўге шақырады. Сондай-ақ даңқпаразлық зорлаў нызамсызлыққа қарсы. Келисимге қыянетти мақулламайды. Саўда да, қарызды төлеўде ҳадал болыўды талап қылады.

Зороастризмди мақуллаўшылар алты түрли қылмыстан ўаз кешиўге ант берген: урлық ҳәм тонаў, кисиниң мүлкине ҳәм ўәжине басқыншылық ҳ.т.б. поступокларды болдырмаў . Буннан басқа ең әҳмийетли моральлық нормаларға мыналыр киреди: ҳаялдың жүкли ўақтында тәшўишлениў, басқа ҳаялларға қарамаў, жерди ислеў, суўғарыў, дарақ егиў, суўдың ҳәм аўқатланыўдың дереклерин тазалықта сақлаў, малды көбейтиў, балаларыңды өз ўақтында үйлендириў, кәмбағалларға өзиңниң арықмаш затларыңды бериў, пайдалы ҳайўанлар туўралы тәшўишлениў.

Этикалық ой пикирдиң раўажланыўы Орайлық Азияда Кушан дәўириндеги диний идеологиялық бағдарлар маникеилик, маздакизм менен де байланыслы.

**Фараби (872-950)**

Фараби этикасының артықмашлықларының бири оның жеке адамды улығлаўында. Ақыл-ой (ақл) ҳәм жан (нафс) жетилген түрде адамда жәмленген, бул оны ҳайўаннан ажыратып турады. Фарабидиң пикиринше, адам өзиниң функциясын орынлаўы ушын оған *бириншиден адамлар менен қарым-қатнас, екинши* тәрептен өнерге, дағдыға ийе болыўы тийис. Қулласы, ол жәмийеттен тысқары, жәмийетлик мийнетсиз жасай алмайды.

Адамның бас талапларының бири – материаллық ийгиликлерди өндириў талабы. Оны адам басқалар менен бирге, коллектив түрде әмелге асырады. Бул идея жаңа емес, ол ўақтында Аристотель тәрепинен ҳәм айтылған. Бул ой Фарабидиң этикалық көз-қарасларының тийкарында.

Адамның өмири стихиялы өтпеўи тийис, ол саналы, мақсетке муўапық өтиўи, тек жеке емес, ал жәмийетлик әҳмийетке ийе болыўы тийис. Усы себепли ҳәм Фараби әййемги грек ойшылы Эпикур сыяқлы өзиниң этикасының бас ўазыйпасын бахытқа жететуғын жолларды анықлаўда көреди. Фарабидиң пикиринше бахыт – бул "абсолют жақсылық". Адамның бахыты мәселеси Фарабиде тек этикалық проблема емес ал педагогикалық, мәмлекетлик қурылыс проблемасы.

Фарабидиң этикасында бахыт категориясы басқа категориялардан (жақсылық ҳәм жаманлық, ўазыйпа ҳәм ҳүждан, ар-намыс ҳәм әдалат) улыўмалығы менен ажыралып турады.

Солай етип, Фараби этикасы эвдемонистликке ийе. Ақыры ол "бахытқа жетиў ушын не пайдалы болса ҳәм оған жетисиўдиң ҳәммеси жақсылық ҳәм бахытқа жетиўге кесент беретуғынлар – бул абсолют жаманлық" (М.М.Хайруллаев. Мировоззрение Фараби и его значение в истории философии. Т., Фан, 1967, с.317).

Фарабиде бир адамның бахыты – басқалардың жеке бахытына

жетиўиниң ҳақыйқый шәрти. Моральлық нормалар ҳәм қәделер, әдеп-икрамлық поступоклар, мейли олар жақсы ма я жаман ба, унамлы ма, унамсыз ба, барлығы да адамның өзиниң бахтына жетиўине қатнасы менен байланыслы.

Бахытқа жетиў – бул адамның жәмийеттен өз орнын табыўы. Бахытқа жетиў адамның өмирге актив қатнасында көринис табады. Сондай-ақ Фараби тәрепинен айтылатуғын бахыт көбирек жерлик тийкарға ийе. Дурыс, Фарабиде бахыт материаллықтан бийғәрез болыўы мүмкин. Бул көз-қарас, диний қабыршаққа ийе болса да, ойшылдың жоқарғы пафосынан хабар береди. Мәселен, адамның руўхының өлмейтуғынлығы, оның әўладтан әўладқа берилетуғынлығы ҳаққында идея. Ҳәрбир жеке адам өледи, бирақ ол дөреткен ҳәрбир нәрсе оның жеке мүлки емес, оның менен бирге жоқ болмайды, ал ләззеттиң ҳәм прогресстиң тийкары сыпатында қала береди. М.М.Хайруллаев Фарабидиң "жанлардың биригиўи" ("объединение душ") тәлийматын анализлей отырып, бул көз-қарас философияның тилине аўдарғанда Фарабише бахыт – бул ақыл-ой ҳәм илимниң жәрдеминде жеке адамның өлиминен кейин ҳәм адамзатқа хызмет ететуғын руўхый мәденияттың дәрежеси.

Фараби туўылыўдан пайда болатуғын гносеологиялық принципти бийкарлайтуғын көз-қарасты әдеп-икрамлық сапалардың туўылыўдан пайда болмайтуғынлығы менен байланыстырады. Адамның характери, минез-қулқы оның пикиринше өзи жасаған социаллық ортада қәлиплеседи. Фараби биринșилерден болып Жақын ҳәм Орта Шығыстағы феодаллық жәмийеттиң сиясий ҳәм моральлық жағдайын қарама-қарсылықларға тән ракурста анализледи. Ол қалаларды пазыйлетли ("добродетельные"), пазыйлетсиз ("недобродетельные") деп бөлди.

Пазыйлетли деп аталған жәмийет ҳәм қалалар – бул оның идеалы. Фараби: "Адамлардың бирлеспесиниң мақсети исте өз-ара жәрдем болған ҳәм бахытқа жетиўге умтылған қала пазыйлетли қала. Бир-бирине бахытқа жетиў ушын жәрдем беретуғын жәмийет пазыйлетли жәмийет. Ҳәмме бахытқа жетиўи ушын бир-бирине жәрдем берсе пазыйлетли халық. Солай

етип, егер барлық халықлар бахытқа жетиў ушын бир-бирине жәрдем берсе пүткил жер жүзи пазыйлетли болады". Пазыйлетсиз қалалардың турғынларына буны қарсы болды. Пазыйлетсиз қалалардың турғынлары өзлериниң турмыслық принципи сыпатында қәлеген оңбағанлыққа барады. Олар ушын душпанлық ҳәм өз-ара урыс – тәбийий ҳәм нызамлы қубылыс.

Фарабиде индивидуализм ҳәм эгоизм материаллық ийгиликлерди әдалатсыз бөлиўдиң кери тәрепи. Фараби "ақыл-ойдың туўылыўдан" болатуғынлығын билимниң ҳәм тәрбияның роли менен байланыстырды. Белгили, Сократтың ўақтынан баслап адамзат ақыл-ойына билимниң еки түри тийисли деп қараў бар: а) илимий түри. Бул бақлаўлар, пикирлеўлер ҳәм тәжирийбе арқалы әмелге асады; б) мистикалық. Бул қудай арқалы, қудайлық ашылыў арқалы болады. Мусылман теологиясының көп ғана ўәкиллери (ал-Ғазали, Яссаўий ҳ.т.б.) билимниң екинши түрине шақырды. Бул деген сөз, адам тек "қудайлық ашылыў" ("божественное откровение") арқалы шынлыққа жетеди. Фараби мистикалық билимди бийкарлаған жоқ, бирақ илимий билим белгилеўшилик характерге ийе.

Адамда "ҳақыйқый адам болыў" ушын еки мүмкиншилик бар: үйрениў ҳәм тәрбия. Үйрениў арқалы теориялық жетилиў болады, тәрбия болса бул – этикалық мүнәсиблиликке ҳәм адамлар менен қарым-қатнаста практикалық искерликке жетиўдиң жолы.

Оқытыў ҳәм тәрбия муғаллим арқалы иске асырылды. Муғаллимлер – патша ҳәм оның халқы исенген чиновниклери. Тәрбия адамның характерине қарай "қатты" ҳәм "жумсақ" методлар менен әмелге асыўы мүмкин. Тәрбияның тийкарғы функциясы – оқыўшыларды (демек халықты) бахытқа жетиўдиң жолларын излеўге таярлаў. Егер тәрбияланыўшылар илимди ҳәм оларды үйрениўге тилек билдирсе, оларға "жумсақ" метод қолланылады. Ал егер олар тыңламаса "қатты" метод қолланылады.

"Қатты" методты ҳәдден тысқары қолланыў Фарабидиң пикиринше, нақолай ақыбетлерге алып келиўи мүмкин.

Билимдан басқарыўшы керек. Басқарыўшы семьяның басшысына

усайды. Ақыллы басқарыўшының жоқлығы мәмлекет ушын үлкен кемшилик. Философтың этикасы қандай болыўы керeклиги ҳаққында Фарабидиң көз-қарасы бар. Бул мәселе оның “Бахытқа жетиў ҳаққында” мийнетинде айтылған. Фарабиде философия – “ең жоқарғы билим”, “илимлердиң анасы”, “уллы данышпанлық”. Философларды еки топарға бөледи: “ҳақыйқый” ҳәм “ҳақыйқый емес”. “Ҳақыйқый” философ күшли еркке ҳәм қайсарлыққа ийе болыўы тийис.

Фараби: философияны үйренетуғын адам дәслеп өзин таярлаўы керек, соңынан тәбийий қумарлардан өзиниң нравын (пейли-ақпалын) тазартыўы тийис. Онда ләззетке емес, ал шынлыққа қумар қылыўы тийис. Ол “должен быть молодым и скромным, иметь хорошее здоровье, быть нравственным и воспитанным, строгим по отношению к себе, далеким от хитрости и обмана и воздерживающимся от дурных поступков, с уважением относиться к людям науки” (М.М.Хайруллаев. Указ. Соч. с.315).

**Беруний (973-1048)**

Берунийде этика проблемаларына арналған арнаўлы мийнетлердиң болғанлығы биймәлим. Бирақ улыўма мийнетлери оның әдеп-икрамлықтың, оның билгири болғанлығын дәлиллейди. Мәселен, мийнетлеринде жақсылық ҳәм жаманлық, ар-намыс ҳәм ҳүждан, ләззет ҳәм бахыт, дослық ҳәм жолдаслық мәселелерине көп дыққат бөлген.

Берунийдиң социаллық көз-қараслары этикалық көз-қараслары менен байланыслы. Ол социаллық-этикалық көз-қарасларында ҳәм деизм принципине тийкарланады. Беруний: Адам – тәбияттың ең жетилген үлгиси, сол себепли ол жоқары әдеп-икрамлы, билимли болыўы тийис. Әдеп-икрамлықтың тийкарын адамның тәбиятынан изледи.

Берунийдиң пикиринше ҳәмме адамлар бир-бирине уқсас ҳәм айырмашылыққа ийе. Айырмашылық олардың темпераменти, тәбийий қәсийетлери ҳ.т.б. тийкарындағы инстинктлеринде берилген. Адамның руўхый келбети жәмийетте қәлиплеседи. Беруний жәмийеттиң пайда болыўында адамлардың материаллық талаплары жататуғынлығын айтады.

Оның пикиринше, Алла адамларға бирлесиў мүмкиншилигин береди. Сондай-ақ, қудай тәрепинен берилген ақыл-ой өзинше олардың талапларын қанаатландырыўы мүмкин емес. Бул ушын ақыл-ой менен бирге мийнет болыўы тийис.

Дурыс, IX әсирде Беруний адамзат жәмийетиниң пайда болыўында мийнеттиң шешиўши ролин толық түсиниўи қыйын. Деген менен, “Таңлаў ҳуқықы ҳаққында”, “Мийнеттиң роли ҳаққында” мийнетлеринде тарийхый рамкадан сыртқа шығады.

Коллективлик турмыстың зәрүрлиги идеясы ҳәм тек социаллық емес этикалық мазмунға ийе. Жәмийеттиң пайда болыў себеплери тийкарында ең жақсы мотивлерди көрди. Олар өз-ара көмектиң өз-ара пайда, өз-ара талаплардың қанаатланыўының зәрүрлиги ҳ.т.б.

Моральлық сапалардың бири сыпатында кеңпейиллилик (муруввა) аталады. Кеңпейиллик – бул алымның пикиринше, адамның әдеп-икрамлық жетилиўи менен бир.

Бул проблема жәмийетлик ойдың тарийхында орайлық проблемалардың бири болды. Мәселен, “Ли-Цзи” (Қәделер китабы) атлы трактатында басқарыўшының өз ойларын шынлық пенен сәйкес келтириўи идеясы айтылған. Демек, жеке адамның жетилиўи тәжирийбеге тийкарланған ақыл-ойдың ҳәрекетинен басланады. Усылай екен, адам сыртқы дүньяны танып билиў уқыбына ийе ҳәм буның тийкарында ол билим алады; билимлер оның ойын шынлыққа тең етеди ҳәм ол “жүректиң дурыслығын” демек эмоцияларды белгилейди. Усылайынша адам жетиледи.

Беруний өз шығармаларында, мәселен, “Өткен әўладлардың естеликлери” атлы мийнетинде өзи жасаған ортадағы ақшаға, байлыққа ғана тийкарланған ортаға унамсыз қатнасын бийкарламады. Ол X әсирдеги араб тиллес филолог Ахмед ибн Фаристиң мынадай қосықларына силтеме қылады:

“О человеке судят только по его дирхемам,
У кого нет (хотя бы) двух дирхемов,

На того не смотрит его невеста,

Он так унижен, что все его презирают,

И (чужие) кошки на него мочатся".

(Абу Райхан Беруни. Памятники минувших поколений. Избр. Соч. Т.1. Т., Из. АНУзССР, 1967, с.386-987) Буны келтириўи Рейдиң сарайынан өзиниң ҳәм кетиўи ҳәм бар.

Әдалатлы, ҳақыйқатшыл басқарыўшы идеясы ҳәм бар. Бундай басқарыўшының тийкарғы ўазыйпасы жоқарғы ҳәм төменгилер арасында, күшлилер ҳәм әззилер арасында әдалат орнатыў.

Берунийдиң бундай идеялары Аристотельдиң әдалат туўралы тәлийматына уқсас. Этикалық пазыйлетлердиң ишинде ең жетилген деп әдалатты есаплады. Әдиллик Аристотель тәрепинен "теңлестириўши" ҳәм "бөлистириўши" болып бөлинди. Бириншиси товар алмастырыўда, екиншиси – адамларды сапасы бойынша, олардың байлығы ҳәм пазыйлетлери бойынша баҳалаўда қолланылады. Артықмашлыққа, оның пикиринше, кимде-ким өз пазыйлетлери бойынша басқаларынан артығырақ болса, солар ийе болыўы тийис.

Принципинде Беруний басқарыўшыларды, власттың мийраслығын ҳәм адамлардың жарлы ҳәм бай болып бөлиниўин мойынлады. Бирақ бул бөлиниўлер адамды адам етиўге себеп болмаўы тийис. Ҳәттеки ол жарлылардың мийнети белгили ийгиликлер менен тәмийинлениўи ҳәм төлениўи тийис.

Оның <u>ләззет туўралы тәлийматы бар. Бул түсиник бахыт түсинигине жақын этикалық категория</u> сыпатында түсиндириледи. Беруний тийкарынан Эпикурдың эвдемонизм концепциясын мақуллайды.

Беруний Эпикур сыяқлы рәҳәтти әдеп-икрамлық өмирдиң тәбийий тийкары деп қарайды. Ол, сондай-ақ Эпикур сыяқлы руўхый ләззет концепциясын мақуллайды. Берунийдиң ойынша әдеп-икрамлық жақтан жетилген адам ләззеттиң шегин ҳәм биледи.

Адам ишки ҳәм сыртқы сулыўлықтың бирлигинде болыўы тийис. Жоқары әдеп-икрамлы белгиси келген адам минез-қулықтың, турмыстың

ҳәмме элементар нормаларын сақлаўы тийис.

Беруний халықлар дослығын улығлады. Адамлар арасындағы натуўры көз-караслар адамлардың тар ҳәм биртәреплеме миллий менменлигинен келип шығады.

Беруний этикасының ең әҳмийетли белгилериниң бири оның альтруизминде. Дурыс, оның гуманистлик этикасы бираз абстрактлыққа ийе.

**Ибн Сина (980-1037)**

Ибн Синаның мийнетлери шығыс ҳәм батыс европалық философияға, илимге үлкен тәсир етти. Оның дөретиўшилиги сол дәўирдеги билимлердиң дерлик барлық областларын қамтыйды.

Ибн Синаның дүньяға көз-қарасының қәлиплесиўинде Әййемги грек философиясының ҳәм илиминиң, айрықша Аристотель философиясының орны өзгеше. Соның ушын ҳәм Ибн Сина ҳәм барлық араб тиллес ойшыллар өзлериниң биринши муғаллими, устазы (муаллимун аввал) деп атады. Деген менен, олар, соның ишинде Ибн Сина Аристотельдиң көз-қарасын механикалық түрде көширген жоқ, оны байытты, жаңалады. Гейбир философиялық мийнетлеринде оны ашықтан-ашық сынға алды.

Этикалық көз-қараслары оның бизге келип жеткен "Муҳаббат туўралы трактат", "Жан туўралы трактат", "Қуслар туўралы трактат", "Этика" ҳәм басқа да мийнетлеринде көринис табады. Оның өмирбаянына қарағанда этика бойынша тағы бир мийнети – "Жақсы ис ҳәм гүнә" (ал Бирр ва-л-Исм) болған. Оны Үргеништеги ўақтында жазған.

Ойшылдың пикиринше, этика – адамның өз рефлексиясы туўралы илим, оның өзин-өзи бақлаўының нәтийжеси ҳәм басқалар тәрепинен оның минез-кулқының баҳаланыўы ("Адам бахытлы өмирге келиўи ушын өзиниң әдетлениўлеринде ҳәм поступокларында қандай болыўы керек") Ибн Синаның пикиринше этика адамлардың минез-қулқының өзлерине ҳәм басқаларға байланыслы норма ҳәм қәделерин изертлейди. Адамның өзине қатнасы басқа адамлардың баҳалаўын болдырады. Ибн Синаның этикалық көз-қарасы оның сиясий ҳәм жәмийетлик-философиялық

тәлийматы менен тығыз байланыслы.

Ибн Синаның этикалық көз-қарасларының характерли белгилериниң бири сонда оның психологиялық бақлаўлары менен тығыз байланыслы. Буған жан туўралы тәлийматы мысал бола алады.

Ибн Сина адамның жанын екиге бөледи. Олар: хәрекеттеги хәм қабыллаўшы. Қабыллаўшы күш хәм еки түрли: ой арқалы, ой жуўыртыў арқалы (умозрительная) хәм практикалық ой жуўыртыў (умозрительлик) қабыллыў ис пенен байланыслы емес, практикалық-поступоклардың себеби. Демек, адамның минез-қулқының әдеп-икрамлық поступок хәм мотивлериниң тийкары – жеке адамның практикалық қабыллаўы. Адамның поступокларының себебин, оның унамлы хәм унамсыз сапаларын адамның өзинен изледи, оларды психологиялық көз-қарастан тийкарлаўға урынды. Адамның жаны еки функция атқарады. Биреўи: теориялық ақыл-ой функциясы, оның жәрдеминде адамның ақылы танып билетуғын универсалийлер, демек улыўма түсиниклер пайда болады. Екиншиси, практикалық ақыл-ой функциясы. Бул функция хәрекеттеги ақыл-ой (акл-ал-амали) сферасын қурайды. Бул жерде гәп адамзат жанының белгили бир күшинде. Ол денени басқарады хәм оны теориялық ақыл-ой жәрдеминде жетилдириўди гөзлейди. Хәрекеттеги ақыл-ой өз гезегинде "қоздырыўшы" хәм "қияллаўшы" күшлер менен байланыслы. "Қоздырыўшы күштиң" тәсиринде хәрекеттеги ақыл-ойда уят, хүждан, ар-намыс х.т.б. көз-қараслар пайда болады. Ибн Синаның түсирдириўинше хәрекеттеги ақыл-ой адамның унамсыз әдеп-икрамлық поступокларына (мәселен, өтирик, күшлеў, алдаў х.т.б.) тәсир етеди. Усы себепли практикалық ақыл-ой атлы Ибн Сина тәлийматы психологиялықтан гөре этикалық тәлиймат болады. Себеби ол адамзат минез-қулқының көз-қарасларын өз ишине алады.

Жақсылық хәм жаманлық категорияларын ислеп шығыўға Ибн Сина көп дыққат бөлди. Ибн Сина: "Дүньяда бар барлық болмыс өз тәбияты бойынша жетилиўге умтылады. Жетилиўге умтылыў бул тийкарынан жаңалық" (Ибн Сина. Рисолаи ишк Тегеран, 6).

Ибн Синаның түсиндириўинше ҳәрбир адам өз ерки менен де, мәжбүрий түрде де жақсылық ислейди. Адам өз ерки менен исленген жақсылық ғана жетилген жақсылық. Ибн Сина: "Жақсылық түсиниги еки мәниске ийе: бириншиси – тәбияты бойынша жақсылық, ал екиншиси – кимде-ким ушын жақсылық". Биринши мәниси – улыўма философиялық, екиншиси мәниси – этикалық категория. Себеби баҳалаў менен байланыслы.

Жақсылық – этикалық категория сыпатында еки тәрептен анализленеди. Бир тәрептен жақсылық оны ислеўши адамға қатнаслы, екинши тәрептен оны қабыллаўшы адамға қатнаслы. Жақсы адам басқа адамларға жақсы тәсир етиўши адам.

"Ләззет" ҳәм "қыйналыў" категориялары ҳәм Ибн Сина этикасында орайлық орынлардың бирин ийелейди. Ләззет ҳәм қыйналыў ҳәм қабыллаў менен байланыслы. Тийкарғы ҳәм ақылға сыйымлы ләззетти Ибн Сина адамның ишки күшлери арқалы жетилгенлерди есаплады. Пәс ҳәм сықмар адамларда сырткы күшлер арқалы болатуғын ләззет басым.

Руўхыйлық ҳәм сезиўлик ләззет. Ибн Сина гедонизм теориясының избасары сыпатында.

"Қуслар туўралы трактатында" бахытты аспаннан излеў мәниссиз. Бахыт бул досларың менен бирге күнде көрисип, бирге ислесип ҳәм қуўанышқа бөленип жүргениңде ғана.

Бахыт бул ең алды менен өз ишине жеке адамның интеллектуаллық жетилиўин қамтыйды. Сондай-ақ Ибн Сина о дүньядағы бахытты ҳәм бийкарлағаны жоқ. Муҳаббат туўралы көз-қараслары жетилиў менен байланыслы.

Этиканың феодализм дәўиринде раўажланыўы Наўайының (1441-1501) этикалық көз-қараслары менен де байланыслы. Әсиресе оның ақыл-ойдың ролине дыққат бөлиўи айрықша. Ақыл-ой – бийбаҳа сый, адамның байлығы, ол адамға ең жақсы сыпатында берилген. Адам қайсы нәрсеге жетиссе, өзиниң ақыл-ойының арқасында жетиседи. Барлық предметлер ҳәм қубылыслар өз-ара диалектикалық байланыста, ҳәмме затлар себеплик

характерге ийе, бир-биринен ғәрезли. Дүньяның барлық материаллық затлары өзгериске ийе, олар мудамы жаңаланып жетилип турады. Усы себепли, Наўайының пикиринше, ақыл-ой ҳәммесин танып билиў имканиятына ийе емес. Усыған қарамастан ақыл-ой адамды тәбияттың терең сырларын билиўге умтылдырады.

Наўайы: “Пусть трудно сущность атома понять,
Пусть невозможно истину познать,
Когда стремленье явит разум твой,
Ты мир чудес откроешь пред собой” – дейди.

Наўайының этикалық көз-қарасының баҳалы компонентиниң бири илимий искерликти әдеп-икрамлық баҳалаў, алымның этикасы, оның жәмийеттеги орны, адамлардың бахыты ушын оның жуўапкершилиги ҳ.т.б. Мәселен, “Фархад ҳәм Ширин”де Наўайы Улуғбекти жоқары баҳалайды. Ол илими арқалы пүткил дүньяға белгили болып қалды деп түсиниледи. Сондай-ақ, Наўайы гуманитарлық илимлерди, соның ишинде тарийхты жақсы өзлестириўди қояды. Белгили, орта әсирлердеги тарийх тийкарынан басқарыўшылардың, монархлардың искерлигин сәўлелендирип, оларға китаплар арнады. Наўайының пикиринше, тарийхты үйрениў барысында адам басқарыўшылардың ис-ҳәрекети туўралы мағлыўматқа бай болғанын ямаса қандай себеплер менен қулағанын биледи. Наўайы медицина илимине жүдә унамлы қатнаста болды.

Наўайының этикалық көз-қарасларында этикалық категорияларды ҳәм түсиниклерди ислеп шығыў ҳәм олардың әдеп-икрамлық жетилиўдеги ролин көрсетиў бар. Мәселен, оның түсиниўинше, адам тәрепинен батырлықтың көриниси мәмлекеттиң мәпине бағыныўы, жәмийетке хызмет етиўи тийисли. Деген менен, Наўайы да батырлықтың көриниси әдалат нызамларына тийкарланған мәмлекетке ҳәм жәмийетке қаратылыўы тийис. Наўайының бас қаҳарманы Фархад өзинде батырлықтың барлық қәсийетлерин жәмлейди. Оның батырлығы тек Шириnниң муҳаббатына жетиўине ғана бағдарланбаған, ал пүткиллей жәмийетлик баҳалыққа ийе.

Ол қыйыншылықларға қарамастан гранит жыраларды кеседи. Ол сондай-ақ, Хысраўдың әскерине ҳәм қарсы турады. Фархадтың ҳәмме ҳәрекети өз халқының ғана емес, ҳәмманиң бахытына қаратылған.

Тағы бир әдеп-икрамлық қәсийет бул – сабырлы болыў, өзин тутыў. Наўайының пикиринше, адамның азға разы болыўы жер бетиндеги ийгиликлерден, қәлеген ләззеттен баспүкил ўаз кешиў деген сөз емес. Ал керисинше, адамның өзин-өзи тутыўы актив искерлик, дөретиўшилик мийнет, мийнет сүйгишлик пенен ушласады.

Наўайы пикир етеди: азға разы болыў адамларды сықмарлықтан, ғәрезлиликтен ҳ.т.б. сақлайды. Мәселен, адам ишиўде, жеўде ҳ.т.б. ҳәрекетлеринде адам өлпеңликке ийе болыўы тийис.

Жақсылық түсиниги Наўайыда адамгершилик пенен тығыз байланыслы. Жаманлық – жақсылықтың қарама-қарсылығы, кемшиликлердиң синоними, унамсыз социаллық қубылыслардың ҳәм пәс поступоклардың синоними.

Наўайыда сондай-ақ, дослық ҳәм муҳаббат, бахыт туўралы пикирлери бар. Наўайы өзиниң "Макбулул кулуб" шығармасында ҳақыйқый досты былай сыпатлайды: "Если кто-то чей-либо друг или считает себя другом, он не должен делать ему то, чего он в отношении себя не позволяет; а еще лучше, если он в отношении друга не позволяет себе даже то, что позволяет в отношении себя. Он может душой и телом от бесчисленных мучений страдать, по своему другу он не должен страдать позволять, а для того что бы избавить друга от мучений, он должен быть готов жизнь отдать" (Навои А. Соч. Т. X. с.78).

Фархад, Мажнун, Шапур, Лейли ҳ.б. усындай адамлар.

Наўайы муҳаббатты үш түрге бөледи: 1) Қәдимги әпиўайы муҳаббат. 2) Таңлаўлы адамлар арасындағы муҳаббат. 3) Қудайлық, мистикалық муҳаббат. Наўайы: "Любовь – это удар молний, сжигающий гумно разума и веры, буря разносящая по миру его пепел. Для неё одинакова нищий и шах, она благочестивого и развратного обращает в прах" (Навои. Соч. Т.X. с.65).Садықлық ҳүждан категориясы менен тығыз байланыслы. Демек, ким

өзиниң сүйиклисине садық болса, сол өмирде таза, сол адам ҳақыйқый ўазыйпа ҳәм ҳүжданлық адамы. Наўайы өмирде ҳақыйқат бири-бири сүйгенлер аз, өзлериниң ўәделерин бузатуғынлар көп екенлигин айтады. Ҳақыйқый муҳаббатқа ийе Мажнун, ол отты секирип Лейлаға өтеди. Сөйтип сынақтан өтеди.

Наўайы басқа да ойшыллар сыяқлы әдеп-икрамлықтың әпиўайы нормаларына, оның орны ҳәм ролине үлкен дыққат бөлди. Әсиресе кишипейилликтиң, жумсақлықтың басқарыўшыларға жүдә кереклисин айтады.

Этиканың орта әсир дәўиринде раўажланыўы диний идеологияның рамкасында әмелге асырылды. Бул Европа ушын ҳәм Шығыс ушын ҳәм тән. Евангелияда ҳәм "ширкеў аталарының" мийнетлеринде берилген христианлық этика белгили дәрежеде қулийелеўшилик жәмийетте пайда болған қуллардың ҳәм мийнеткеш массаның моралын сәўлелендирди. Өмирлик шараятларға немқурайдылықты ўәсиятлаў ҳәм тәғдирге көниў ҳәм жердеги қумар ҳәм сезиўликлерден ўаз кешиў стоиклик этиканың тийкарғы мазмунын қурай отырып, христианлық этикадағы аскетизм ҳәм жаманлыққа қарсыласпаў моралы менен сиңиседи.

Христианлардың биринши общиналары қуллардан ҳәм азат етилген қуллардан турып, олардың моралы дәслеп демократиялық ҳәм көп жағдайда прогрессив характерге ийе болды. Бул белгилер Евангелиялардың гейбир этикалық жағдайларында сәўлеленди. Христианлық этика ҳәмме адамлардың теңлигин дағазалап ҳәм абстракт альтруизмди моральдың бас принципи қылып алға үлкен адым жасады. Деген менен, бул адым тек қудайдың алдындағы теңлик пенен шекленди. Ал власттың алдындағы теңлик болмады. Рәсмий түрде ширкеўлик мораль сословиялық-феодаллық мораль болды.

Ерте христианлық этика тийкар сыпатында Сократтың, Платонның, стоиклердиң (әсиресе Сенеканың б.э.ш. 4-65-жыллар, Филон Александрийский – б.э.ш. 25-50-жыллар) дененің ширигенлиги ҳәм руўхтың мәңгилиги ҳаққында идеалистлик тәлийматларын алды.

Тертуллиан (155-222) Блаженный Августин (354-430) қулларды бағыныўға шақырды ҳәм о дүньяда бахытлы болыўға тәшиўишлендирди.

Орта әсирлик христианлық этика жүдә иррационализм ҳәм мистицизм менен ажыралып турады, қудайлық культты қоллаўы менен, пүткил руўхый турақлықты диний догмалардың тәртибине сәйкес алып барыўға бағдарлаўы менен айрылып турады. Христианлықтың тийкарғы идеялары дерлик өзгериссиз қалды, себеби олар мүлклилерге ҳәм жарлыларға ҳәм оң түсти. Мәселен, жарлылар ҳеш болмаса о дүньядағы кек алыўға исенди.

**Фома Аквинский (1225-1274)**

Аристотельдиң этикасын христиан тәлийматының мәплерине жүгиндирди. Бул бойынша әдеп-икрамлық баҳалықлар системасын динге алып келди. Фома Аквинскийдиң пикиринше, ҳәрбир динге исениўшиниң өзиниң өлмейтуғын жанын қутқарыўға зыянкеслик қылыўы гүнә болады. Қулласы, Фома Аквинский пикиринше, ҳәрбир адам пүткил адамзатқа қатнасын белгилейтуғын төмен жақсылыққа ийе болыўы, сондай-ақ жоқары теологиялық, қудайға қатнаслы жақсылыққа ҳәм ийе болыўы керек.

Орта әсирлер мусылман шығысында ортаға тасланған көп ғана әдеп-икрамлық машқалалар Европа Ояныў дәўиринде ҳәм үлкен әҳмийетке ийе болды. Лекин оларға көбирек инсанпәрўарлық, инсанды улығлаў, инсанның ақылының қүдиретине исеним сыяқлы жаңа көз-қарастан жантасылды. Ояныў дәўири орта әсирлерден жаңа дәўирге өтиў басқышы сыпатында көринис тапты.

Ояныў дәўириниң әдеп-икрамлық тәлийматының ўәкиллериниң бири италиялы философ **Лоренцо Велла (1407-1457).** Велланың “Ҳақыйқый ҳәм жалған жақсылық”, “Ықтияр еркинлиги ҳаққында” сыяқлы шығармалары бар. Бул мийнетлеринде ҳәмме жаны бар затлар өзин сақлаўға, жаман нәрседен қашыўға умтылыўға бағдарланған дейди.

Велла инсанның жанлы тәбият пенен байланысын руўх арқалы тереңлестиреди. Оның пикиринше, ҳайўанлар ҳәм адамларға усаған нерв, ақыл, ерк, таңлаў, қәбилет, ашыныў сыяқлы базы бир руўхый ҳалатларға

ийе. Лекин сөйлеўге, күлкиге, айрықша көркемликке ийелиги менен ҳайўаннан айрылып турады. Велла ләззетти ҳәмме жерде ҳәмме умтылатуғын, руўх ҳәм вужуд заўықланыўын өз ишине алатуғын неъмат деп атайды. Ол, ҳеш ким қандай бир мақсетлер ушын ләззетленбейди, ләззеттиң өзи мақсет. Велланың пикиринше Қудай инсанларға иләҳийлик беретуғын қубылыс, көбирек мақсет емес, фактор.

Ықтиярлы ерк мәселесине Велла үлкен кеўил бөледи. Оның пикирлеўинше, ҳәрбир инсан абаданлық ушын умтылады, жаўызлықтан қашады. Гейбир адамлар басқаларға жаманлық ислей қойса өз абаданлығын гөзлеп усындай ис қылады. Абаданлықтың ең мықлы шәрти – бахытсызлық, қәўип-қәтерден жырақта болыў.

Пазыйлет, Велланың пикиринше, ләззетке зәрүрий тәбийий умтылыўды жолға салыўда жәрдем береди. Бундай пазыйлет өз ҳалынша мақсет емес, бәлким ләззетке – пазыйлетлер маликасына бойсынады. Үлкен ләззетке шығыў ушын киши ләззеттен бас тартыў мүмкин. Велла қудайға қорқыў менен ибадат қылыўды мақул көрмейди. Лоренцо Велланың әдеп-икрамлық мәселелери бойынша жуўмаққа келсек, ол адамлар арасында болатуғын бәрше байланыслар ҳәм қатнасларда мәпти нәзерде тутады, ҳәттеки қудайға мүнәсибетти ҳәм усы мәп пенен байланыстырады. Буннан жеке адам ҳәм социаллық өмир ажыралмас байланыста деген жуўмақ шығады. Бул пикирлер кейиншелик Спиноза, Гоббс, Локк сыяқлы ағартыўшылар тәлийматларына түртки болды.

**Макиавелли Никола (1469-1527)**

Италия ойшылы, мәмлекетлик искер, тарийхшы, жазыўшы. Социаллық-сиясий проблемаларға идеологиялық аспектте емес, ақыл-ой, тәжирийбеге сүйенген ҳалда қатнас жасады. Ол тарийхта нызамлы күшлер мәселен, тәғдир, фортуна болмады дейди. Соның менен бирге тарийх – адам искерлигиниң, оның ақыл-ойының ҳәм еркли аренасы. Табыстың дереги – адамлардың ҳәрекет образы менен затлардың реаль барысының емес, тәғдирдиң келисими.

Макиавелли индивидтиң искерлигин жәмийетлик топарлардың

соқлығысыўлары менен байланыстырады. Ҳәттеки мүлкдар ҳәм мүлкдар емес класслардың гүреси туўралы ҳәм айтады. Бул бойынша ҳәттеки қатламлардың конкрет социаллық-экономикалық ҳалатын, көп ғана сиясий көрсетпелердиң келип шығыўын айтады. Сөйтип ол бул мәнисте сиясаттың теориялық анализин моральдан ажратып қояды. Макиавелли ширкеў тәрепинен санкцияланған теологиялық этика ҳәм моральды билди. Соның менен бирге руўханыйлардың, папа сарайының патаслықта екенлигин ҳәм айтты. Болыўы тийис пенен ҳақыйқатлықты бөлип таслаған мораль, Макиавеллидиң пикиринше, ҳәрқашан адамды сәтсизликлерге алып келеди. Макиавеллидиң пикири: тек ғана жақсылық ислеймен деген адам соншелли жақсылыққа жатлардың арасында қурбан болады. Адамлар жаманлыққа бейим ҳәм зәрүрлик ғана мийиримсизликке алып келеди. Бул зәрүрлик өзин күшке тийкарланған власть сыпатында ашады. Оның пикиринше, өзи жасаған дәўирдеги бөлек-бөлек болып бөлинип кеткен Италияның орнына қүдиретли, ғәрезсиз мәмлекетти орнатыў ушын қәлеген қуралды пайдаланыў мүмкин. Ўатан ийгилигинен жоқары адам ушын пазыйлет жоқ. “Ўатанды қалай болмасын жақсы қорғаў ушын даңқлы ҳәм бийабырой қураллар менен ҳәм қорғаў керек” деди. Гегель Макиавелли туўралы мынадай дейди: “Мәмлекетти қәлиплестириў зәрүрлиги атлы жоқары сананы басшылыққа ала отырып, сол дәўир жағдайында қәлиплесиўи мүмкин мәмлекетке сәйкес қәделерди формулировкалады”. Мәселениң бундай қойылыўы мораль менен сиясаттың қарама-қарсы қойылыўына алып келди. Шынында да, бул жағдай буржуазиялық жәмийеттиң шараятлары менен зәрүрли түрде пайда болады. Ал соң ала бул макиавеллизм деп аталған сиясаттағы принциплер менен ҳәрекетлерди тийкарлаўға алып келди. Дурыс, макиавеллизм Макиавеллидиң көз-қараслары менен сәйкес келе бермейди. Ақыры ол идеалда мақсет пенен қуралдың сәйкес келиўине исенди ҳәм өзиниң миннетин жасларды жақсылыққа үйретиўде көрди, бузықлықтан қашыўға, мийнетке шақырды, дворянларды бийкарға жүрген ис жақпаслар деп атады.

Макиавелли жақсы тәртиплердиң адамларды бахытлы

ететуғынлығына исенгени менен оның тәлийматында улыўма мәплер менен жеке мәплердиң гармониясы туўралы гәп жоқ, индивид мәмлекеттиң қурбаны сыпатында қаралады. Макиавеллидиң тийкарғы этикалық идеялары оның "Ҳүкимдар" (1513-жылы жазылған, 1532-жылы басылып шыққан) атлы мийнетинде жәмленген.

## 4. Орта әсирлер, ояныў, Жаңа дәўирде этикалық ойдың раўажланыўы. Немец классикалық философиясы ўәкиллериниң этикалық көз-қараслары.

Германияда XVIII әсирдиң ақыры XIX әсирдиң биринши ярымында этикалық ойдың раўажланыўы немец классикалық философиясының рамкасында әмелге асты. Оның тийкарын салыўшы **Иммануил Кант (1724-1804).** Оның этикасында бир тәрептен әззилеў немец буржуазиясының нравлары ҳәм талаплары, оның феодаллық шашаўлыққа қарсы шығыўы сәўлеленсе, екинши тәрептен олардың жаңа потенциаллық күшке ийе жаңа класслардан қорқыўы сәўлеленди.

Кант француз материалистлериниң эгоизмин ҳәм сенсуализмин, көп ғана англичан этиклериниң гедонизми менен утилитаризмин бийкарлады. Ол моральлық философияны қубылыслар дүньясы, шекленген адамзат билиўи менен танып билип болмайтуғын "өзлик зат" – адамның дүньяның мәңги жоқ ҳәм қудайдың бирлигин ишинен мойынлаўы арасындағы келиспеўшиликти болдырмаў арқалы пайда етиў мүмкин. Философ саналы түрде ақыл-ойды шеклейди. Буның мәниси исенимге орын бериў керек, яғный жанның өлмейтуғынлығын дәлиллеў ушын логикалық нызамлардан моральлық нызамларға өтиў керек.

Кант түсиндириўинше тәбийий, эмпириялық қатнаслар дүньясында (қубылыслар дүньясында) адам еркин емес, оның ерки бул жерде сыртқы себеплиликке ҳәм зәрүрлиликке (гетерономия) бағынған. Бирақ мораль сферасында адам еркин: оның ерки автономиялы, сыртқы себеплерден бийғәрез, оның ерки өзине өзи нызам. Бул автономиялы "жақсы ерк" (Канттың атамасы бойынша "практикалық ақыл-ой") жоқарғы әдеп-

икрамлық нызам – “категориялық императив пенен” келисимге бағдарланған. Оның мәниси: “Сениң поступогыңның максимасы ғалаба нызам болыўы ушын поступок исле” (“Поступай так, чтобы максима “твоего поступка могла стать всеобщим законам”). Бул бойынша Кант әдеп-икрамлық ўазыйпа санасын ғалаба моральлық нызамды бежериўге бағдарланған сезиўлик, эмпириялық бейимлилик қатаң ажыратыўға умтылады: егер әдеп-икрамлылық нызамның бийлиги менен сәйкес келетуғын поступокларға адамды тәбийий бейимлилик ийтермелесе, онда бундай минез-қулық легаль деп аталады, бирақ еле моральлық емес. Поступок тек әдеп-икрамлылық нызамға ҳүрметтен ғана әмелге асырылса моральлық болады. Егер тәбийий мотивлер бойынша ҳәрекетлер менен әдеп-икрамлық нызам бойынша ҳәрекетлер арасында конфликт пайда болса, Кант моральлық ўазыйпаға сөзсиз бағыныўды талап етеди.

Кант этикасында ўазыйпалылық (долженствование) айрықша орынға ийе. Егер тәбиятта себеплилик принципи ҳүким сүрсе, моральда ўазыйпалық принципи өмир сүреди. Философ ўазыйпаны бахытқа жеке умтылыў менен байланыстырмаўды талап етеди. Ол ушын бахытқа жетиў процесинде әдеп-икрамлық болыў, өмирдиң мәниси, бахытты көриўден әҳмийетлирек. Ўазыйпаның талапларын сақлаў моральлық жақсылыққа алып барады. Бул категория ўазыйпа категориясына қарай бағыныўшылыққа ийе. Ҳүждан ҳәм адамның ўазыйпасы туўралы ядына түсирип ескертип турыўын аңлатады. Бул жерде Канттың анық ригоризмин көриў мүмкин. Әдеп-икрамлық ўазыйпа адамлардың эмпириялық тәжирийбеси тәсиринде емес, ал “таза” еркten, абсолют жақсылықтан келип шығады, “ақыл-ойда” (Разум) пайда болады. Ол категориялық императивтиң мазмунын қурайды, адамға қурал емес, ал мақсет сыпатында қатнас жасаўды буйырады. Бул жеке адамның өзин-өзи басқарыўынан келип шығады.

Еркин ерк ҳәм зәрүрликтиң, моральлық ҳәм ўазыйпа өмирдиң мәниси ҳәм мақсетиниң ара-қатнасы мәселесин шешиў мүмкиншилигине ийе болмаған Кант өзиниң әдеп-икрамлық туўралы тәлийматына практикалық

ақыл-ойдың үш постулатын енгизеди. Ҳәрбир адам ишки дүньясы бойынша категориялы императивти сақлаўға бағдарланған абсолют, автономиялы әдеп-икрамлық еркке ийе; өмирдиң қысқалығына байланыслы адам әдеп-икрамлық идеалға жетисе алмайды, қудайға исеним арқалы ол өзиниң жанын өлмейтуғын ете алады, зәрүрли ўақытта сорап алады; өмирде бахытты, ийгиликти, әдалатты адамларды жақсылығына сәйкес бөлистириў мүмкин емес, бирақ о дүньяда қудай ҳәркимге оның моральлық баҳалығына пропорционал дәрежеде береди. Солай етип, адамлардың практикалық тәжирийбесинен еркин этиканы жасаў мақсетинде Кант қарсылықлар дөңгелегинен шыға алмайды. Ол мораль мәселесинде ашықтан-ашық идеалистлик позицияларға өтеди, дин менен маўасылығын болдырды. Логикалық "Қудайдың болмысының" орнына моральлық дәлиллеўлерди усынады. Ғалаба моральлық нызам, ўазыйпа, "адамзат" ҳәм "адам" онда абстрактлыққа ийе, социаллық практикадан ажыралған. Бирақ көп ғана идеяларға илимий подходында прогрессив мәнис барын ҳәм умытпаўымыз керек.

Кант тийкарынан немец буржуазиясының философы бола отырып, өзиниң этикасында буржуазияның теориялық ойларын ҳәм идеяларын оның материаллық мәплеринен бөлип алып қарап, моральлық поступокларға өтеди ҳәм сөйтип мәңги, универсаль этиканы ҳасыл етиўге үмитленеди.

**Гегель (1770-1831)**

Объектив идеализм позициясынан Канты оның априорлық-догматиклик "үйлеспейтуғын" этикасы ушын, оның "улыўма адамзат" ушын абстракт ўазыйпаға хызмет етиў идеясын "өзлик зат" сыяқлы "моральлық адам" ушын критикалады.

Гегель адамды жәмийетлик ҳайўан сыпатында түсинетуғын болсақ, оны ишки ҳәм сыртқы деп бөлиў мүмкин емес дейди. Ол айтады: "Адам сыртынан қалай болса, яғный өзиниң ҳәрекетлеринде қандай болса, ишки жағынан ҳәм сондай" (Гегель. Соч. Т.1. М-Л, 1929, с. 234). Оның ойынша бири екиншисиз мазмунсыз қурғақ фраза ғана.

Ол субъектив идеализм принциплерине тийкарланып, оны объектив, социаллық нызамлар менен байланыстырмайтуғын қәлеген моральды қатаң сынға алды. Гегель этиканың алдына ҳәзирги ҳақыйқатлықта бар нәрселерди изертлеў ўазыйпасын қойды. Бул жерде Гегельдиң этиканы Пруссия монархиясының ҳақыйқатлығы менен маўаса қылыўға умтылыўы көринис табады.

Гегельде этика ямаса әдеп-икрамлылық туўралы тәлиймат ҳуқық философия болып өз ишине мыналарды киргизеди: 1) абстракт ҳуқық. 2) мораль. 3) Әдеп-икрамлылық, оған өз гезегинде семья, пуқаралық жәмийет, мәмлекет киреди.

Руўх областында әдеп-икрамлықтың раўажланыўының объектив нызамлылығын мойынлайды, оның сиясат пенен экономика менен, социаллық ҳәм диний қатнаслар менен байланысын көрсетеди. Бирақ Гегель әдеп-икрамлылықты (объектив родлық адамзат руўхы, моральлықтың жоқарғы басқышы) пүткил жәмийетлик раўажланыўдың ҳәрекетке келтириўши пружинасы деп қарап, барлық социаллық қатнасларды "басына" қояды. Демек, форма Гегель тәрепинен қаншелли идеалистлик аспектте қойылғаны менен мазмуны соншелли реалистликке ийе.

Гегельдиң пикиринше, әдеп-икрамлықтың зәрүрли шәрти ҳәм тийкары ерктиң еркинлиги. Ол өзиниң диалектикалық раўажланыўында үш стадияны өтеди: 1) Тәбийий ерк. Ол адамның тилегиниң шексизлиги ҳәм белгисизлиги менен характерленеди; 2) Өз билдигиншилик (произвол). Бул бойынша адамға субъектив түрде тәўир көргенин таңлаў мүмкиншилиги болады; 3) Акылға сыйымлы ерк. Бул ҳақыйқый еркинлик. Әдеп-икрамлық еркинлик танып билинген тарийхый зәрүрлик. Бул теориялық жағдай мысаллар менен беккемленген. Индивидуаллық ерк ғалаба еркке бағыныўы тийис, ең соңында мәмлекетке – "жердеги қудайлыққа" бағыныўы тийис. Бул жерде Гегельдиң философиялық системасы менен диалектикалық методының арасындағы қарама-қарсылық тәсир етеди.

Усы үш бөлекке бөлиў адамның еркиниң еркинлигиниң үш

басқышына сәйкес келеди. Абстракт ҳуқық түсиниги болып жеке адамның еркиниң сыртқы болмысының пүткил области алынады. Гегель бул жерде қәлиплескен буржуазиялық жәмийеттиң мүлкий қатнасларын аңлайды.

Мораль сферасы – бул жеке адамның субъектив исенимлери, минез-қулқының мотивлери, мақсетлери, тилеклери, ойлары. Ол субъекттиң айрықша еркиниң ишки тийкарын, мәнисин абстракт ҳуқықта көринетуғын оның сыртқы поступокларының жасырын стимулларына ашады. Әдеп-икрамлық Гегельдиң пикиринше, “объектив руўхтың” раўажланыўының жоқарғы басқышы, ҳуқықтың ҳәм моральдың тийкары. Онда жәмийеттеги ҳәмме адамлардың еркинлигиниң өз-ара мойынланыўы әмелге асады. Гегель “пуқаралық жәмийеттиң” жарлыларға ҳәм байларға бөлиниўин дәлилледи. (“Талаплар системасы – Система потребностей”).

Гегельдиң пикиринше, ҳәмме адамлардың поступоклары өзлериниң нийетлери менен талапларын, ҳәўеслигин, қумарларын қанаатландырыўға бағдарланған. Усы қанаатландырылған нийетлерин ол ийгилик деп атайды. Ийгиликти иске түсирмей субъект өзиниң моральлық ўазыйпасын орынлай алмайды. Бул моральлық ўазыйпа Гегельдиң түсиндириўинше мынадай: “жақсылықты түсиниўге ийе болыў ушын, оны өзиңниң тилегиң қылыўың ҳәм оны өзиңниң искерлигиңде әмелге асырыўың керек” (Гегель. Соч. Т.3. М., 1956, с.303).

Жақсылық адамның жеке, индивидуаллық моралы менен жәмийетлик ийгиликтиң гармониялық, бузылмас бирлиги. Адам ушын ең баслысы – адамның жеке өмирин сақлаўы. Жақсылық ҳәм жаманлық диалектикалық жақтан өз-ара байланысқан. Гегельде жаманлық тарийхый раўажланыўдың ҳәрекетке келтириўши күши көринген форма. Гегель этикасының басқа “категориялары” ҳәм, мақсет ҳәм айып, тилек ҳәм ийгилик, жақсылық ҳәм ҳүждан, бахыт ҳәм ўазыйпа өз-ара диалектикалық байланыста. Ҳақыйқый, формаль емес ҳүждан, Гегельдиң түсиндириўинше, адамның әдеп-икрамлық өзин-өзи бақлаўы, қадағалаўы болады. Ол жақсылықты ҳәм ўазыйпаны әмелге асырыўға бағдарланған. Гегельде шаңарақ ҳәм неке туўралы баҳалы пикирлер бар. Бирақ ол шаңарақта ердиң үстемлигин,

ҳаялдың теңсизлигин тастыйқлады.

Гегель моральды мәмлекеттиң сиясий талапларына алып барып натуўры иследи. Ол қатламларды ҳәртүрли топарлардың келисим қурал етиў менен байланыстырды. Конституциялық монархияны идеалластырды. Дурыс, Гегельдиң улыўма философиялық системасы моральластырыўдың элементлерине ийе (“То, что действительно, то разумно”, совпадение процесса становления абсолютного духа с завоеванием духом свободы).

Гегельде онтология ҳәм этика теңлестирилип жибериледи (“Действительность, разум есть также и добро”). Оның үстине, қайталап айтамыз, оның прусс мәмлекетине апологетикасы ҳәм моральды жетерли баҳаламаў. Әдеп-икрамлық жақсылықтың орнына өмир сүрип турған жәмийет ҳәм мәмлекет санкция берген әдеплилик (“добропорядочность”) қойылады ал адамзатқа хызмет етиў идеяны (абстракт түрде Кантта категориялық императивте көринис табады). Конкрет ҳәм жеке миннетлер менен алмасады. Олар: жекеликтиң элементлери – семья, айрықшалық – мәмлекетлик искерлик сферасы, “пуқаралық жәмийеттеги корпорациялар ҳәм сословиялар” ҳәм ғалабалық (мәмлекетлик искерлик сферасы) соңғысы “конкрет тотальлықтың” иске асыўы сыпатында белгилеўшилик рольге ийе. Солай етип, Гегель этиканы семья, жәмийет ҳәм мәмлекет алдында мораль деп түсинеди. Усы себепли өмир сүрип турған тәртип болыўы тийислик позициясынан критикалаўды бийкарлайды, “уллы адамлардың” мәмлекетлик искерлигин әпиўайы адамзатлық моральлықтан азат етеди. Әдеп-икрамлық қатнаслардың субъектив тәрепи (ҳүждан ҳәм идеал) ҳәм жеке адамлық моральлық жуўапкершилиги, жеке ҳәм жәмийетлик моральдың ара-қатнасы, мәселен, олардың арасындағы конфликт мүмкиншилиги дыққатсыз қалады. Бундай бир тәреплемелик С.Къеркогор тәрепинен биртәреплеме киритикаланды ҳ.т.б.

Әлбетте Гегель этикасының консервативлигине қарамастан диалектикалық тереңлиги, конкрет-тарийхый мазмунлылығы басым. Адамзаттың моральлық раўажланыўын илимий түсиндириўде философияда исленген үлкен адым болып табылады.

**Людовик Фейербах (1804-1872)**

Фейербахтың моральды тастыйқлаўдағы материалистлик көз-қарасы тәбият ҳәм ақыл-ой менен сәйкеслик сыпатындағы **э г о и з м** принципине сүйенеди. Оның эгоизми бул адамзатқа муҳаббат. “Жақсы”, “кеўилшек”, “қайырхомлық”, “адамгершилиги” эгоизм басқа адамлардың мәплеринен ажыралмайды. Ол тек индивидуаллық сезим емес, социаллық, семьялық, жәмийетлик, патриотлық эгоизм сыпатында көринеди.

Фейербахтың пикиринше, мораль “мениң”, “сенге” қарапайым қатнасында, демек бир биологиялық индивидтиң екиншисине қатнасында көринис табады. Оның адамы – абстракт адам, тарийхый емес.

Моральлық қатнаслар адамзат қатнасларының тийкарғы формасын қурайды, себеби моральда прогресстиң дерегин көреди. Бул қатнаслар Фейербахта тийкарынан жынıслық қатнаслар болады. “Для возникновения морали нужна, по меньшей мере два человека – мужчина и женщина. Больше того, половое отношение можно прямо характеризовать как основное нравственные отношение, как основы морали” (Л.Фейербах. Избр. Филос. пр. Т.1. М., 1955, с.618). Жынысый муҳаббат, Фейербахтың пикиринше, бахыттың, улыўма моральдың тийкары.

Эвдемонистлик принциптен шыға отырып, Фейербах ҳәртүрли этикалық категорияларды қарайды. Сезиўлик – “биринши категориялық императив” – адамларға сезиўлерди, ләззетлерди таңлаўда жәрдем береди. Олардың ишинде материаллық ийгиликлер, тәбийий талаплар үлкен орын ийелейди. Бахыт улыўма анықланыўында – индивидлердиң жеке бахытларының суммасы. Ҳүждан әдалатты, ўазыйпаны адамлар алдындағы жуўапкершиликти тарийхый түсиниў менен тиккелей байланыслы. Фейербахтың пикиринше, ҳүждан, әдетте аморальлық поступоктан кейин көринеди.

Бахытқа бағдарланған моральлық қатнаслар, яғный басқалардың мәплери менен келисилген ҳалдағы индивидтиң эгоистлик мәплерге жетиўге бағдарданыўы ҳәрбир адамнан ақылға сыйымлы дәрежеде өзин-өзи шеклеўди талап етеди. Жеке адам ҳәм жәмийет проблемасын Фейербах

бас проблемалардың бири, ал адамның мәпин пүткил адамзаттың бахыты деп есаплады. Бахытқа жетисиўде дин кесент береди. Фейербах христиан дининиң орнына моральлық динди, ғалаба муҳаббат динин усынды. Фейербах бир жағынан буржуазиялық исбилерменликти ҳәммениң бахытқа жетиўиниң шәрти сыпатында қарады. Деген менен, Фейербах этикасы адамзат бахытының орнаўы ушын жәмийетлик болмыстан өзгертиўди қоймады, антропологиялық характерге ийе болды. Ол абстракт адамды тийкар етип алып, ол жасайтуғын дүнья туўралы ҳешнәрсе айтпайды. Әлбетте оның этикасының гуманитслик традицияларының роли жәмийетлик пикирлер тарийхында жүдә жоқары

## 4. XIX-әсирдеги Қарақалпақстанда этикалық ойдың раўажланыўы. (Күнхожа, Әжинияз, Бердақтың этикалық көз-қараслары

### Күнхожа (1799-1880)

Жарлы шаңарақтан шыққан. Өмиринше жалшымай өткен. Бул оның шығармаларында анық сәўлеленген. Оның этикалық көз-қарасларында айрықша орын әдеп-икрамлықтың дереги ҳәм адам минез-қулқының мотивлери туўралы мәселелер қойылады. Мәселен, ол өзиниң “Сергиздан” (“Измученный”) атлы шығармасында материаллық жетиспеўшиликтиң жарлы адамның күн көрисине тәсири туўралы дурыс жуўмақлар шығарады. Ол аштың ойы менен тоқтың ойының айырмашылығын айтады. Аш-әптадалық, аш балалар жақсы көңил-күй болдыра алмайды. Қыйналыў ҳәм қайғыдан, бир тислем наннан, басқа аш адам нени ойлаўы мүмкин? Шайыр жазады:

“У голодного мозги мутят,
У сытого голова мыслит,
Кто лишения терпит,
Горем и печалью живет”

Сондай-ақ, Күнхожа өзиниң “Заман” қосығында өзи жасаған феодаллық дәўирдиң тийкарғы социаллық кемшиликлерин көрсетеди.

Олар: бүлгиншилик, ашлық, егин болмаў, ғалаба аўрыў, ылаң, адам қанының суўдай ағыўы ҳ.т.б. Бул Бердақтың "Заманға" қосығы менен үнлес (бунда мийнеткешлердиң аўыр гезенделик өмири сәўлеленди).

Күнхожа басқа да өзи жасаған дәўирдиң ойшыллары сыяқлы әдеп-икрамлық принциплерди мәңги қубылыс сыпатында қарамады. Оның қосықларында жақсылық ҳәм жаманлықтың ара-қатнасы жақсы көринис табады. Ол өзиниң шығармаларында халықтың улларын өз ўазыйпасын орынлаўға шақырды. Буған оның "Неге керек", "Ел менен" қосықлары гүўа. "Неге керек" қосығында қорқақлықты қатты сынға ала отырып, мақтаншақ батырсымақлар керек емес, ақыры олар халықтың ар-намысына керек ўақтында қорғамайды дейди. Солай етип, Күнхожада жақсылық, жаманлық ҳәм ўазыйпаны социаллық-тарийхый шарайытлар менен тығыз байланыста, ҳәрбир конкрет тарийхый шарайытларға мәплери менен бирге қараў бар.Тағы бир момент Күнхожа ескеркенимиздей-ақ өзиниң "Ел менен" қосығында унамлы ҳәм унамсыз әдеп-икрамлық поступоклардың ҳақыйқый мәнисин ашады ҳәм бул адам искерлигинде оның еркиниң еркинлигиниң раўажланыўының қуралы болады.

Күнхожада патриотизм, өз халқын, Ўатанын сүйиў идеясы басым. Ол, мәселен, өзиниң "Жайлаўым" атлы шығармасында Тоқтас, Мантиқ, Жолайыр, Көпир, Бөгет, Көк-өзек, Айырма, Тербенбес сыяқлы орынларды йош пенен улығлайды.

**Әжинияз (1824-1878)** дөретиўшилигиндеги социаллық-этикалық идеялар адамға, социаллық әдалатқа көбирек бағдарланған десе лап болмайды.

<u>Әжинияздың гуманизми адамның руўхый-дөретиўшилик мәниси, оның дүньядағы орны, ҳәттеки адамның Алланың дөретпесиниң шыңы сыпатында өзгешелигин ашыў менен байланыслы.</u> Ол пикирлейди: "Бул дүньяның көрки адам баласы, Адамзаттың көкке жетер наласы". Адам туўралы Әжинияздың пикирлериниң тийкарында адамның ақыл-ойы мәселеси бар. Бул ақыл-ойға, адам Алла таала тәрепинен ийе болған. Ақыл-ой адамның руўхый-жекелик ҳәм жәмийетлик жетилисиўиниң бас

факторы.Адамның ишки дүньясын, Әжинияздың пикиринше, жоқарылататуғын ҳәм байытатуғын сезим, бул – муҳаббат. Муҳаббат зулымлыққа ҳәм күшлеўге қарсы шығып, адам руўхый-әдеп-икрамлық мәнисин қурайды: “Он вечно горит в пламени любви”.

Муҳаббатты түсиниў гуманистлик мазмунның контекстинде, адамды гуманизациялаўға байланыслы қаралады. Суўпылық мәмлекет ҳәм бар. Гуманистлик умтылыўлар Әжиниязды улыўма адамзатлық баҳалықлар сыпатында патриотизм, Ўатанға муҳаббат пенен ушласады. Мәселен, оның тарийхый поэмасы – “Бозатаў” ҳәм бирқатар лирикалық шығармалары. “Ядыма салды” қосығында жазады: “Как человек ________________________________________________________(42-бет)”.

Шайыр пүткил Хорезмди өзиниң Ўатаны деп есаплайды. Оның қосықларында Ўатан ең алды менен халық пенен, оның дәўирлери, үрп-әдетлери, өз халқы ушын мақтаныш пенен байланыстырылады:

“Өтирикти рас етип айтпаған,
Бас кессе де туўры жолдан қайтпаған,
Намәҳремди ҳасла жолдас тутпаған”.

Патриотизм ҳәм әдеп-икрамлық проблемаларын байланыстырады. Ол “адамнан” “инсанды” оның жоқарғы руўхый-әдеп-икрамлық көринисинде ажыратып билди. Халықлар дослығы оның қосықларында мол. Шығармаларының орайлық, байланыстырыўшы әҳмийети тийкарынан әдалатлық пенен байланыслы. Жер бетинде күшлеўди, езиўди жоқ етиў ушын әдалаттың ҳүкимранлығын нәзерде тутыў керек. Бул мақсетке жетиў ушын жәмийетте мүнәсип ханлар, басқарыўшылар, диний хызметкерлер, судьялар болыўы керек. Өз гезегинде, әдалат ҳәмме нәрсеге теңдей қатнас.

“Егер сен қазы болсаң, әдалатқа бағын,
Байға, жарлыға, беке, султанға теңдей қара”.

Әжиниязда әдалат, әдиллик нызамының тастыйықланыўы, әсиресе ең алды менен шариаттың тастыйықланыўы мәмлекетти басқарыўдың тийкары сыпатында қаралады.

“Бозатаў” поэмасында киши халыққа байланыслы әдалатсызлықтың

ақыбетиниң қандай болатуғынлығына дыққат бөледи. Сондай-ақ, Әжинияз ҳәттеки әдалатлы ҳүкимдар ҳәм халықсыз жүдә әззи дейди. Мәселен, "Болмаса" қосығында былай дейди:

"Тахт үстинде турған әдил султанлар,
Бир басына йоқ созар ели болмаса".

(Әжинияз (Зийўар). Таңламалы шығармалары. Нөкис, 1965, 76-бет)

Әдалат Әжиниязда абстрактлыққа емес, ал адамның, жәмийеттиң белгили социаллық мәплерине бағдарланған. Әдалатты үйрениў, бул ушын ағартыўшылық ҳәм ____________ байланыслы сөз болады.

____________________________________________________________43-бет).

байланыслы. Бул бойынша халықтың бай руўхый-әдеп-икрамлық потенциалын ҳәм айрықша ислам дининиң руўхый-баҳалылық имканиятларына пайдаланыў ҳәм нәзерде тутылады.

Ақыл-ой (разум) Әжинияздың пикиринше, әдеп-икрамлық минез-қулықтың бас критерийлериниң бири. Әжинияздың этикалық көз-қарасларында "жақсылық" ҳәм "жаманлық" адамның руўхый-әдеп-икрамлық қубылысларының ҳәм поступокларының еки полюслы, еки әҳмийетли категориялары. Жақсылық адамзат өмириниң мәниси көз-қарасынан зәрүрлик, адамды қыйналыўдан қутқаратуғынның ҳәммеси, ал жаманлық бундай подходлар позицияларынан жиберилмейтуғын ҳәм бийкарланатуғынлар. Әжиниязда "мәртлик" ҳәм "нәмәртлик" түсиниклери ҳәм бар. Бул категориялар баҳалаўлық характерге ийе.

Ўатан алдындағы әдеп-икрамлық ўазыйпа адамзат минез-қулқының ең жетекши мотивлериниң бири.

"Қанаат" түсиниги ҳәм бар. Ол сабыр түсиниги менен тығыз байланыслы. Сондай-ақ, "ҳүждан", "ийман", "сақаўат", "бақыллық" түсиниклери шайыр шығармаларында жүдә кең ислетиледи.

Әжиниязда өзинше категориялар иерархиясы бар ҳәм әдеп-икрамлық дидактика жақсылық пенен жаманлықты дурыс ажыратыў бар.

**Бердақ (1827-1900)**

Этикасында Ўатанға ҳәм өзиниң халқына муҳаббат, миллетлер

арасында дослық, өз халқының ҳәм басқа халықлардың үрп-әдетлерине ҳәм дәстүрлерине ҳүрмет ҳ.т.б. мәселелер кең орын тутады. Халықтың мәпине хызмет етиўди, бахыт ушын гүресті жоқары әдеп-икрамлық идеал деп қарайды. Оның пикиринше, жеке мәплер халықтың улыўма мәплерине бағындырылыўы тийис.

Ойшылдың дөретиўшилигинде шаңарақ, неке ҳәм муҳаббат, ҳаял-қызлардың теңлиги мәселелери ҳәм бар.

Бердақ этикасының ең зәрүрли тәреплериниң бири жасларды әдеп-икрамлықтың унамлы норма ҳәм принциплеринде тәрбиялаўды талап етиў. Ойшыл адамның дөретиўшилик, қурыўшылық миссиясын жоқары көтерди. Жақсылық ҳәм жаманлық сыяқлы категориялар өзгеретуғын, раўажланыўдағы түсиниклер сыпатында қаралады.

Бердақтың шығармаларында байлардың, руўханыйлардың жақпас ислери сынға алынады. Байлардың сықмарлығы, дин ўәкиллериниң гейбиреўлериниң сөзи менен исиниң бир шықпайтугынлығына дыққат аўдарылады. Мәселен, “Жақсырақ” қосығында былай дейди:

> “Бул сөзимди тыңла Нурмурат ахун,
> Орайсаң сәллеңниң ҳаррийтип жақын,
> Алдап мийнеткештиң көп жейсең ҳақын,
> Сеннен қайта ала ғарға жақсырақ”.

(Бердақ. Таңламалы шығармалары. Н., 1987)

Сондай-ақ, Бердақ өзиниң шығармаларында феодаллар менен байлардың практикалық моралын сынға алады. Бул мораль белгили дәрежеде езиўдиң феодаллық формаларын ҳәм оған тән әдеп-икрамлық кемшиликлерди мақуллар еди. Мәселен, “Еркебай” қосығында руўлар арасындағы конфликттен волостьлық басқарыўдың феодалдың утыўын айтады. Шайырдың “Айдос бий”, “Надан болма”, “Халық ушын” ҳәм басқа да қосықларында әдеп-икрамлық кемшиликлер аяўсыз сынға алынады.

Патриархаллық-феодаллық жәмийеттиң ҳүким сүриўши моралының нормаларын ҳәм принциплерин Бердақ мәңги қубылыс деп қарамайды: жақсылық, жаманлық категориялары относителли ҳәм олар халық, Ўатан,

халықтың ийгилиги, халық массасының бахты, Ўатанға муҳаббат ҳ.т.б. байланыслы. Жақсылық ҳәм жаманлық Бердақтың этикалық тәлийматында конкрет-тарийхый шараятларды өтеди. Сонлықтан олар оны шақыратуғын мотивлерге ийе. Мәселен, Бердақ өзиниң "Амангелди", "Ақмақ патша" поэмаларында Амангелди, Гүлим атлы қаҳарманлар арқалы ханның үстинен жүргизилетуғын жаманлық унамлы сәўлеленеди.

Халықтың ийгилиги Бердақ шығармаларында әдеп-икрамлықтың өлшеми сыпатында болады. Мәселен, оның "Халық ушын" қосығында халық массасының мәплерине хызмет етиў ҳәрбир адамның жоқарғы адамгершилигиниң тийкарғы өлшеми сыпатында қаралады. Белгили әдебиятшы, марҳум И.Сағыйтов Бердақтың бул қосығын шайырдың манифести деп атайды.

Бердақ адамның унамлы әдеп-икрамлық сапалары ҳәм белгилери туўралы айтқанда, ол ең алды менен мийнеткеш адамның абыройын көтереди. Оның барлық ең жақсы шығармалары мийнет адамларының әдеп-икрамлық қәсийетлерин ашыўы, олардың жәмийеттиң материаллық ҳәм руўхый баҳалықларын жасаўдағы ролин жоқары тутыўға қаратылған (Мәселен, "Халық ушын", "Излер едим", "Маған керек" ҳ.т.б.). Бердақ шығармаларында кишипейиллик ҳәм менменлик қарама-қарсы әдеп-икрамлық қәсийетлер. Бул көп жағдайда мүлкий теңсизлик пенен байланыслы. Шайыр еки жүзлиликти сынға алады.

Бердақ шығармалары Ўатанға муҳаббат, халықлар дослығы мәселелерин ҳәм кең қамтыған. Бердақтың патриотлық идеялары халық массасының патриотлық идеялары менен тығыз байланыслы. Буған оның "Амангелди", "Болған емес", "Айдос бий", "Жақсырақ" ҳ.т.б. шығармалары мысал бола алады. Аталған шығармаларда халықтың данышпанлығы көринетуғын сөз аңғарылады: "Ҳақыйқый жигит Ўатан ушын, халық ушын туўылады ҳәм Ўатан ушын ҳәм халық ушын өледи".

Халықлар дослығы ҳәм оның дөретиўшилигиниң бас объектлериниң бири. Мәселен, "Излер едим" қосығы:

"Шар китаптан тура қаштым,

Наўайыдан саўат аштым,

Физулиден дүрлер шаштым,

Дилўарларды излер едим”

(Бердақ. Таңламалы шығармалары. Н., 1977, 40-бет.)

XX әсир инсанийат жәмийетиниң жоқары дәрежеде раўажланған дәўириниң бири. XX әсир қарсаңында ҳәм даўамында ойлаўдың көп ғана бағдарлары жүзеге келди. Бул бойынша булардағы еки тәреп алоҳида дыққатқа ылайық: биринши олардың ҳәммеси, айрықша инсанды биротола үйрениўге қаратылғаны, екиншиси – философиялық болмаған ҳәм “философиялықтан” “шығып” кеткен пәнлердиң тийкар көз-қарасынан философиялық болыўы ҳәм философияның изертлеў қуралына айналыўы. Бул бағдарлардың ең мықлылары сыпатында психоанализ, философиялық антропология, өмир философиясы, экзистенциализм, философиялық герменевтика, феноменология, синергетика сыяқлы тәлийматларды келтириў мүмкин. Олардың арасында психоанализ бағдары бөлекленип турады.

**Сораўлар**

1.Әйемги дәуир этикасы ҳәм эстетикасы туралы айтып бериң?

2. Орта әсирлер эстетикалық тәлиматы туўралы пикириңиз?

3. Күнхожа, Әжинияз , Бердахтың эстетикалық көз-карасларын айтып бериң?

**Пайдаланылған әебиятлар:**

1. Исмаилов А.А, Жалалов Ж.Ж, Саттаров Т.К, Ибрагимходжаев И.И. Инглиз тили амалий курсидан ўқув-услубий мажмуа. Basic User/ Breakthrough Level A1/-Т.: 2011. – 182 б.

2. Ишмуҳамедов Р., Абдуқодиров А., Пардаев А. Таълимда инновацион технологиялар (таълим муассасалари педагог-ўқитувчилари учун амалий тавсиялар). – Т.: “Истеъдод” жамғармаси, 2008. – 180 б.

3. Ишмуҳамедов Р., Абдуқодиров А., Пардаев А. Тарбияда инновацион технологиялар (таълим муассасалари педагог-ўқитувчилари учун амалий тавсиялар). – Т.: “Истеъдод” жамғармаси, 2009. – 160 б.

# 4-ТЕМА: ҲӘЗИРГИ ЗАМАННЫҢ ТИЙКАРҒЫ ЭТИКАЛЫҚ, ЭСТЕТИКАЛЫҚ ПРОБЛЕМАЛАРЫ

**Жоба:**

1. XXI әсирде жеке адам үстинлиги ҳәм жаңа проблемалар

2.Илим ҳәм техниканың XX әсирдеги раўажланыўы: “моральлық фронттың отлы точкалары”.

3. А.Швейцер этикасы ҳәм оның әҳмийети.

4. Пост-мәденият ҳәм эстетика проблемалары.

***Таяныш тусиниги:*** *қәдирият, ҳуқық, ҳуқық, бурылыў*

## 1. XXI ӘСИРДЕ ЖЕКЕ АДАМ ҮСТИНЛИГИ ҲӘМ ЖАҢА ПРОБЛЕМАЛАР

Заманагөй әдеп-икрамлық проблематиканың өзгешеликлери ең алды менен раўажланған еллер адамларының баҳалаў ориентирлериндеги өзгерислер арқалы жүзеге келип отыр. XX әсир бул адамзат өзиниң пүткил раўажланыўы барысында басшылыққа алып келген дәстүрлердиң мәлим дәрежеде қулаў, қәдириятлардан бурылыў дәўири.

XX әсирде индивидтиң, жеке адамның қәдириятлары, ҳуқық ҳәм мүмкиншиликлериниң қулашын кең жайыўы, көп ғана халықлар ушын тән болған общиналық-коллективистлик ориентацияларды қысып шығарыў дәўири де. Коллективизм ҳуқық сын от ҳәм қылыш пенен орнатқан тоталитар мәмлекетлердиң жүзеге келиўи ҳәм қулаўы отқа май қуйған менен барабар болды ҳәм жеке адамның мәплерин прогресстиң байрағы, заманагөйликтиң жетекши лозунгына көтерди.

Жәмийеттиң қәдириятлық дыққаты орайына жеке адамды, оның ҳуқық ҳәм мүмкиншиликлерин көтериўи ҳәм унамлы ҳәм унамсыз тәреплерге ийе. Бирақ соны нәзерде тутыў керек, коллективизм қәдириятларына алым-берим ара-қатнаста дыққаттың қойылыўы оншелли жаман емес. Ал жеке адамның мәплери гипертрофияланса, ол бирге

ислесиуге қарама-карсы қойылса, дәрҳал әдеп-икрамлық ҳәм психологиялық силкинислер жүзеге келеди. Буны биз өз өмиримизден көрип атырмыз. XX әсир индивидке тиккелей акцент қоя отырып, социомәдениятлық байланыслардың ҳәмме түрлерин өзгертти. Айтайық, бул байланыслар: трансцендентлик затлар дүньясы ҳәм топарларды қураўшы басқа индивидлер менен байланыслар.

Ең алды менен сананың индивидке қайта ориентациясы секуляризация менен бирге барады. Көп ғана адамлар ушын қудайдың өлими формаль емес, ал реаль жағдай есапланды, ол әдеп-икрамлық мақсет ҳәм баҳалықлар болып турған жетекши күш ролин атқарыўдан, адамлардың өмиринен кетип қалды. Мораль тийкарынан дүньялық (светский) болып, болмыстың жоқары сфераларында таянышқа ийе емес аўҳалда "ҳаўада турды" ("повисла в воздухе"). Гәп "Қудайдың қорқынышының" жоқ болыўында ғана емес, ал ең алды менен – муқаддести ойлаўдың жоғалыўында (утрата самого переживания священного), Абсолюттиң жоғалыўында болды. Ақыры, биз оның алдында өзлеримиздиң ой-пикирлеримизди, жүрис-турысларымызды баҳалаймыз ҳәм олардың талапларына сәйкес өзлеримиздиң минез-қулқымызды өлшестиремиз, салыстырамыз. XIX әсирде Достоевскийдиң "Қудай жоқ, демек ҳәмме нәрсеге жол ашық" ("Бога нет, значит все дозвалено") көп адамлар ушын тәғдир ирониясы менен көп ғана адамлар ушын, өзлерин "гимoралистлер" сыпатында ислеп шыққан, бир ғана мотивти - өзиниң жеке пайдасын ғана ойлайтуғын адамлар ушын ҳәрекетке басшылық ететуғын тийкар болды. Жоқары моральға ориентация менен қошласыў тийкарынан прагматизациялаў, утилитаризациялаў, сананы ныклаў (уплощение сознания) болды.

Буған ылайық затлар сферасына ҳәм қатнас өзгерди. Массалық өндирис ҳәм бираз жоқары тәртиптеги реалийлердиң жоқлығында затлар биринши планға шықты ҳәм ҳәзирги заман адамзатының қияллаўының жолларын жаўып турды. Ашкөз адамлар мудамы болған, бирақ затлық ("вещизм"), "тутыныўшылық", материаллық ийгиликлердиң ҳәм олар

менен байланыслы комфорттың фетишизацияланыўы – бул бизиң дәўиримиздиң белгиси. Ҳәттеки поп-артаның ҳәрқыйлы бағдарларына тән искусство ҳәм адамлар менен қызықпайды, ал тек затлар – гөне ҳәм жаңа, пүтин ҳәм сынық, оның үстине, әдеттегидей тәртипке қойылған ҳәм бириниң үстине бири қойылған затларға сүйсинип турады. Бүгини тәшўишли индивид көп ҳәм жақсы тутынғысы келеди. Бирақ тутыныўға ғана үрдис еткен адам бериў, сыйлаўға жоқ, ишки ҳәм сыртқы ҳәм мүлки менен бөлисиўге жоқ. Шайтанласқан тутыныўшылар тек тутыныўды ғана биледи, басқа адамларды, олардың уқыпларын, олардың жәрдемин ғана тутыныўды биледи. Бирақ адамды шын мәнисинде жақсы көриў ҳәм меҳир-муҳаббетли болыў имканиятына ийе емес.

Индивидуаллық мәплердиң орайлығы семьялық ҳәм жынысый қатнаслар сфераларында жүдә көринеди. Бир тәрептен, бул дәстүрий шаңарақтан ҳәм зорлық пенен болатуғын некеден қутылыў менен байланыслы. Бундай неке көбирек есапқа бағдарланған еди ҳәм олар адамның өмириниң ақырына оған нормаль жасаўға имканият бермеди. Бирақ индивидуаллықтың гипертрофиясы басқа нәрсеге алып келди.

ХХ әсир “сексуаллық революция” әсири. Иркинишсиз индивидуаллық, жынысый тилеклер ҳәм фантазиялар әсири. Бул “революция” адамлардың реаль минез-қулқында ғана емес, ал әдебиятта, искусствода, массалық информация қуралларында ҳәм жүзеге келди. Бирақ бул еркин сексуаллықтың өзин көрсетиўи “троя атының” көриниси болды. Бул адам қатнасларының кең масштабтағы деинтимизациясына алып келди. Жабықлық моментинен, сыр ореолынан айырылып, интимлилик, денелик мисли әпиўайы товар, хызметтиң түри, рекламаның элементиндей болып қалды. Адамзат бул мәнисте үлкен әдеп-икрамлық-психологиялық жоғалтыўға тап болды. Ақыры интимлиликти қойды. Ал өмирдиң бул тәрепи ҳәрдайым өзиниң баҳалылығы менен, жасырынлығы менен қәдирли, баҳалы еди. Толық дәрежеде иркиншисизлик сезимлерди қуртады, олардың күшин пәсейтеди, жүдә өлимсиреген, пафостан маҳрум жағдайға алып келеди. Буннан зеригиў ҳәм мәниссизлик күшейеди. Ал

булар адамлардың басқа адамлардың қыйналыўы есабынан өткир сезиўлерди излеўге умтылдырады.

Егер ҳәрбир адам өзинше ақылдан азғысы келсе, оның үстине, “буған паразитленген топарларға” жин урыў пайдалы болса, онда мәдениятты наркоманияға, алкоголизмге жол қойылса, минез-қулықтың басқа түрлерине байланыслы бийпәрўалық ҳәм күшейеди. Ал халықтың тутас топарларының моральлық ҳәм физикалық қулаўына алып келеди.

Бизиң әсиримиз тилеклер ҳәм капризлерди гипертрофиялаў менен анаў-мынаў нәрсе ойдағыдай емеслиги көринеди. Жеке адамның гүмансыз баҳалығы басқа адамлардың мәплерин есапқа алыў менен әдалатлы салыстырылыўы тийис, Адам бирлесигиси аңлататуғын бирге ислесиўдиң мәпине әдалатлы түрде салыстырылған, өлшенилген болыўы тийис.

Екинши бүгинги күнниң әдеп-икрамлық проблемалары ушын әҳмийетли дәреклериниң бири бул – илимниң, техниканың ҳәм технологияның раўажланыўы.

Бул раўажланыў адамзат турмысы, адамның денелигине бузыўшылыққа ийе көп түрли қуралларды жүзеге келтирди. Илим ҳәм техника XX әсирде ядролық қуралды, химиялық, биологиялық ҳәм басқа да массалық жоқ етиў қуралларын жаратты. Ҳәзир ҳәттеки планетаның тутас регионларында жер силкиниў болдыратуғын тектоникалық қураллар туўралы ҳәм айтылып басланды. Биз енди соны саналы түрде аңлап отырмыз, егер агрессиялық күшлер босана қойса, жаңа жержүзлик урысты иске салса, онда планетада ҳәмме нәрсе жоқ болып кетеди.

Зулымлық, эгоизм, ашкөзлик ҳешқашан бундай гигант дәрежеде, қүдиретли дәрежеде күшке ийе болмаған еди.

Алғашқы адамлар дубина-таяқлар менен, антик дәўир әскерлери найза, оқжай, қылыш, Жаңа дәўир әскерлери пушкадан атылған оқларға тап болып өлди. Ҳәрқашан қуралдың раўажланыў дәрежесине қарай соншелли дәрежеде адамлар көп өлди, ҳәттеки еки тәрептен ҳәм бул конфликтке қатнассыз адамлар өле берди. Урыстың талаплары илимди алға илгерилетти, ал илим ҳәм техника урысқа исследи, көп мәртебе

өлтириўдиң масштабын көбейтип турды.

Ал енди бүгинги күнги жағдайды есапқа алсақ, бурынғыдан ҳәм бетер. Оннан – урыстан кең масштабта, парахат халық, ҳайўанлар, өсимликлер, суў ҳәм ҳаўа жүдә азап шекпекте.

Буннан басқа техниканың раўажланыўы – автомобильлердиң, самолётлардың, поездлардың жүзеге келиўи – булардың ҳәммеси адамның ол еркин ислеген ислери ушын жуўапкершилигин улыўма күшейтпекте. Тез пассажирлилик составты жүргизип отырған адам, суўды апаратуғын арбаның өгизин басқарыўға қарағанда гүмансыз, үлкен жуўапкершиликке ийе. Ҳеш болмаса, гәп сонда оның ис-ҳәрекетинен көбирек инсан өмири ғәрезли. Технологияны бузыўдың ҳәзирги шарайытларында, ҳадалсызлық, “тәўекел менен ҳәрекет” жумыста техника менен субъектив қыңырлық, гежирлик әдеп-икрамлық қылмыс есапланады.

Бирақ илимниң ҳәм техниканың раўажланыўы адамның денелигине тәсир етип қоймайды. Адамның жаны, психологиясы, ишки дүньясы ҳәм бир шетте қалмайды. Мәденият ҳәрқашан өзинде санаға, оны шөлкемлестириўши ҳәм иске түсириўши қуралларға ийе. Бул бойынша айрықша тәсир етиўшилер жреңлер, шаманлар, руўханыйлар болды. Общинаның пикири адамлардың шешимине ҳәм олардың жүрис-турысларына үлкен қысым жасады. Бәрибир массалық информацияның электрон қуралларын жаратқан XX әсир сананы манипуляциялаў ушын адам еситпеген мүмкиншиликлерди жаратты. Манипуляторлардың пикирлери бир ўақытта кең территорияларға жайылады. Адамлар бир ғана рекламаны көреди, бир қосықты тыңлайды, тенденциялы комментаторларды тыңлайды. Массалық хабар қуралларының жумысында телеаудиторияны информацияны бериўдиң мәлим типиниң жәрдеминде гипнозлаўға жәрдем беретуғын ақыллы ҳәм пысық ғана психологлардың топарлары қатнасады.

Бул жерде ашықтан-ашық жалған ҳәм үндемеў, ярым ҳақыйқат, “қараңғы кадрларды” таңлап алыўдағы қорқынышты күшейтиў, бийҳаяшылықты жаратыў, тиккелей ҳәм қыя сиясий ҳәм экономикалық

қарсыласларды қаралаў жумыс ислейди. Адамның шала санасына тәсир ететуғын атақлы 25-кадр ҳәм бар.

Қулласы бизиң ойлаў еркинлигимизге, өз көз-қарасымызға, ҳуқықымызға қол салыў, адамның басына примитив, уятсыз стереотиплерди енгизиў, телекөрсетиўлерди өзлериниң жасырын мақсетлери ушын уятсызлық пенен пайдаланыўлар болады.

Гейде массалық хабар қуралларында олигархлардың тар мәплери ушын баҳалаў қәлеген өзиншеликти ҳәм ерклик импульслерди қысып, халыққа ҳақыйқый урысты болдырады. ҒХҚ да, дурыс, бир әҳмийетли плюс бар. Ол ҳәм болса телевизорды ҳәмме ўақытта да өшириў мүмкин, соның менен бирге орта әсирлик традицияны "өширип таслаў" мүмкин емес еди.

## 2. ИЛИМ ҲӘМ ТЕХНИКАНЫҢ XX ӘСИРДЕГИ РАЎАЖЛАНЫЎЫ: "МОРАЛЬЛЫҚ ФРОНТТЫҢ ОТЛЫ ТОЧКАЛАРЫ".

Моральлық проблемалардың XX әсирдиң ақыры ушын тән үшинши топары – булар "биоэтикалық" проблемалар. Олар ҳәзирги илимниң терең биологиялық процесслерге араласыўы менен байланыслы. Илим, ҳақыйқатында да жүдә муқаддеске – адамның тәбиятына қол салды, ол бизиң организмимизди радикаллық дәрежеде қайтадан ислеп шығыўға, сөйтип тек денеге емес жанға, руҳқа ҳәм енииспекте. Бул тараўдағы әҳмийетли проблемалардың бири – трансплантация.

Әдеп-икрамлық мәселелер органларды көшириў басланыўдан жүзеге келди. Проблема пайда болды: қашан ҳәм қандай шарайытларда аўрыўға көширилиўи ушын орган алыныўы мүмкин? Олардағы зәрүрли органды алыў ушын олардан зәрүрли органды алыў керек пе? Органлар менен уятсыз саўда ислеў басланбай ма? Бул ҳәзир болып атыр. Биз сондай көп нәрселерден хабарлымыз: адамлар қәрежет табыў ушын көзин я бүйрегин сатады. Келешекте буннан ҳәм қурамалырақ ситуациялар болыўы мүмкин. Бир ўақытлары телевизор арқалы фантастикалық фильм көрсетилди. Онда еки ҳаялдың биреўиниң мыйы, екиншисиниң денесинен - өлген биреўиниң

яды ҳәм екиншисиниң көринисинен жаңа адам жүзеге келеди. Бундай адамның өзин-өзи идентификациялаўы қандай? Ол қалайынша өмирге ениседи ҳәм адамлар менен қалай қатнас орнатыўы мүмкин? Ол адамлар менен жаңа адамның "еки бөлеги" таныс па еди? Бурынғы медицина ҳәм бурынғы этика бундай мәселелерди билмеген еди.

Проблемалардың тағы бир пласты, бул – клонластырыў, организмдеги клеткадан оның толық дубликатын жаратыў. Клонластырыў теориялық жақтан пүткил елди бир ғана генетикалық кодқа ийе, бир ғана сана ҳәм уқыплар менен болдырыўға умтылады. Клоннан ҳәрқыйлы жеке адамлар өлип шығыўына қарамастан, сол нәрсе жүдә анық, басқалардың еркине бағынған уқыпқа ийе интеллектуаллық шекленген қулларды, индивидлерди ҳ.т.б. "фабрикалық" жаратыў болады. Бул жәмийетти гени бойынша ажыралып туратуғын социаллық топарларға, биологиялық касталарға бөлиўди болдырып, ал адамзат тутаслай алғанда уқыплары бойынша бираз жарлыланған болып, деградацияға келген болар еди. Себеби ата-аналық генлердиң араласпасы индивидуаллық вариантлардың көп түрлилигин бере алады.

Тутаслай алғанда, адамның генетикалық аппаратына араласыў адам айтып болмайтуғын ақыбетлерге алып келеди. Ҳәзирдиң өзинде ҳайўанлардың генетикалық араласыўын болдырмақта ҳәм принципинде илим жүдә қәўетер, зулымлықларды жаратыўы тәәжип емес. Онда адамның сапалығы ҳәм оның санасы денеси менен қосылып танып билиўге ийе емес жағдайда пүткиллей басқаша физикалық имканиятларға ийе болыўы мүмкин. Бүгинлигинде ол жүдә фантастика емес.

"Суррогатлық аналардың" жүзеге келиўи ҳәм жүдә айта жүргендей әдеп-икрамлық проблемалар менен байланыслы болып отыр. "Суррогат аналар" басқа биреўдиң баласын жасалма жол менен урықландырыўға бағдарланған. Сондай-ақ, жыныслардың алмасыўы. Жыныслардың алмасыўы, ҳәзирги ўақытта бираз азаплы операциялар менен әмелге аспақта. Жийи-жийи бурынғы ҳалатқа келиўди пациент талап етеди, бирақ бул мүмкин емес.

Философиялық ҳәм медициналық әдебиятта көп жыллардан берли өлим ҳәм өлимге байланыслы этикалық мәселелер талқыланбақта. Бул – эвтаназия темасы – адамға жеңил өлимди сайлаў ҳәм өлиў ҳуқықын оның өзине бериў. Дин буған өзин-өзи өлтириўге қарсы болғаны сыяқлы қарсы. Ал врачлардың әдеп-икрамлық кодексинде әзелден тезис бар. Ол: "зыян берме" ҳәм аўрыўдың ең соңғы демге шекем гүресиў миннети. Қыйналып атырған адамның азаптан қутылыўға умтылыўы менен адамның пайда ушын жоқ етилиўин ажырата билиў керек. Себеби адам еле тәўир болып кетиўи де мүмкин. Тап усы бүгинги дейин қатты аўрыў адамның өлимге ҳуқықы мәселеси ҳәм врачтың оған қайғысын бөлисиўге байланыслы мәселеси шешилген мәселе емес. Өлим проблемасы тағы бир ракурсте актуаллыққа ийе. Заманагөй раўажланған медицина нормаль жасаўы қыйын жаңа туўылған балалардың өмирин аман алып қалады. Өтмиште, бурынлары әззилер тәбийий отбор тәсирине түсип өлди, тек бираз бейимлескенлери ғана тири қалды ҳәм халық относителли түрде денсаўлығы мықлы болып қалды. Бүгинлигинде кишкене инвалидлердиң саны көбейип баратыр. Қәлеген дүньяғы келген тиришиликти сақлап қалыў қәсийетли гуманистлик принцип жәмийеттиң соншелли дәрежеде көп аўрыўларды асыраў, сақлаў имканиятлары менен қарама-қарсылыққа келеди. Адамзат бираз әззилеп баратыр. Бул проблеманың ақылға сыйымлы ҳәм адамгершиликли шешилиўи табылмай атыр.

XXI әсир этикасы алдында турған әҳмийетли ўазыйпа мәлим өлшемге қайтып келиў, адам өзиниң көп ғана талапларынан бас тартыўы тийис. Егер олар улыўмалыққа айналса, жер дәрҳал қулайтуғын аўҳалға келеди. Бирақ заманагөй бас этикалық проблема планетаны сақлаў ушын жаңа этикалық нормаларды ҳәм принциплерди тийкарлаўда емес. Адамларды бул бойынша оятыў, бирақ ол қыйын. Бул жерде бурын болмаған жағдайда, ҳәрқашанғыдан да әдеп-икрамлық үлгилердиң роли әҳмийетли. Келешек этикасының тийкарын салғанлар, соның менен бирге өзиниң пүткил искерлиги менен оның өмиршеңлигин дәлиллеген адамлар ҳәм бар: Генри Торо, Лев Толстой, Махатма Ганди, Шри Ауробиндо, Олдо

Леонольд, Аурелио Печчеи…

### 3. А.ШВЕЙЦЕР ЭТИКАСЫ ҲӘМ ОНЫҢ ӘҲМИЙЕТИ.

Бул қатарда әсиресе Альберт Швейцердиң орны ҳәм роли жүдә жоқары Швейцерди бизиң дәуиримиздиң соңғы гуманисти деп атады.

Альберт Швейцер моральды тиришиликтиң алдындағы ҳүрметлилик, иззетлилик (благоговение) деп атады. Оның үстине, гәп тиришиликтиң алдындағы ҳүрметлилик ҳәм иззетлиликтиң ҳәмме формаларда көриниси туўралы болып отыр. Швейцердиң пикиринше, әдеп-икрамлықты баҳалық өлшеми бойынша адам тири мақлуқатлардан ажыралмайды. Оның этикасын виталистлик деп атаса болады. Швейцер сол пикирде болды, басқа адамларға өзиниң пикирлерин ҳәм баҳалаўын таңбаў керек, басқа бир адамның жанына кириўди әдеп-икрамсызлық деп есаплады.

Өмирдиң алдында ҳүрмет, иззет принципи эгоизм менен қақлығыста өтеди. Ол кең мәнисте адамның өзин-өзи тастыйқлаўы, оның бахытқа умтылыўы болады. Мораль ҳәм бахыт екеўи ҳәм әҳмийетли ҳәм соның менен бирге бирин-бири өз-ара бийкарлайды да. Швейцердиң пикиринше, адам өзиниң өмириниң биринши бөлегин өзине арнаўы, өзиниң бахтына арнаўы, екинши бөлегин әдеп-икрамлық пидакерликке арнаўы тийис. Егер адам өзине бириншиде – эгоистлик “языческой” – қудайлық, қудайға сыйыныўшылық ярымына жақсы хызмет етер екен (өзиниң күшлерин, укыпларын ҳ.т.б), ол басқа адамларға екинши ярымында – оның моральлық, “христианлық” ярымында жақсы хызмет етиўи мүмкин. Швейцер тәлийматы бираз толық оның “Мәдeният ҳәм этика” мийнетинде сәўлеленген.

Швейцер - әдеп-икрамлық тәсирлениўшилик ҳәм жүдә анық көринген, еркtиң күши ажыратып турар еди. Онда ертеден-ақ, ҳәрқыйлы уқыплылық, зейинлилик, зийреклилик көринди. Олар - шаңарақлық тәрбия барысында алынған протестантлық адамгершилик пенен – мийнет сүйгишлик, қайсарлық ҳәм избе-излик пенен бирликте оның табыслы карьерасын белгиледи. Швейцердиң индивидуализминиң артында сондай исеним

болды, ол ҳәм болса, индивид пүткил жуўапкершиликти мойнына алатуғынды ғана ислеўи керек. Швейцер белгили мәнисте философия ҳәм музыка тараўында ҳәм хызмет етти. 1913-жылы Швейцер Африкаға атланды. (Ламбарене деген орын). Ол жерде больница салдырады, соңынан ол кишкене медициналық қалашаға айналады. Швейцер өмириниң ақырына шекем өзиниң таңлаған кәсибине садық болып қалды. Ол туўралы айтады: гүлленген европеецтиң тәғдиринен алымның, педагог, музыканттың, карьерасынан бас тартты, өзин негрлерди емлеўге арнайды. Усыған қарамастан ол уллы ойшыл, мәденият искери ҳәм меҳир-муҳаббеттиң рыцарына айналды. Ең қүдиретлиси: онда бул екеўиниң ҳәм ушласыўы. Ол таңлаған шешим (цивилизацияны меҳир-муҳаббет хызметине арнаў) еки байланысыўы қыйын өзин-өзи тастыйқлаў ҳәм өзин-өзи шеклеўди байланыстырыўға, ушластырыўға, индивидуаллық ийгилик ҳәм әдеп-икрамлық миннетлерди ушластырыўға имканият берди. Өмириниң биринши ярымын өзин-өзи тастыйқлаўға арнаса, екинши бөлегин - өзин-өзи шеклеўге, пайдадан ўаз кешиўге, бас тартпаўға арнады.

Швейцар тәрепинен усынылған шешим қабыллаўдың үш басқышлы модели Аристотель тәрепинен көрсетилген моральлық таңлаўдың схемасын көз алдымызға келтиреди. Ол: улыўма баҳалаў ориентация, еркиң мотивациялық белгилилиги; конкрет нийет, мақсет, қуралларды рационаллық таңлаў (шешим).

Дүньяға көз-қарас, ал соның изинен пүткил мәдeният этикадан басланады. Мәдeният адамның руўхый ҳәм әдеп-икрамлық көтерилиўине имканият жаратыўы керек. Бул Швейцердиң мәдeният философиясында жүдә әҳмийетли момент: дүньяға көз-қарас, өмирге исениўшилик этика менен бирлессе ғана ҳақыйқый мәдeният дөретиўшилик күш бола алады. Европа адамының оптимистлик дүньяқарасы этика менен байланысты үзди, мәнисинен айрылды.

Этика гносеологияның алдында жүреди, ол қоршап турған дүньядан келип шықпайды. Этиканың болыўын тек билим сыпатында емес, ал ҳәрекет, индивидуаллық таңлаў, минез-қулық сыпатында қараў.

Швейцердиң бул анықламасын тек педагогикалық аспектте, жеке мысалдың әдеп-икрамлық тәрбияда ролин көрсетиў сыпатында ғана емес, ал оның теориялық мазмуны жүдә әҳмийетли. Этика болмыс, өмирге ерк сыпатында болар екен, этика этикалық ҳәрекет сыпатында өмир сүреди. Индивидти басқа тири мақлуқатлар менен байланыстырады ҳәм этика ҳәрекет сыпатында тил ҳәм логикалық қәлиплескен билим ушын жабық, мәңги тараўға шығарады.

Этика Швейцердиң түсинигинде ҳәм илимий билим – ҳәрқыйлы қубылыслар: этика мәңгиликке, абсолютликке тартыў, қосыў, араластырыў, ал илимий билим ҳәмме ўақыт тамамланған, шекли, этика болмысты дөретеди, ал илимий билим оны сыпатлайды. Этика мисли таў породаларындағы магмадай сөзлерде қатып өледи, ал илимий билим тек тил арқалы ғана жүзеге келеди. Бирақ буннан этика ойлаўдан тысқары әмелге асыўы мүмкин деген жуўмақ дурыс болмаған болар еди. Этика дүньяда болмыстың айрықша усылы, өмирге жанлы қатнас, ол өзиниң болмыслық турақлылығын саналы, ойлаўда әдетке айналған түринде болады. Еркте көриниске ийе өмир сүриў ҳәм өзин ләззет сыпатында унамлы, қыйналыўда унамсыз тастыйқлаўды Швейцер соңғы реаллық ҳәм ойдың ҳақыйқый предмети сыпатында қарайды. Өмирге ерк адамды искерликли ҳалатқа алып келеди, оны оған анаў я мынаў дәрежеде қатнас жасаўға мәжбүрлейди. Өмирге ерктиң бийкарланылыўы тәбийий емес ҳәм ең баслысы логикалық избе-из ойлаўда тийкарланыўы мүмкин. Адам өзиниң өмирде еркин тастыйқлағанда, ол тәбийий ҳәм ҳақыйқый ҳәрекет ете алады.

Этика адамның ақыл менен рационаллық санасы аңланған ҳәм санкцияланған ҳәрекетинде реализацияланады. Этикалық көз-қараслардың практикалық реализациясына қатнаслы Швейцер мынадай көз-қараста болды. Этика практикалық көринисинде әдеп-икрамлықтың тийкарғы принципине тиришиликтиң алдында ҳүрметлилик пенен сәйкес келеди. Бул принциптен қәлеген бас тартыў – моральлық жаманлық Швейцер тәрепинен дыққатқа ылайығы тиришиликке еркти тастыйқлаўға

қаратылған тиккелей ҳәрекетлер. Гүлди үзип адам жаманлық ислейди, жарақатларды қутқарып жақсылық ислейди. Швейцердиң этикасында жақсылық ҳәм жаманлық түсиниклери бир-биринен анық ажыралған. Қәлеген (ҳәттеки аз дәрежеде зәрүрли) ______ пәсейтиў ямаса жоқ етиў жаманлық сыпатында қабылланады. Дүньяда өмирге куштарлық өмирди бийкарлаў менен араласса, әдеп-икрамлы адам саналы ҳәм мақсетке муўапық өмирди сүйиўшиликке ориентациялайды.

Этика мақсетке муўапықлыққа қарсы келеди, тап усы оған оғада мақсетке муўапыққа имканият береди. Ол шарайытлардан жоқары ҳәм сөйтип максималлық дәрежеде оның менен бирлесиўге имканият береди. Этика бир нәрсени ғана айтады: жақсылық – бул тиришиликти сақлаў ҳәм раўажландырыў, жаманлық – оны пәсейтиў ҳәм жоқ етиў. Буны әмелге асырыўдың конкрет усыллары шараятлардан, ислеп билиўден, ерк күшинен, индивидтиң практикалық шынығыўларынан ғәрезли. Бул бойынша этика бир нәрсени анық аңлайды, ол ҳәм болса оны киширейтиў мүмкин, ал оннан толық қутылыў мүмкин емес.

А.Швейцердиң пикиринше, заманагөй этика өткен этиканың, әсиресе классикалық этиканың тийкарғы принциплеринен бас тартты. "Мәденият ҳәм этика" китабында ол жазады, антикликтен баслап этика әдеп-икрамлықты тийкарғы принципин, жақсылық пенен жаманлықтың шегарасын аңлататуғын принципти формулировкалаўға умтылды, бирақ оның ҳәмме күш жумсаўлары нәтийжесиз қалды. Бул этика илиминиң теориялық ҳәм нормативлик установкаларының жалғанлығы менен байланыслы. Гәп үш "ескиниң қалдықлары" ("предрассудки") туўралы болып отыр. Оларды бийкарламай э т и к а әдеп-икрамлық өмирдиң сырларына ҳеш ҳәм енисе алмайды. Бириншиден, этика ҳәрқашан моральды билиўден ғәрезлиликте қойды. Ал шын мәнисинде этика – бул мистика негизинде жүзеге келген гүл. Екиншиден, этика моральда адамдағы тәбийий процесстиң көринисин ҳәм даўамын көрди, ал шын мәнисинде ол ойлаўдан жүзеге келген шексиз энтузиазм. Үшиншиден, этика моральда жәмийетлик ерктиң сәўлелениўин көрди, ал этика шын

мәнисинде жеке адамның ғана этикасы болыўы мүмкин.

Мине, А.Швейцер классикалық этикалық системалардың тийкарғы тәреплерин анализлей отырып, усындай жуўмаққа келеди. Бир нәрсе онда дыққатқа ылайық: Этиканың ақыл-ойға, билиўге ориентациясының ҳәм жәмийеттиң ийгилигин жеке адам ийгилиги есабынан қаралыўын оның норматив идеалының ишки байланысында қарайды. Жәмийеттиң атынан шыққан этика этика болыўдан қалады. Тиришиликтиң алдында ҳүрметлилик этикасы бул жеке адам этикасы, ол тек индивидуаллық таңлаўда ғана әмелге асыўы мүмкин.

Айтылғанлардан жуўмақ сол, жоқары моральлық идеаллarsыз, еликлеў ушын абсолют үлгилерсиз мәдениаттың көтерилиўи мүмкин емес. Қәлеген жәмийетте этикалық сананың жоқарыларына бирликлер менен ийелик етиў бар. Бирақ бул бийикликлерсиз элементар туўрылық, дурыслық, инсаплылық болмайды. Философ-этик Ю.Шрейдер жазады: “…моральлық абсолют бийиклиги адамды төменлетпейди, ал көтереди. Егер мен өзим идеалға дейин көтерилиўге уқыпсыз болсам, онда, ең кеминде, менде бул идеаллар не ушын берилди дегенге ылайық бир нәрсе бар. Қандай жақсы, усындай бийикликлерге көтерилиўге уқыплы адамлар бар. Бизиң алдымыздағы бир ғана таң қалыўдан ҳәдден тысқары төмен қуламаўға ҳәм бул идеалларға сатқынлаў қылмаў мүмкин”.

Усы себепли де Л.Толстой, әке А.Мень, Индияда Ганди ҳәм Шри Ауробиндо идеяларында моральлық жетилиўге қараған излеўшиликлер ҳеш ҳәм тоқтаған емес, ал Европада А.Швейцердиң әдеп-икрамлық данышпанлығына инсанлар қушағын ашты. Бул пайғамбарлардың дөретиўши күши жағынан динийликке жақынырақ болыўы мүмкин ҳәм пүткил адамзаттың мүлки болады.

Бүгинлигинде үмит Альберт Швейцер этикасын өткизиўши педагогларға байланыслы екенлиги өзи-өзинен түсиникли. Оны қабылласа ғана, әлбетте бул мүмкин болады.

## 4. ПОСТ-МӘДЕНИЯТ ҲӘМ ЭСТЕТИКА ПРОБЛЕМАЛАРЫ.

XVI әсирде-ақ, оның басында-ақ европалық цивилизация тәбияттаныў ҳәм техникалық прогресстиң интенсив раўажланыўының жолына түсиўи менен көп ғана картиналардың көрегенлигин абайлаў мүмкин. Ол Жаңа дәўир ямаса техногенлик цивилизация этабы болар екен, ҳәзир биз сол көрегенликтиң гүўасымыз. Бул Матис Нитхарттың (Грюнвольд) (1512-1515) “Распятие Изенгеимского алтаря” (Колмар шәҳәри, Франция), Ганс Гольбен Кишкентайдың (1521) “Христостың өлими” Базель Көркем музейиндеги сүўрети. Бириншисинде кресте өлген Иисус, ол натуралистлик анықлығында, жүдә ашып көрсетилген.

Гольбеин картинасында да сондай натурализм: шалқасынан жатырған Христостың өли денеси. Өз ўақтында А.Г.Достоевская бул картина Ф.М.Достоевскийди ҳайран қалдырғанын жазған.

Дәстүрий христианлық сана ушын Қудай тәрепинен өзин-өзи өзине қурбанлық қылыўы, онда пүткил адамзат гүналары ушын қурбанлық қылыўы бул Қудайдың реаль ҳәм бирден-бир, биротола өлиминиң символы болып есапланады. Қудай өлди! – бул ренессанслық Ақыл-ойдың жәриясы. Мәдениятта секуляризация басланды деген сөз. Бул адамның интеллектуаллық уқыпларының сыртқа шығыўын күшейтти. Илимий-техникалық прогресстиң, материализм, капитализм, сциентизм, техницизм, нигилизм тезленди. Бул процесс ХХ әсирде ғана өзиниң апогейине жетти. Ақыры қудай евроамерикалық ямаса батыслық адам ушын бирден өле қоймады. Христианлық мәденият Қудайдың өлиминиң символынан соң да еле бес жүз жыл ҳүким сүрди. Тек ғана ХХ әсир ғана христианлық мәденияттың соңғы әсири болып қалды.

### Мәденияттың глобаллық метамофозалары. Мәденияттың руўхый приоритетлери

ХХ әсирде мәдeният бифуркацияның сондай актив фазасына өтти, ол глобаллық жарылыслыққа өтиў болды ҳәм бул адамзат тарийхында усы ўақытқа дейин болмаған еди. Сыртқы себеби техногенлик цивилизацияның пик дәрежеси – илимий-техникалық прогресстиң соңғы бир ярым-еки жүз

жыллықтағы жарылысы. Ол адамның руўхый дүньясында, менталитетинде, психикасында, баҳалықлар системасында, оның пүткил экзистенциясында жүдә негизли, тийкарлы өзгерислерге алып келди.

XX әсир – бул Мәденияттың соңғы әсири ҳәм өтиў дәўириниң биринши әсири, ол пост – мәдений ят.

Заманагөй илимде бир-биринен мәниси узақ “мәдений ят” ҳәм “цивилизацияның” анықламалары бар. Әдетте Мәдениятты адамның руўхый-практикалық искерлигиниң раўажланыўы менен (оған нәтийжелерин ҳәм қоса), оның тарийхый этаплары менен байланыстырыў бар. Оған тағы да Әййемги Шығыс, Әййемги Греция, антикалық Римге тийисли көркем-эстетикалық искерлик ҳәм киреди. Олар диний ямаса динийге жақын дүнья таным, Қудайлардың, руўхлардың жоқары руўхый реаллығының объектив болмысына исеним менен байланыслы.

Мәдений ят саналы ямаса санасыз дөретиўшилик, әдеп-икрамлық толық, руўхый толық, адамның ийгилигине жаралады. Усы себепли де Мәденияттың тийкарғы бөлеклери әзелден дин ҳәм искусство болды, олар тарийхый тығызлықта раўажланды.

Адамның homo sapiens сыпатында искерлигиниң бираз еркин сферасы, еркин еркке ийе болып ҳәм рационаллық-техникалық жетискенликлер жолында мудамы жетилип барар екен, ол **ц и в и л и з а ц и я** атамасына ийе. Бундай түсиниўде мәдений ят цивилизацияның состав бөлеги, оның бас, тийкарғы, негизги бөлеги болады. Себеби ол мудамы Руўх арқалы урықланған ҳәм адамның руўхый-әдеп-икрамлық интенцияларын әмелге асырыўға бағдарланған. Сол нәрсе тәбийий, Мәдений ят сферасынан адамның материаллық талапларды қанаатландырыўға бағдарланған искерлиги ысырылып тасланбайды. Ақыры ол – руўхый-денелик мақлуқат. Бирақ мәдений ят руўхый үстинликлерди талап етеди, ал булар цивилизациялық майданларда жоқ. Оның үстине, материаллық-тутыныўшылық эгоцентристлик ориентацияланған сектор цивилизациялық процесслерде орайлық орынға ийе. Соның ушын ҳәм цивилизацияның жетискенликлери жийи-жийи адамға зыянға жаралады ҳәм

пайдаланылады, ал Мәдениият процесслери принципинде адамға, Универсумға тутаслай алғанда зыянлы болмайды.

**Пост-мәдениият**

XX әсирдиң ортасынан баслап евроамерикалық цивилизациялар (басламасы XVI әсирге киреди, XIX әсирде тәбияттаныўлық-илимий, материалистлик, позитивистлик, атеистлик ҳ.т.б. көз-қараслар, капиталистлик қатнаслардың өсиўи ҳ.т.б.) системалы түрде Мәдениияттың руўхый ядросын – Уллы Басқаға исенимди – руўхый реаллықты бузып турды. Адам Универсумдағы бирден-бир жоқарғы ақылға ҳәм руўхый күшке ийе қубылыс болды. Бул оның дүньяны түсиниўин өзгертти, адамның ақыл-ойының, илимий искерлигиниң күшейиўине имканият берди. Бул әдеп-икрамлық нормалардың әззилеўине, барлық дәстүрий баҳалықларды қайта баҳалаўға алып келди. Қысқасы, Мәденияттан екинши бир принципиаллық жақтан басқаға өтиў жүзеге келди. Ол неше жүз жылларда я оннан тезирек әмелге ассын, ол пост-мәдениият болып аңлатылады.

Пост-мәдениият – бул Мәденияткa уқсаған, оннан өсип шыққан ҳәм ҳәзирше оның нықабына ийе ҳәм Мәдениятты заманагөй цивилизацияда мудамы қысып шығарады.

Егер жаңа илим – синергетиканың тили менен айтсақ, пост мәдениият – бул мәдениияттың “сызықсыз ортасы”, ол глобаллық цивилизациялық бифуркация тусында жүзеге келеди. Онда келешектиң, оның қәлиплесиўиниң мүмкин болған структураларының көп санлы көп түрлилиги “қайнайды” ҳәм ол қәлеген қәлиплескен структура позициясынан мәлим тығызланған потенциаллық хаос ямаса шексиз мүмкиншиликлердиң майданы болады.

Пост-мәдениият бүгинлигинде тең тийкарларға ийе еки мүмкиншиликти көрсетип тур. Бул екеўи де цивилизацияның мүмкиншиликлери: я цивилизациялық раўажланыўдың даўамы адамзаттың, сананың, әдеп-икрамлықтың раўажланыўының жаңа сапасына өтиўге имканият туўғызады, демек буған сәйкес Мәдениият принципиаллық

жақтан жаңа дәрежеге өтеди я глобаллық катастрофа. Бул адамзатты ҳәм оның әдеп-икрамлық принциплерин өз ишине алады. Бул адамзаттың өзин-өзи жоқ етиўине ушласады.

Бүгинлигинде көркем-эстетикалық мәдeният мисли барометр ҳәм сейсмографтай сигнал бермекте.

**Көркем мәдeният**

XX әсир – бул образлы түрде айтқанда Мәдeнияттың экспрессив көркем Апокалипсиси. Өтмиш мәдeният пенен пост мәдeнияттың продуктларының араласпасы көбирек. Бул араласпаў XX әсирдиң биринши шерегиндеги активликке ийе болды. Мәселен, **а в а н г а р д и з м.** Визуаллық искусствода Кандинский, Шагал, Малевичлер адамнан жоқары нурланыўда Руўхты Руўхыйлықты коцентрацияланған көркем формада изине дейин жеткизди. Бул ўақытлары басқасы – конструктивистлер, футуристлер, дадаистлер ең алды менен Руўх пенен руўхыйлық пенен саналы түрде гүрес жүргизди. Поп-арттан ҳәм концептуализмнен баслап (XX әсирдиң ортасы) пост-мәдeният кеңисликти кең қамтыды, Мәдeнияттың қәлеген көринисин цивилизацияның шетине қысып шығарды. Соған қарамастан Мәдeният ҳәм белгили дәрежеде сақланбақта.

Пост мәдeният искусствосында тек руўхыйлық емес, ал пүткил дәстүрийлик кейин ысырылады. Пост мәдeният өзин арт-искерлик, арт-практиклер, өзлериниң шығармаларын артекфактлер деп атайды. Пүткил традициялық баҳалықлардан – гносеологиялық, этикалық, эстетикалық, динийликлер есапқа алынбайды. Олардың орнына саналы түрде “жерге түскен” утилитаристлик ямаса соматикалық категориялар келеди. Олар: сиясат, коммерция, бизнес, зат ҳәм затлық тутыныў, дене ҳәм денелик, секс, тәжирийбе ҳәм практика, монтаж, конструкция ҳ.т.б. Усыларда заманагөй арт-искерлик қурылады. Биз ең кеминде елиў жылдың майданы болды, адамзат тарийхында аналогы жоқ пост-мәдeниятта, егер тек көркем-эстетикалық сфераны нәзерде тутсақ, онда нонклассика ҳүким сүрген ортада жасап атырмыз.

Мәдeнияттың кризиси, европалық цивилизацияның сыныўы ҳ.т.б.

ҳаққында пикирлер көп. Космоантроплық процесстеги алға илгерилеўлер европалық цивилизация дәрежесинде дәстүрий руўхыйлықтың сөниўине алып келип отыр.

Үзликсиз илимий-техникалық ашылыўлар, жаңалықлар, XX-XXI әсирлердиң тынымсыз социаллық конфликтлери, жержүзлик урыс ҳәм революциялар; буннан соң электрон-технологиялық революциялар, информациялар басқыны ҳ.т.б. ең соңында адамның пүткил психо-ментальлық структурасының сапалы өзгерислерине алып келди. Үш мыңыншы жыллардың басында ментальлық, қабыллаў психологиясы, реакциясы, минез-қулқы, кеңисликлик-ўақытлық ҳәм тезлик көз-қараслары бойынша, психофизиологиялық реактивлиги, әдеп-икрамлық ориентирлери, социаллық ҳәм ҳәттеки физиологиялық ориентациясы ҳ.т.б. бойынша XVI әсир адамынан ғана емес, ал XX әсирдиң биринши ярымындағы адамнан ҳәм ажыралып турады.

Бүгинлигинде Мәдeният пенен бирге “Китап мәдeнияты”, улыўма баспа сөзи ҳәм кетип баратыр. Басылған сөз (печатное слово) ең алды менен электронлық аудиовизуаллықтың жәрдемши қуралына айналып баратыр. XX әсирдиң екинши ярымы ҒХҚ, TV, WWW, адамды оқытыў ҳәм тәрбиялаў системасы, артискерликтиң жаңаша түрлери, дизайн, массалық мәдeният адамның психофизиологиялық системасын информацияның тийкарғы массасын вербаль емес, дискурсив емес түрде алыўға қайта қурды. Ҳәттеки формаль-логикалық конструкциялар менен де емес қандай да бир жаңа басқа “гештальтлық”, энергетикалық квантлар арқалы, жаңаша визуальлар арқалы әмелге асырды. Мәселеңкиден, егер эстетиканың традициялық ҳәм эстетикалықтың тийкарғы түсиниклери пост мәдeнияттың тәсирине тап болғанда бул процессти глобаллық тийкарғы визуальлық сананы эстетизациялаў десе болар еди.

Дурыс, Н.Т.П материаллық планда көп нәрсени әмелге асырды. Дәстүрийлер аўрыўлар менен гүресте орны айрықша. Бирақ усының менен бирге капиталды күшейтти, ақша-базар қатнасықларын гипертрофиялады ҳәм соңында цивилизациялық процессти антигуманистлик бағдарға бурды.

Изертлеўшилердиң көрсетиуинше, XVI-XVII әсирден сменаға келген техногенлик цивилизация дүньяны "рационаллық" изертлеўдиң тийкарғы мақсети сыпатында оны утилитарлық-қайта қурыўшылық модуста қайта қурыўдың баҳалаў ориентацияларын нызамластырды. Леонардо да Винчи (биринши сциентист, утилитарист, эгоцентрист, илимди моральдан тысқары қараған) дәўиринен баслап-ақ әдеп-икрамлықты илимге регулятор сыпатында көз-қарастан ўаз кешилди. Еки бас арнаға ҳәммеси бағдарланды: жәмийетти милитаризациялаў ҳәм қызықтырыўшы, ҳәўеслендириўши институтлар, форма, предметлерин өндириў. Нәтийжеде үшинши мың жыллықта өзин-өзи жоқ қылыўдың шегарасында турған адамзатты көрип турмыз. Адам ҳәм биосфераның ҳәм Универсумның қурамлас бөлеги сыпатында, өзиниң әдеп-икрамлық басқарылмайтуғын "қайта қурыўшылық" ҳәм гипер тутыныўшылық искерлиги менен өзлериниң өмир сүриўи ушын ғана емес, ал пүткил биосфераға реаль қорқыныш болып отыр. Бул бойынша адамның өзиниң бузылыўының актив процесси кетип атыр ҳәм бул генлик инженерия табыслары менен тезленип, адамды клонластырыўды әмелге асырыўдың табыслы әмелге асыўы менен тамамланып отыр.

Руўхыйсыз массалық мәденияттың агрессив тәсиринде Г.Маркузениң айтқаны менен айтсақ "бир өлшемли адам" ("одномерный человек") жүзеге келди. Пүткил заманагөй социоцивилизациялық ситуация адамның биогенетикалық тийкарын, оның психикасын ҳәм денелигин, генофондты реаль қуртыў менен қәўипли.

Өзбекистан Республикасы Президенти И.Каримов "Жоқары мәнаўият – женилмес күш" атлы мийнетинде жазады: "Тәбийий нәрсе "массалық мәдения" деген ныңап астында бийәдеп бузықлық ҳәм зорлық, индивидуализм, эгоцентризм идеяларын тарқатыў, керек болса, соның есабынан байлық арттырыў, басқа халықлардың неше мың жыллық дәстүр ҳәм қәдириятлары, турмыс тәрзиниң руўхый тийкарларын писент етпеў, оларды бузыўға қаратылған топылыслар адамды тәшўишке салмай қоймайды.

Ҳәзирги ўақытта, әдепсизликти мәденият деп билиў ҳәм керисинше, ҳақыйқый мәнаўий қәдириятларды менсинбестес, ескилик сарқыты деп қараў менен байланыслы жағдайлар бүгинги прогресске, инсан турмысы, шаңарақтың муқаддеслиги ҳәм жаслар тәрбиясына қәўип салмақта және көпшилик пүткил жәҳәнде, мысалы, бәле-қададай тарқалып баратырған бундай агрессиялаўға қарсы гүресиў қаншелли әҳмийетли екенлигин аңлап бармақта" (И.Каримов. "Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш". Т., "Маънавият", 2008, 117-118-бетлер).

Белгили, россиялы философ-алым В.Степин жазады: "Булардың барлығы – адамзаттың жасап қалыў проблемалары, оларды техногенлик цивилизация пайда етти. Заманагөй глобаллық кризислер өткендеги раўажланған техногенлик цивилизацияның прогрессин гүман астына қалдырып отыр" (В.Степин. Теоретическое знание).

Үшинши мың жыллыққа қарай бул жағдай даўам етип хаосогенлик, энтропиялық процесслер менен қабатласыўы тәәжип емес. Пост мәденияттың көркемлик-эстетикалық интуициялары екинши ҳалатқа тән тенденцияны тутып отыр. Адам ойланбайтуғын, тилек машинасына айналып баратыр.

Батыс цивилизациясы әзелден қәлиплескен адам ушын бузыўшылыққа ийе социомәдениятлық рычаг, механизмлери жоқ. Көп ғана XIX-XX әсир ойшыллары бул мәселеде көп ойланған. Олар: Маркс, Ницше, Фрейд, Эйнштейн, XX әсир философиялық-эстетикалық бағдар – экзистенциализм ўәкиллери, анық антитезасы – структурализм ҳ.т.б.

XX әсир искусствосы адам экзистенциясының пост капиталистлик жәмийеттеги катастрофиялық процесслерин, айтайық, авангардтан постартпрактикке дейин сәўлелендирилмекте.

Социализм орнатыўға байланыслы трагедиялық жағдайлар.

XX әсирден басланған илимий ашылыўлар бар: относителлик теориясы, квант-релятивистлик физика, "математикалық экстраполяция" методы, "Үлкен жарылыс теориялары" (кеңейген ҳәм "исинген" Әлем). Бул классикалық емес илимге "туўры сызықлы онтологизм" жат, қысқасы,

оларға принципиаль түрде илимий аңланған ҳәм экспериментallлық жақтан тастыйқланған илимий билимниң релятивизми тән. Булардың ҳәммеси де көркем-эстетикалық сана сфераларына тәсир етпеўи мүмкин емес. Бирақ бул бойынша тиккелей көркем-эстетикалық мәдениятқа сай болғаны Ницше, Фрейдлер тәрепинен ашылыўлар, экцистенциализм ориентациясындағы ҳәм мәлим структуралистлердиң ҳәм олардың избасарларының жазғанлары. Булардың ҳәммесинде де техногенлик цивилизацияға реакция бар. Олар тәрепинен формулировкаланған идеялар руўхый-философиялық, бир жағынан илимий (мәселен, Фрейд, структуралистлер) рефлексия бар.

**Ницше**

Кризисти жақсы сезди. Ол өзин материалист, атеист, имморалист, психолог, пайғамбар-көзи ашық (пророк), шайыр, музыкант сыпатында түсинди. Мийнетлери: “Адамзатлық, ҳәдден тысқары адамзатлық” (1878), “Заратустра усылай айтты” (1883-1885) ҳәм оның тамамланбаған китабы “Властьқа ерк”.

Ницше: жәмийет наўқас, адам наўқас. Олар емлениўге зәриў. Бул ушын бақкуўат жәмийеттиң даўасы әййемги греклик, Сократқа дейинги цивилизацияға өтиў, онда дионосийлик баслама ҳүким сүрди. Өмирге инстинктив ерктиң болыўы, ақыл-ой ҳәм пикирлеўдиң диктатының болмаўы. Ақыл-ой, пикирлеў (разум, рассудок) оған қарама-қарсы аполлонлық мәдениятта, ақыл-ойға ориентацияланған мәдениятта, болмыстың тәртиплилигине бағдарланғанлығы, космостың гармониясына бағдарланғанында басым болды.

Аполонлық ҳәм дионистлик-диалектикалық өз-ара байланыслы жуп түсиниклер.

Дионис – вино ислеў, дийқаншылық өнимлери қудайы. Аполлон – музалар қудайы.

Ницше дионистликте стихиялы иррационаллық тәбийий басламаны көрди. Бул адамда ҳайўанлық қорқынышты, қәўетерди рәҳәтке бөленген таң қалыўды болдырады, мисли алкаголлик мәс болыўға жақын ямаса

наркотиклик эйфорияға жақын. Искусствода ол музыкада, танецте, вахкилик оргиялық аяқ ойынларда, аполлонлық пластикалық искусствода ҳәм жазыўда болады ҳәм оның мәниси избе-изликте, гармониялықта, мимесисте, иллюзорлықта, көбинше айрықша түс көриўлерде көрди. Оларда әййемги аңызларға ылайық адамларға қудайлардың образлары келеди, ал художниклерге ҳәм шайырларға олардың дөретпелериниң прообразы келеди.

Антикалық искусстволарда бул принциплер, Ницшениң пикиринше, қарама-қарсылыққа ийе, мудамы диалогта, жийи-жийи бир-бири менен гүрес алып барады. Бирақ олар өзиниң гармониясына аттикалық традицияларға да ийе. Аполонлық көбирек художниктиң шығармасында (сөз, картина, скульптурада), дионистлик художникте өзинде көринеди. Ницше: “Человек уже больше не художник, он сам стал художественным произведением; художественная мощь целой природы открывается здесь, в трепете опьянения, для высшего, блаженного самоудовлетворения Первоединого” (Ницше Ф. Соч: В 2-т. Т. 1. М., 1990, с.62).

Ницше жаңаевропалық мәдениятта Тиклениў дәўиринен баслап аполлонлық басламаның үстинлигин ҳәм дионистликтиң саналы ысырылыўын көрди.

Ницше дионистликти грек мәдениятына тереңлескен шығыстың тәсири менен байланыстырды. Егер классикалық антикликте ол аполлонлықтың үстинлигин көрсе ямаса аполлонлық пенен дионистликтиң мәлим гармониясын көрсе, эллинизм дионистлик руўхына толы.

XX әсирде аполлонлық-дионистлик глобаллық мәдений-руўхый ситуацияға үнлес. Ницшениң искусствоға концепциясын О.Шпенглер пайдаланады. Дионистликти “фаустлық пенен” алмастырады. Бул бойынша оның интерпретациясында формалардың аполлонлық тили болғанды сәўлелендирсе, фаустлық қәлиплесиўдеги қәлиплесиўди аңлатады.

Буннан мәдениятта, философияда, эстетикада, XX әсир искусствосында, әсиресе новаторлық (“алға илгерилеўшилик”) көркемлик

потокларда – авангард, модернизм, постмодернизмде, пост мәдениятта тутаслай алғанда оның ақыбетлерин көриў мүмкин. Ол дадаизм, экспрессионизм, футуризм, сюрреализм, алеаторика, конкрет музыка, абсурд театры, “сана потогы” әдебияты, көп ғана перформанслар, хэппениглер ҳәм бир қатар заманагөй артпроектлерде ҳәм практикаларда көриниске ийе. ХХ әсирдиң көркем мәдениятындағы глобаллық новаторлық бағдар дионистлик байрағы менен өтеди. Усы арқалы импрессионизм ҳәм постимпрессионизмнен баслап шығыс мәдениятларына қызығыўшылықтың болыўы сонда, олардың көпшилигинде дионистлик бағдар басым болды.

Сократтан, Ветхий Заветтен, әсиресе христианлық дәўирде Ницшениң айтыўынша, мәдениаттың ҳәм адамзатта декаданс басланады. Ол өзиниң апогейине жетип, өзиниң идеаллары сыпатында “үйир адамның” ҳүкимдарлығы, массалық сана, философия ҳәм мораль да жалған. Бул кризистиң бас алғышәртлери ҳәм себеплерин Ницше ақыл-ойдың инстинкт үстинен ҳүкимдарлығы, гипертрофияланған аполлонлықта; Қудайдың, әсиресе меҳирли христиан қудайының ойлап табылыўы. Еки глобаллық аксиологиялық система бар еди: нәсилден нәсилге киятырған аристократлардың моралы ҳәм қуллардың моралы. Ницшениң көз-қарасынша иудейлер – қуллар, қорлық көргенлер, үйсиз-жайсызлар, әззилер ҳәм наўқаслар өзлериниң дини менен қуллардың моральдағы көтерилисин болдырды, аристократлардың жақсы ғана “эгоистлик” моралын қуртты ҳәм әззилер аўрыўлардың моралын тастыйқлады. Христианство бул меҳр, “аскетлик” атлы моральды логикалық абсурдқа дейин жеткизди. Нәтийжеде Ницшениң пикиринше XIX әсирдиң ақырына Европада “үйирлик ҳайўанлық” ҳүким сүреди, әззи, наўқас, өтирик идеалларды адам ҳүким сүреди.

Адамлар бундай адамлардан шаршады “өмирге еркин” адамлар керек.

Диннен, Қудайдан, христианлық руўхыйлықтан бас тартыў зәрүрли.

Денениң еркин болыўы. “Жаңа” адамның бахыты – инстинктте. Ницше өзин классикалық эстетиканың ўәкиллериниң бири сыпатында

есаплайды (“Заратустра”).

Позитивистлик – физиологиялық позициялардан Аристотельден баслап Кант, Гегель, Шеллинге дейин гүлленген метафизикалық эстетиканы мақуллайды. Метафизикалық дүньяға тийкарланған эстетика жалғанлыққа ийе, адамзат прогрессин жаңа адамға, аристократқа жолда иркеди.

Аристотельдиң катарсисине гүман менен қарайды. Қанша айтқан менен де Ницше пикирлеўлеринде жан бар.

XX әсир Мәденияттың глобаллық кризисине байланыслы ҳәм бағдарланыўы бойынша Ницшениң ўәлийлигин тастыйқлады. Ақыры пост мәдениятта барлық баҳалықлардың релятивизми, инстинктке байланыслы ақыл-ойдан бас тартыў, хаосогенлик процесслер, физиологизм, наркотиклик вахканаялар ҳ.т.б. ҳүким сүриўши болды.

XX әсирдеги ең ири теоретиклер Ницшениң мийрасхорлары есапланады. Оны биринширлерден болып О.Шпенглер баҳалады ҳәм О.Шпенглер өзиниң “Европаның сөниўинде” оны Коперниктиң ашыўы менен теңлестиреди. Р.Якобсон оны А.Эйнштейн менен теңлестирди.

Келешек адамлардың жаңа породасының бас принциплери сыпатында “шадлы ойынды” айтады.

**Фрейдизм**

Басқа нонклассика ушын жүдә белгили, қубылыс – фрейдизм, ол мәдениятқа, эстетикаға, искусствоға XX әсир даўамында үлкен тәсир етти. Оның атасы ҳәм бас теоретиги З.Френд 1895-жылы И.Брейер менен бирге неврозларды дәстүрий емес емлеў методына келди ҳәм оны катарсислик деп атады. Ол олардың оригиналлыққа ийе психотерапевтлик теориясының (ҳәм методикасының) – психоанализдиң тийкарына енди. Соң ала Френд бул методтың қолланыўдың шегарасын нормаль адамлардың психологиясы проблемаларын шешиўге дейин кеңейтти. Өзиниң теориялық жумысларында илим ушын сол дәўирде дәстүрий болған тәбийий-илимий материализм ҳәм эволюционизмниң принциплерине сүйенди.

1900-жылы өзиниң “Түс көриўлердиң түсиндирилиўи” атлы өзиниң биринши ири психоаналитикалық жумысын басып шығарды. Ол XX әсир гуманитар илимлеринде ҳәм мәдениятында жаңа эраның қарлығашы болды. Жүз жыллықтың биринши шерегинде ол Фрейдтиң басқа мийнетлери менен бир қатарда көп ғана философлардың, әдебиятшылардың, искусствоведлердиң столының үстинде туратуғын китапқа айналды. Авангардлардың көп ғана бағдарларының дөретиўшилик фантазиясын күшейтти. Фрейд мудамы өзиниң теориясын жетилдирип барды. Онда адам өмириниң, жәмийеттиң, мәденияттың бас двигатели сыпатында санасызлық нәзерде тутылады. Бул рационализм ҳүким сүрген әсирде ҳақыйқый революция болды.

Улыўмаластырып айтқанда бул теорияның мәниси мынадай. Адамның психикасында үш қурамалы өз-ара тәсир етиўши сфералар болады. Олар: санасызлық, саналылықтың алды ҳәм саналылық (сана): Оно (1d), Я (Ego), Сверх-Я (Super-Ego). Санасызлық – психиканың искерлигиниң фундаменти ҳәм генераторы. Ол иррационаллыққа ийе, онда барлық адамның биологиялық қумарлығы ҳәм тилеклери жәмленген. Баслылары полярлыққа ийе – бул өмир дөретиўши қумарлықлар – сексуаллық (соңынан Эрос деп аталады) ҳәм өмир бузыўшы - өлимге қумарлық (Танатос), бул агрессияға бейимликти жаратыўшы Адамның реаль психикасында олар ҳәрқыйлы пропорцияда араласып кеткен. Сексуаллық қумарлықтың энергиясын Фрейд либидо деп атады.

Санасызлық – биринши тәбийий инстинктлер ҳәм оған саналы – ҳәрекет сферасынан ысырылған, мәлим басқыштағы жәмийет ушын тән қумарлықлар. Санасызлықтың бас стимулы ҳәм мақсети – ләззет. Фрейдтиң пикиринше адамның психикалық искерлиги еки мақсетке бағдарланған: ләззетсизликти қысқартыў ҳәм ләззетке ийелик етиў. Усы себепли бунда санасызлық бас роль ойнайды. Оған жетисиў ушын санасызлық өзин ҳақыйқатлықта көрсетиўи, тилегин реализациялаўы, демек санаға тап болыўы тийис (сана пүткил барлық психикалық процеслердиң реализацияланыўын басқарады). Саналылық алды

санасызлықты санадан ажыратады ҳәм бир ўақыттың ишинде оларды байланыстырады, олардың ҳәм цензордың арасында санасызлық ушын көпир болады. Бул адамның ақылға ийе Мени, өз искерлигинде реаллық принципин басшылыққа алып отырады, ол адамның саналы социомәдениятлық болмысының ақыбети сыпатында қәлиплеседи. Саналылық алды санасызлық қумарлардың актуализациясын тәртипке салады. Мәселен, сексуаллық қумарлықларға тек ғана неке ҳәм семья рамкасында ғана рухсат етиледи; агрессив қумарлықларға урыста, гладиаторлық ойынларда ямаса гейбир спорт ойынларында ҳ.т.б. имканият бериледи ҳәм сана сферасынан мәденияттың мәлим дәрежесине сәйкес келмейтуғынларын шығарып таслайды. Сексуаллықтың қадаған етилген формалары, күшлеўге, зулымлыққа, агрессияға умтылыў ҳ.т.б. Буннан рационаллық-морализаторлық мәденияттың раўажланыўы менен адамның (оның санасызлығының) мәдeният пенен (ХХ әсирдиң басында критикалық точкаға жеткен) конфликти.

Екинши тәрептен шығарылып тасланған ямаса цензура тәрепинен қадаған етилген (табуластырылған) сана алды (Мен) қумарлықлар санаға ("Меннен" жоқары сфера) өтиўдиң жолларын излейди ҳәм ҳақыйқатлықта оны реализациялайды. Бул реализация ҳәр қыйлы усыллар менен әмелге асырылады: адамлардың гейбир бөлеклеринде психика бузылады – неврозлар, психозлар; көпшилигинде түс көриўлерде, ертеклерде ("сны наяву"), фантазированиеде, қәте ҳәрекетлерде, қәте жазып қойыўларда, жаңылыс сөз айтыўда, адамның дөретиўшилик искерлигинде – илимде, динде, искусство сублимацияланады ҳәм мәденияттың раўажланыўына тәсир етеди. Адамның мәдeният пенен конфликтиниң мәнисин Фрейд "Мәденияттағы қанаатланыўсызлық" (1930) мийнетинде мәдeният тәрепинен адамның тәбийий (сексуаллық, агрессивлик) қумарларының қысып шығарылыўында көрди. Бул оның бахтын пәсейтеди, мотивлеспеген қорқыныш сезими, айыпты, социаллық дискомфортты күшейтеди, психикалық расстройстваларға алып келеди.

ХХ әсир мәденияты (айрықша массалық мәдeният) сондай-ақ

авангардтың, модернизмниң, постмодернизмниң көп ғана бағдарлары көп жағдайда ҳәм толық саналы түрде Фрейдтиң бул концепциясын қуралға алды яғный адам ҳәм мәдeният, тәбият арасындағы конфликтти әстенлетиўге имканият беретуғын продукцияларды шығарып баслады. Өзиниң сансыз шығармаларында ҳәм конкрет көринислеринде айрықша искусство ҳәм әдебият сферасында баслы табуласқан ямаса шығарылып тасланған қумарлықларға – сексуаллыққа ҳәм агрессивликке санасызлықтан сублимация ҳәм мәденият феноменлериндеги компенсациялар жәрдеминде жасырып, қумарлықларды максималлық дәрежеде реализациялаўға жақынласады. Постмодернизмде – постструктурализм ҳәм постфрейдизмниң кесиспесинде санасызлықтың с у б л и м а ц и я сының бас формаларының бири – бул биринши планға “денелик” категориясының көтерилиўи ҳәм арт-практикаларда оның манифестациясының мүмкин болған формаларының актуалласыўы болып табылады.

Эстетика ҳәм искусство сферасы ушын әҳмийетли Фрейд теориясында *комплекслер* проблемасы ҳәм *психоанализ механизми* проблемасы. Комплекс – саналы түрде аңлап болмайтуғын түсиниклер, кеширмелер, интенциялар, әдетте, булар сексуаллық қумарлықларға қатнаслы, санасызлық сферасына ысырылған ҳәм ояқтан ҳәрқыйлы формада (түс көриў, неврозлар, галлюцинациялар, искусство шығармалары) бирақ шифрласқан (символикалық) түрде тийкарғы комплекстиң характерли белгилерин өзинде жәмлеген. Дөретиўшилик сфераға Фрейдтиң өзи ең биринши нәўбетте Эдип комплексти атайды. Бул комплекс балаларда 3-5 жасларында қәлиплеседи, анасына эротикалық қумарлық ҳәм әкесине – қарсыласқа жеккөриўшилик. Қызларда ҳәм усыған сәйкес комплекс бар. Мәселен, әкесине қумарлылық ҳәм анасынан қызғаныў. Буны Электра комплекси деп атайды.

Эдиплик комплекси пенен кастрация комплекси бар. Ол баланың кастрация қылып қояма деп әкесинен қорқыўы.

Жеткиликсизлик, санасы төмен комплекси ҳ.т.б. бар.

Неврозларды ҳәм психозлардың мәлим түрлерин терапиялаўда психоанализдиң методикасын ислеп шықты. Ол пациенттиң сана сферасына реаль себеплерди, демек, қысылып шығарылған қумарлық, комплекслер, тилеклер; тийкарынан эротикалық сфера менен байланыслы бала психикасындағы травмалар, эрманлар, галлюцинациялар, сексуаллық турмыстың айырмашылықлары, жасырын қумарлықлар ҳ.т.б.

Пациент усы себепли саналы түрде түсинип тәуир болады. Буларды тастыйқлаўда искусствоның атақлы шеберлериниң психикасына анализди пайдаланды. Мәселен, Леонардо да Винчи, Гете, Шекспир, Достоевский.

Олардың дөретиўшилигиндеги анаў я мынаў мотивлердиң көриниўиниң гейбир өзгешеликлерин анықлады. Мәселен, әкеси ушын өш алыўда Гамлеттиң ақырынлығы, да Винчи картиналарының гейбир өзгешеликлери, Достоевскийде әкени өлтириўдиң мотивлери ҳ.т.б. Усылайынша ол ХХ әсирдеги әдебий-көркем сынға – психоаналитикалық бағдарға күш берди.

Фрейдтиң өзи искусство ҳәм эстетикада өзин компетентсиз деп есаплады. Оның үстине, сулыўлық ҳәм искусствоның алдында психоанализ әззи деп есаплады. Фрейд: Искусствода сыртқы шеклениўлерден азат болған психикалық энергиялардың ойыны әмелге асады. Художник өзиниң формаларында, образларында цензордың (Я) қадаған етиўинен айналып өтеди, сол ўақытқа дейин санасызлықта шуўлаған жасырын шақырыўларды үстине шығарады.

Искусство менен ләззетлениў – бул қысылып қалған қумарлықлар, қадаған етилген тилеклер ҳәм сана менен балалық комплекслердиң жыйындысы реализацияланыўынан ләззетлениў.

Фрейд: шығарманың 1) алдын-ала ләззетлендириўи – бул бизиң жанымызда, руўхымызда шеберлик пенен шөлкемлескен формада әмелге асады. Оны эстетикалық ләззетлениў деп атайды. 2) толық, түпкиликли ләззетлениў – ол бирақ жанымызда кескинликти алып таслаў менен байланыслы.

Фрейдте искусствоның компенсаторлық функциясы туўралы

айтылады. Көпшиликке тән Нарцисс комплексин ҳәм компенсациялайды.

Авангард ҳәм постмәденияттың көп ғана ўәкиллери саналы түрде санасызлық сферасына мүрәжәәт қылды.

**Экзистенциализм эстетикасы**

Ницшеанлық, материализм, фрейдизм, глобаллық урыслар ҳәм ХХ әсир басындағы кризис ҳәм традициялық руўхый ҳәм социаллық идеаллардың қыйраўы экзистенциализм атлы мәдений-философиялық ағымды пайда етти. Оған ХХ әсирдеги көп ғана ири философлар киреди. Олар: Хайдеггер, Ясперс, Шестов, Бердяев, Сартр, Марсель, Камю. Оның диний (Ясперс, Марсель, Бубер, Бердяев) ҳәм атеистлик (Сартр, Камю, Мерло-Понти) шақаплары бар. Көркем-эстетикалық мәдениятқа айрықша Сартр ҳәм Камю тәсир етти. Олар экзистенциаллық дүньятанымды тек философиялық дискурста емес, ал әдебий, драмалық шығармаларда ҳәм сәўлелендирди. Өзлерин әсиресе биринши дүньяжүзлик урыстан кейин көрсете отырып, өткирлик пенен адамның заманагөй дүньядағы кризисин, оның иррационаллық процесслер толқынындағы болмыс-санасын көре билди. Экзистенция (жасаў) олар тәрепинен абсурд, зулым өмирдеги мақсетсиз ҳәм мәниссиз дүньяда қорқынышта, түскинликте жасап атырғанды сәўлелендирди. Глобаль жалғызлықты я қудайға мүрәжәәт пенен я дөретиўшилик пенен ысырыўы керек. Сонда адам “объективация дүньясына” (Бердяев, мәлим атсызлықта (“безличное”) – тар (Хайдаггер) батпақлығына өтеди. Экзистенциаллық ситуацияда еркинлик өзиниң денесинде шириў менен көпшиликтиң топаланы арасында таңлаў имканияты менен байланыслы. ХХ әсир: адамның космослық пенен метафизикалық жалғызлығының трагизми. Буны философ – экзистенциалистлер ҳәм, жазыўшы – экзистенциалистлер ҳәм сәўлелендиреди.

Экзистенциалистлер адам өмир сүриўиниң иррационаллығын сезип, олар оның онтологиялық статусын “для себя - бытие”, “бытие – в – мире”, “здесь – бытие”, “наличное бытие” ҳ.т.б. түсиндиреди. Бунда олар түсинеди айрықша “болмыс” (экзистенция) адамды дүньядан толығы

менен ажыратады, оны Сартрдың түсиндириўинше тек тәбийий дүньяда ғана емес, өзиндей адамлар дүньясында ҳәм ҳәттеки өзине өзи тәбийий қубылысқа қатнасында ҳәм бийгана болады.

Бул “тоталь ничтодан” шығыў тек ғана еркин таңлаўдың болыўында. Адам өмирдиң абсурдлығын түсинеди. Ақыры қудай өлди, традициялық баҳалықлар жоқ болды. Искусство ушын дөретиўшиликти өмирдиң мәниси сыпатында таңлап алыў. Адам дөретиўшиликте ғана дүньяға вызов таслады (А.Камю). Eң баслысы: көркем дөретиўшилик адамның өзиниң мәпин жаратыў.

Егер илим ҳәм дин адамға анық ориентирлер берер болса, искусство таңлаўға толық еркинлик береди. Мине XX әсир мәдениятының раўажланыўының қарама-қарсылықлы тенденциялары. XX әсир искусствосы туўралы айта отырып, оның жоқарыда айтылған бағдарларынан басқа да бағдарлары баршылық, көп екенлигин айтыўымыз керек. Соның менен бирге оның классификациясының тийкарын модернизм тутады. XX әсирдеги көркем мәденияттың раўажланыўында мынадай дәўирлерди көрсетиў мүмкин.

модернизмалды (XIX әсирдиң аяғы – XX әсирдиң басы);

модернизм (XX әсирдиң 1-ярымы);

неомодернизм (XX әсирдиң 50-70-жыллары);

постмодернизм (XX әсирдиң соңғы шереги).

Модернизм көркем практика сыпатында екинши жержүзлик урысқа дейин ҳүким сүрди. Соның менен бирге оның анық хронологиялық рамкалары ҳәм айтылады (1890-1968). Модернизм өз ишине бираз өзлигине ийе бағдарларды жәмлейди. Олар: **экспрессионизм, кубизм, футуризм, дадаизм, сюрреализм** ҳ.т.б. Олар улыўма дүньяқараслық установкаларға, социомәдениятлық раўажланыў шараятларына, сондай-ақ, эксперименталлыққа умтылыўға ийе. Модернизм искусствосының идеологлары Х.Ортега-и-Гассет, М. де-Унамуно, Т.Адорно, Г.Маркузе ҳ.т.б. философлар. Художниклердиң өзлери ҳәм өзлериниң

дөретиўшиликке подходларын теорияластырды, комментарийлер ҳәм бағдарламалар дүзди. Модернистлик искусство, гүман жоқ, түсиндириўди талап етеди. Реалистлик бағдарламадан бас тартып, ол әдебияттағы ҳәм живописьтеги анаў я мынаў концепция менен таныс емес әпиўайы адам ушын узақ ҳәм түсиниксиз болды. Әлбетте шәртлилик әзелден искусствоға тийисли, соның ушын қабыллаў ушын белгили таярлық ҳәмме ўақыт керек (опералық искусство оған мысал). Модернизм менен жаңа ситуацияда мынадай айрықшалық бар. Ол ҳәм болса искусство саналы түрде адамнан (халықтан) бурылады. – ол Х.Ортега-и-Гассеттиң анықламасы бойынша "дегуманизацияланады". Бул испан ойшылы модернизмниң қәлиплесиўине ҳәм түсиндирилиўине үлкен үлес қосты. Ол өзиниң "Дегуманизация искусство" мынадай тастыйқлаўлар ислейди.

1. Адамлардың көпшилиги ушын эстетикалық сезим өмирлик сезиўлерден бөлек емес, олар реаллықтың соған уқсасын көриў ҳәм меҳир қосыўды қәлейди. Демек, халықшыл, элитарлық емес бағдар бул – реализм.

2. Шын искусствоның мәниси күнделикли өмирде бизге бирге жасамайтуғын объектлерди жаратыўда. Бул бойынша искусство мәниссизлик емес жаңа, мәниске толы реальлықты жаратыўы тийис.

3. Модернизм – жаңа искусство, ол реаллықты деформациялаўдан, оны адамзатлық аспекттен жуда етиўден қорықпайды, оның шығармалары менен пүткиллей принципиаллық жаңа байланыслар дүзиў керек болады. Бунда искусствоның дегуманизациясы.

4. Жаңа искусство элитаға, аристократия руўхына есапланған, оны түсинетуғынларға арналған, кимге унайтуғынларға арналмаған.

Модернистлик искусство – демократия тусындағы элитаны әпиўайы массадан ажыратып турған инструмент. Модернистлер халыққа түсирдирме бере алады: ол – "халық ғана" (Ортега-и-Гассеттиң пикиринше орта адамның, оның примитив толғамлары ҳәм талапларының абыройы мәдениятты толық деградациялаўға алып келиўи мүмкин.

Искусство шығармасы менен коммуникацияға түсетуғын адамнан

модернизм енди тек я анаў я мынаў бағдардың концепциясын ғана билиўди емес, ал дөретиўшилик басламаға ийе болыўды, автордың ойын оригиналлық пенен интерпретациялаў уқыбына ийе болыўы кереклигин мақуллайды. Модернистлик искусствосының тағы бир идеологы Мигель де Унамуно – қабыллаўдың дөретиўшилик характерин раўажландырды (солай етип, издеги постмодернистлик эстетикалық ой менен жақынласа отырып). Ол жазады: “Адам искусство шығармасынан ләззетленеди. Себеби ол оны өзинде, өзин оның менен бирге жарата отырып, жаратады”.

Солай етип, модернизм көркем дөретиўшиликтиң тарийхый тәжирийбесинен принципиаллық дәрежеде қол үзе оның өмир менен ҳәм публика менен өз-ара қатнасын қайта қарайды, искусствода жаңа басламаны тастыйқлаўға умтылады. Егер антикалық дәўирде көркем дөретиўшилик тәбиятқа “мимесис” (еликлеў) сыпатында қаралған болса, енди бүгинлигинде художниклер еликлеўшилер емес, ал дөретиўшилер, ойлап табыўшылар болады (Дурыс, Аристотель: “мимезис” искусствосының тийкары сыпатында өз ишине тәбиятқа еликлеўди, ол қандай болса сондай, оны көпшилик қандай көрсе тап сондай, сондай-ақ қандай болыўы тийис болса тап сондай. Буннан көринип тутыпты, авангардизмге тән элемент бийкарланғаны жоқ).

XX әсир художник-новаторлар келешекке әйтеўир умтылғаны жоқ, олар тийкарынан мәңги, негизги тийкарларды билиўге ориентацияланды. “Эсхатологиялық” келешек иудаизмде ҳәм христианлықта тарийхтың ақыйрын аңлатады, демек абсолют өтмиш пенен сәйкес келеди. Сол нәрсе таң қаларлық емес, “авангардистлер” архаикалық дәўирге, ўақыттың басламасына мүрәжәәт қылады. Тарийхыйлыққа дейинги дәўирге бир формаларды өндириў болды. Алға прогрессив раўажланыў болмады, ол соңында адам менен тәбияттың бирлигиниң бузылыўына алып келди. Модернизм бул бөлиниўди саналы аңлаўда барысында жүзеге келди, бирақ ол оны культивировать етпеди.

Архаикаға мүрәжәәт, ол ҳәм болса ўақыттың басламасы, сондай-ақ адам психикасының тереңине оның санасызлығының басламасы

сыпатында мүрәжәәт етиў, демек қәлеген санасы интеллектуаллық ямаса эмоционаллық активликтиң алдындағы санасызлыққа мүрәжәәт етиў модернизм искусствосында жетекши роль ойнады. Кубизмниң қәлиплесиўинде африкалық скульптураның, әййемги магиялық практиканың әдебият ҳәм живописи экспрессионизм ушын, мифлердиң әдебий модернизм ушын әҳмийетин еске алыўдың өзи жеткиликли. Англиялы тарийхшы Э.Гамбрихтиң пикиринше биринши жержүзлик урыстың алдында африкалық скульптура менен шуғылланыў ҳәрқыйлы бағдарлардағы художниклерди бирлестирди. Ритуаллық негрлик маскалар шеберханаларды Аполлон Бельведерскийден алынған слепкилерди алмастырды. Африка искусствосы сулыўлық идеалына ҳәм өмирге уқсаслыққа бармады, бирақ қүдирет тәсирлиликке, структураның анықлығына, атқарыўшылық приемлардың анықлығына ийе болды.

Буған философиялық анализди психоанализ бере алады. Г.Маркузе искусствода басылып қалған санасызлықты реабилитациялаўдың бир формасын, азат етиўди көрди. А.К.Юнг тастыйқлады: “Коллектив санасызлық архетиплерге ийе – реальлықты билиўдиң ески образлы формалары, оларға шығыў “сананы кеңейтиў” арқалы болады. Мәселен, психоанализдиң тийкарын салыўшы З.Френд тастыйқлады: мәденият қадаған етиўге тийкарланған, сонлықтанда ол психиканы, адамның минез-қулқын басқарып турған санасыз тилеклерди репрессиялайды.

Модернизмде европалық искусствоның, мәденияттың классикалық традицияларын бийкарлаў, оның авангард программасы зәрүрлик пенен художниклерди сиясий революциялық программалар менен жақынластырады (бул әсиресе Италиядағы, Россиядағы футуризм ушын жүдә характерли). Эстетикалық авангардтың марксистлик типлери революциялық идеологияға жақын. Ол өмирди сыпатлаўдан оны қайта өзгертиўге ҳәм тарийхтың алдындағы классыз емес коммунизм тусына қайтыўды талап етеди. Нәтийжеде бирден-бир көркем-сиясий проект болды. Оны В.Хлебников, В.Маяковский, В.Татлин, К.Малевич, М.Шагас, Л. Аралон ҳ.т.б. қоллап-қуўатлады.

Модернистлик искусство художниктиң индивидуаллығын қоршаған ортаны қабыллаўдан ҳәм сәўлелендириўден азат етиў культы менен ҳәм айрықша қурамалы сезим дүньясын жаратыў менен, оның элитарлығы менен, гөззаллық түсиниги ушын жаңа мазмунларды излеў менен көп түрли публиканы ҳайран қалдырарлық экспериментлер болды. Соның менен бирге бул экспериментлердиң жаңалығы ўақыт өтиў менен әдетлениў менен ҳәм базардың абыройлы бағдарлардағы шығармаларға талабы менен нивелировкаланады. Бул экспрессионизм, кубизм ҳәм басқа да модернистлик мектеплерге тән. Экспрессионизм ҳәм кубизм – модернизимдеги биринши бағдарлар.

Экспрессионизм (латын сөзи expressio – аңлатыў “выражение”) көркем бағдар сыпатында Германияда 1905-1912-жыллары жүзеге келди. Оның жүзеге келиўи “Көпир”, “Көк атлы” деген көркем бирлеспелердиң искерлиги менен байланыслы. Дүньялық экспрессионистлик концепциясының орайында адам ҳәм оның кеширмелери, көркем ортаны өзгеристи қабыллаў бар. Түр оғада эмоционаллық стихия сыпатында художниклер ушын үлкен әҳмийетке ийе болды, сәўлелендириў әпиўайы ҳәм еки өлшемли болды.

Художник картинаны эмоцияларды бериў ушын көпир сыпатында пайдаланды. Соның менен бирге бул мектептиң ўәкиллериниң дөретиўшилигинде (К.Ольвиц, Э.Барсах, Г.Грос, О.Кокошко) өмирдиң трагедиялық тәреплерин – қыйналыў, ашлық, күшлеў, бул ушын сулыўлық ҳәм гармония менен қурбанлық анық көриниске ийе.

Экспрессионизмниң айрықша символы сыпатында норвегиялы художник Эдвард Мунканың (1863-1944) “Крик” (1895) литографиясы мысал. Әдебий экспрессионизмниң ең белгили ўәкили австриялы жазыўшы Франц Кафка (“Процесс”, “Замок”, “Превращение”). Экспрессионизм беспредметлик искусствоның – XX әсирде абстракционизмниң жүзеге келиўине имканият берди.

## Сораўлар

1. XX-XXI  әсирлер эстетикасы туўралы айтып бериң?
2. А.Швейцер феномене туўралы айтып бериң?
3. XXI әсирдиң глобаллық әдеп-икрамлылық, эстетикалық проблемалары ҳаққында айтып бериң?

## Пайдаланылған әебиятлар:


1. Michael McCarthy “English Vocabulary in use”. Cambridge University Press, 1999, Presented by British Council.

2. Исмаилов А.А, Жалалов Ж.Ж, Саттаров Т.К, Ибрагимходжаев И.И. Инглиз тили амалий курсидан ўқув-услубий мажмуа. Basic User/ Breakthrough Level A1/-Т.: 2011. – 182 б.

3. Ишмуҳамедов Р., Абдуқодиров А., Пардаев А. Таълимда инновацион технологиялар (таълим муассасалари педагог-ўқитувчилари учун амалий тавсиялар). – Т.: “Истеъдод” жамғармаси, 2008. – 180 б.

# 5-ТЕМА: ЭТИКА, ЭСТЕТИКА ПӘНЛЕРИН ОҚЫТЫЎ МЕТОДИКАСЫ МӘСЕЛЕЛЕРИ

**Жоба:**

1. Этика, эстетиканы оқытыўдың теориялық-методикалық тийкарлары.
2. Этика, эстетиканы оқытыўдың стратегиясын шөлкемлестириўшилик-методикалық тәмийинлеў.
3. Қосымша жәрдемши материаллар.

***Таяныш түсиниги**: бурылыў, субъект, оқытыў, формалар, өзгешеликлер*

## 1. ЭТИКА, ЭСТЕТИКАНЫ ОҚЫТЫЎДЫҢ ТЕОРИЯЛЫҚ-МЕТОДИКАЛЫҚ ТИЙКАРЛАРЫ

Этика ҳәм эстетика пәнлерин бурылыў, оларды оқытыў оқыў процессиниң конкрет реалийлерине, мәселен, сааттың саны, оқыў исиниң жеке формаларының көрсетилген субординациясы, қәнигеликтиң түри, студент аудиториясының өзгешеликлери х.т.б. қатнаслы ҳәртүрли усыллар менен әмелге асырылыўы мүмкин. Студентлердиң бул курсты адекват үйрениўин стимулластырылған оқытыў концепциясының эффективлиги көп түрли факторлардан ғәрезли. Олардың ишиндеги әҳмийетлилери этикалық билимниң спецификасына оның тийкарғы ҳәм формаль, сондай-ақ оқытыўшы ҳәм студенттиң өз-ара тәсириниң субъектли-субъектли характериниң сәйкеслиги болып табылады. Әлбетте бундай установка ҳәм қатып қалған емес. Этика, эстетиканы оқытыўдың теориялық-методикалық модели бул пәнди үйрениўдиң илимий, практикалық реалийлери ҳәм машқалалары менен толығып бара бериўи мүмкин.

Ҳақыйқатын айтыў керек, бүгинлигинде әдеп-икрамлық, эстетикалық проблемаларды үйрениў ҳәм оның исенимге айналыўы процеси төтенше актуальлыққа ийе десек лап болмас. Ҳеш ҳәм сыр емес, дүньялық масштабта сол нәрсе анық, көп ғана тийкарлық моментке ийе моральлық ҳәм эстетикалық баҳалықлар девальвацияға тап болып атыр. Бизиң елимизде үзилген мәдений дәстүрлерди ғәрезсизликтиң биринши

күнлеринен баслап-ақ тиклеў қолға алынды ҳәм сол бүгинлигинде өзиниң унамлы ғана өнимин бермекте. Жәмийеттиң ҳәмме сфераларында ҳәм миллийликтиң ҳәм компонентлериниң – миллий-спецификалық, миллетлераралық ҳәм улыўмаинсаныйлықтың жәмленген ҳалатта иске түсиўиниң өзи буған гүўа. Усыларға қарамастан бул бойынша, әсиресе этика ҳәм эстетиканы оқытыўдың нәтийжелигине ерисиўге байланыслы исленетуғын жумыслар көп. Оның үстине, “массалық мәдeният” атлы нықап бийәдеп бузықлық ҳәм зорлық, индивидуализм, эгоцентризм идеяларын тарқатыў есабынан байлық арттырыўға умтылып атырған, дәстүрийликти писент етпей мәлим күшлер ҳәм жоқ емес. Бундай агрессияларға әсиресе жаслар тәрбиясында, студент-жаслар менен ислесиў барысында қарсы гүресиў зәрүрли екенлигин аңлатып барыў жүдә әҳмийетли.

Қулласы, бул бойынша жумыслар, айтайық, миллийликтеги улыўма инсаныйлықтың үстинлигин реализациялаўдың теориясы ҳәм практикасы ҳәм көп жағдайда педагог кадрлардың уқыплылығы менен байланыслы екенлиги сыр емес. Айтайық, моральдың ҳәм эстетикалық баҳалықлардың тарийхый қәлиплесиў ҳәм рефлексиясын аңлаў көбирек өзлеримизге байланыслы. Оның үстине, бул уқып, ҳеш болмаса, оны алыўға, ийелеўге умтылыў қәлеген раўажланған жеке адамға тийисли болыўы керек. Соның ушын ҳәм жоқары билимге ийе болыў адамзаттың этикалық ҳәм эстетикалық тарийхый үйренилмей толық болмаған болар еди.

Этика ҳәм эстетика дурыс, тири адамның индивидуаллық әдеп-икрамлық ҳәм эстетикалық күш жумсаўларының орнын баса алмайды ҳәм жеке адамнан қабыл еткен шешим ушын жуўапкершилик алынып тасланбайды. Этиканың ҳәм эстетиканың ҳәм исшеңлиги, тәсири әлбетте оны үйрениўге ҳәм үйретиўге ҳәм қызығыўшылықтың активлиги менен байланыслы.

## 2. ЭТИКА, ЭСТЕТИКАНЫ ОҚЫТЫЎДЫҢ СТРАТЕГИЯСЫН ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎШИЛИК-МЕТОДИКАЛЫҚ ТӘМИЙИНЛЕЎ

Пәмлеўимизше, Этика, эстетика мәселелерин оқытыўдың қәлеген

методикалық модели ең алды менен мынаған жуўап бериўи шәрт. Талаба-жасларға анық сараланған информацияны олардың этикалық, эстетикалық билимлерди қатнасын белгилейтуғын “ойын қәделерине” ылайық болыўы керек. Ақыры, бул информацияның оқытыўшы тәрепинен берилиўи я оның тиккелей басшылығы, кеңеси тийкарында мәлим дереклер арқалы талабаның ийе болыўы нәтийжесинде ол өзиниң тәлимлик күш салыўын мақсетке муўапықлығы нәтийжелилигин саналы түрде аңлаў менен индивидуаллық тәртипте режелестире алады.

Пикиримизше, бул мәселени бир-бири менен тығыз мазмунлық ҳәм методикалық өз-ара байланысқан үш түрли жоқарғы тараўларды нәзерде тутамыз. Бириншисинде, этиканы, эстетиканы оқытыўдың әҳмийетли стратегиялық установкалары аңлатылады. Екиншисинде оларды әмелге асырыўдың “технологиясы”, үшиншисинде бурынғы информацияны конкретлестириўши гейбир мәлим көмекши материаллар бар.

Этикалық, эстетикалық оқытыўдағы мақсетке ылайық ҳәм концептуаллық ориентацияларды нәзерде тутар екенбиз, бул билимлердиң информациялық ҳәм баҳалық – ориентациялаўшы аспектлерине дыққат аўдарамыз. Бул бирлик оларды оқытыўдың, стратегияның фундаментальлық установкасы болады. Усы себепли де талаба-жаслардың этикалық ҳәм эстетикалық проблематикаға қатнасын талап ететуғын бираз конкрет характерге ийе ўазыйпаларды қоя алады. Олар:

- Этикалық, эстетикалық көз-қараслардың бул процесстеги улыўмаинсаныйлықтың раўажланыўында мийраслық байланысларды саналы аңлаў;
- Этикалық, эстетикалық билимлердиң өзгешеликлерин, моральдың, искусстволың спецификасын түсиниў, моральлық автономияның, искусстволың адам ҳәм жәмийет турмысындағы тийкарғы орнын ҳәм ролин бузыўдың ақыбетлерин түсиниў;
- Этикалық ҳәм эстетикалық информацияның жекелик мәниске өтиўине талаптың қәлиплесиўи (жеке баҳалық позициялардың

анықланыўы, жүрис-турыслар ҳәм мотивациялары үстинен рефлексия ҳ.т.б.);

- Адамның өзин-өзи баҳалаўының тек өзине ғана қаратылмаўы, ал оның басқаға да қаратылыўы, басқа әдеп-икрамлық ҳәм эстетикалық баҳалықларға толерантлық қатнастың қәлиплесиўи.

Оқытыўдың бул стратегиясының бас теориялық ҳәм методикалық ориентациясы студент-жаслардың этикалық ҳәм эстетикалық билимлерге дөретиўшилик пенен қатнасыўының мүмкиншиликлерин тәмийинлеў, демек бул билимлердиң өзинше, өз бетинше жумыс ислеўи барысында жанланыўы болып табылады. Бундай қатнас әдеўир дәрежеде этиканың мораль философиясы, “практикалық философия” эстетиканың искусство философиясы, гөззаллық философиясы, қоршаған орталықты эстетикалық өзлестириў философиясы сыпатында түсиниўине сәйкес келди ҳәм талаба-жаслардың догмаласқан система сыпатында емес, ал моральлық, эстетикалық болмыстың реаль проблемалары контекстинде қабыллаўына имканият жүзеге келеди.

Этиканы, эстетиканы оқытыўдың концептуаллық тийкарлары негизинде олардың предметлердиң тәбиятынан анықланатуғын этикалық ҳәм эстетикалық билимлердиң өзгешеликлеринен келип шығады.

Белгили, мораль, эстетикалық кеңисликте локаллыққа ийе емес, бул этиканың ҳәм эстетикалықтың имканиятларын бираз кеңейтеди. Бирақ оларды үйрениў қалай болмасын дәрҳал бурыннан киятырған жол менен, традиция менен қатнаслы анық шегараны фиксация қылыўды талап етеди. Бул идеялық-проблемалық комплексти бирден-бир өзектиң дөгерегине – мәселен, этиканы практикалық философия сыпатында түсиниўге жәмлейди. Практикалық философияда “дурыс өмир” туўралы сораўға жуўап бериў мәселеси бар (Айтайық, И Кантта “Не ислеўим керек?” дегег сораў қойылады). Солай етип, этикалық материалды көлемин анықлай отырып, “дурыс турмыстың” фундаменталлық көринислерин бөлип көрсетиў зәрүрли; бундай өмирди ҳүрметлейтуғын моральдың негизлик өзгешеликлерин аңлатыў; булардың ҳәммесин философиялық (күнделикли

емес) дәрежеде, этикалық традиция ҳәм заманагөйликтиң новацияларының контекстинде интерпретациялаў. Эстетика мәселеси ҳәм усы тақылетлес.

Бундай стратегиясыз шығысыў қыйын, мүмкин емес. Себеби мәселени түсиндириўде таза эмпириялық стиль, этикалық, эстетикалық билимлердиң фрагментлериниң тосын жыйындысы оны үйрениўдиң эффективлигине имканият бермейди. Оның үстине, пүткил этикалық, эстетикалық проблематиканың ҳәрқыйлылығын относителли үлкен ўақытлық көлем рамкасында қамтыў ҳәм мүмкин емес. Сол себепли де теориялық моделлестириў қалай болмасын эмпириялық материалдың алдында жүреди, оның изложениесиниң ҳәмме вариантларында, этикалық ҳәм эстетикалық мозаиканы мәлим тутас картинаға жәмлейди. Бунда таңланған модель дым қатал болмаўы керек. Сонда студентлердиң картинаны өзлери “бояўлап бериў“ имканиятлары шекленбейди.

Буннан шыға отырып оқытыўдың бираз конкрет дәрежедеги концептуаллық тийкарларын аңлата алыўға өте аламыз. Этиканың ҳәм эстетиканың ҳәм бирнеше бас аспектлерин бөлип көрсетиў мақсетке муўапық болса керек. Олар тек структуралық компонентлер сыпатында ғана емес, ал қабыллаўдың ҳәрқыйлы ракурслери түринде ҳәм болады. Этикалық ҳәм эстетикалық билимлердиң бул қырларын сыпатлай отырып, олар туўралы тутас көз-қарасқа ийе болыў мүмкин. Ҳеш болмаса оның келешектеги оформлениеси ушында бул зәрүрли. Бирақ, әлбетте ҳәрқашан этика, эстетиканың тереӊ мәнисин мәлим көз-қарастың өзгешеликлеринен қараў зәрүрли.

Бундай аспектлер сыпатында мыналарды атаў мүмкин. Олар: тарийхый-этикалық, тарийхый-эстетикалық, структуралық-функционаллық, генетикалық, теориялық-категориялық, қолланбалық. Бул атамалар бираз шәртли, бирақ олар анаў я мынаў дәрежеде этикалық, эстетикалық билимниң проблемалық майданының ҳәрқыйлы ракурсларының мәнисин адекват аңлата алады.

Тарийхый-этикалық, тарийхый-эстетикалық аспект студентлерди этикалық, эстетикалық тәлийматлардың тарийхы менен таныстырыўды

талап етеди. Бул бойынша айрықша дыққат этикалық ҳәм эстетикалық рефлексияның әййемги цивилизацияның шығыс ҳәм батыс регионларындағы генезисиниң спецификасын анализлеўге бөлинеди. Бундай контекст этикалық, эстетикалық билимниң улыўмаинсаныйлық компонентлерин ашыў проблемаларын корректли қойыўға имканият береди. Оннан соңғы информация европалық этикалық, эстетикалық ойдың қәлиплесиўинде нызамлықларын ҳәм мийраслық байланысларын, сондай-ақ XX әсир этикасы, эстетикасы менен байланыслы новацияларды фиксация қылады.

Бул аспекттиң ҳәртүрли фрагментлери арасындағы субординация, ең алды менен олардың идеялық әҳмийети ҳәм этикалық, эстетикалық традицияға тәсири арқалы белгиленеди. Бирақ мәлим дәрежеде бағдарламалық тарийхый-этикалық, тарийхый-эстетикалық материалдың студентлик аудиторияның ықласлылығы менен сәйкес келеди. Структуралық-функционаллық аспектте моральды, искусствоны, гөззаллықты, улыўма дүньяны эстетикалық өзлестириў анаў я мынаў дәрежеде олардың мәниси ҳәм спецификасы туўралы тутас көз-қарасты бере алады.

Териялық-категориялық рамкалар аспектинде этиканың, эстетиканың теориясының фундаменталлық проблемалары ҳәм олардың “дефинитив кеңислиги”, басқаша айтқанда этика, эстетиканың категориаллық аппаратын қурайтуғын әҳмийетли түсиниклер қаралады. Қолланба аспект тиккелей ҳәзирги өмирдиң реалийлери менен байланыслы этикалық ҳәм эстетикалық информацияға мүрәжәәт етиўди талап етеди.

Этикалық ҳәм эстетикалық материалды системалаўдың бундай варианты “практикалық философияның” комплексли сәўлелениў имканиятын өзинде жәмлеген ҳәм этика, эстетика курсының этикалық, эстетикалық билимлер кеңислигин қамтыған аспектлерин өз ишине алады.

Булардың ҳәммеси де, басқаша айтқанда этика ҳәм эстетика мәселелерин үйрениў бойынша мақсетлик ориентирлер технологиясын әмелге асырыў студентлерди этиканы, эстетиканы үйрениўге

қатнастырыўдың актив формаларын ҳәм оқытыўдың индивидуалласыўын талап етеди. Неге дегенде, олар информацияны дөретиўшилик пенен өзлестириў ушын қолайлы мүмкиншиликлерди жаратады. Ҳәттеки бул бойынша өз бетинше изертлеў жумысларын алып барыў ушын көнликпелерди қәлиплестиреди, раўажландырады. Оның нәтийжелерин жазба який аўызша баянлаўдың мәдениятын күшейте алады. Этикалық ҳәм эстетикалық билимлердиң практикалық адаптациясына сүйенеди. Бул стратегияны реализациялаўда тийкарғы механизм сыпатында студентлерди аттестациялаўды рейтинглик системасы болып табылады.

Рейтинг системасы потенциаллық дәрежеде өзинде көп түрли артықмашлықларды жәмлеген. Бул артықмашлықлар студентлердиң финаллық ҳәм аралық формалардағы мақсетке муўапық хошаметлениўи менен, көтермелеў менен байланыслы. Буннан басқа ол өзиниң универсалластырыўшылық сапасына ийе бола отырып, ҳәр қыйлы методикаларға, айтайық классикалық ҳәм инновациялық статусқа ийелерине оқытыўдың мақсетлик ориентирлерине бағындыра отырып, оларға белгили пүтинлик бере алады. Бирақ рейтинг системасының қәсийетлери бул позитив қәсийетлери оны корректли түрде оқыў дисциплинасы менен белгиленген мазмунлы ҳәм методикалық толықпа бар шараятта ғана жүдә актуалласады. Қарама-қарсы жағдайда оның қолланылыўы оқытыўдың формализациясына ийе айрықша этикалық, эстетикалық билимлер сферасында эффектсиз болады. Бул қәўиптиң алдын алыў рейтинг системасының формаль ҳәм мазмунлы "ишине салынғанын" (начинка), сондай-ақ ондағы "ойын қәдесин" усыныўшы оқытыўшы менен де, бул қәделерди анаў я мынаў дәрежеде эффектив түрде әмелге асырыўшы студент пенен де байланыслы.

Усынылып атырған рейтинг система Өзбекистан Республикасы Жоқары ҳәм орта арнаўлы тәлим ўәзирлиги тастыйқлаған ҳәм университет Илимий кеңес мәжилислери көлеминде келисилген болып табылады. Ол жүдә ийилгиш, ийкемли, оқыў процесинде мудамы корректировкаланып туратуғын баҳалаў модели болып табылады. Соның менен бирге,

баллардың белгили санын фиксация қылатуғын мийнеттиң түри бойынша оның формаль тийкары (минимальлық ҳәм максимальлық) бираз турақлы. Ал бул жағдай билим алыў тәжирийбесиниң ҳәм ситуативли ҳәм перспективада мақсетке муўапықлығын түсиниўге имканият береди.

Орынланыўы тийис жумыстың формалары белгиленеди ҳәм усыған ылайықлы арнаўлы көрсетилген критерийлер негизинде олардың балл шкалалары ҳәм белгиленеди. Әлбетте қарызларды өтеў ушын усыллар ҳәм көрсетилиўи шәрт. Айтайық, оқытыўшының системалы консультациясы, көп балл топлағанлар ушын хошаметлеўдиң түрлери ҳәм нәзерде тутылады. Оқытыўдың шөлкемлестириўдиң бундай маделинде жәмленген формация элементи оның компонентлериниң мазмунлы толығыўы менен компенсацияланады: олардың ҳәрбири мақсетли бағдарланыўға байланыслы ҳәм баҳалаў өлшемлери (критерийлери) бойынша ҳәм студентлердиң этикалық, эстетикалық билимлериниң спецификасына ылайық дөретиўшилик жумысын талап етеди.

Бул тәлимлик технологияны әмелге асырыўда оған адекват методикалық тәмийинлеўдиң роли басым. Олсыз рейтинг системасы өзиниң позитив потенцияларын көрсетиўге уқыплы емес. Методикалық тәмийинлеўде өзинше, айрықша таянышы – бул әлбетте этика, эстетика курсы бойынша оқыў-методикалық комплекс болып табылады. Көп ғана жоқары оқыў орынларында сондай тәжирийбе қәлиплескен ОМК оқыў жылының басында студентлерге бериледи. ОМК системаласқан басланғыш информация сыпатында ҳәрқыйлы сабақлық, оқыў курслары, оқыў-методикалық қуралларды оқыў менен кеңейип, конкретлесип бара береди. Ақыры бул әдебиятлардың жәми мақсетлик, мазмунлық ҳәм методикалық бирликке ийе ҳәм бул студентлердиң өз бетинше ислеўинде оларға реаль жәрдем бериўди тәмийинлей ала алады.

Усылай шөлкемлескен рейтинг системасы "өзиниң ишинде" ҳәртүрли инновациялық енгизиўлерди әмелге асырыўға имканият береди. Олардың гейбиреўлери студентлердиң этикалық, эстетикалық билимлер майданындағы қәлеўлериниң конкрет көринислериниң алдын-ала айтып

болмайтуғынлығы менен де байланыслы. Айтайық, семинарлар пайтында сондай моментлер болады, оларға новаторлық характерге ийе болады: “практикалық философия” атамасындағы этиканың “гөззаллық философиясы”, “искусство философиясы” эстетиканың кеңислигин ҳәм жанландырып ҳәм кеңейтип жибереди. Басқа жақлары, әлбетте көбирек оқытыўшылық инициатива менен байланыслы. Алдын-ала таярлықты, исленбелерди, мәселен, микрогруппаларда “ролик ойынлар” методикасын талап етеди.

Бул рейтинглик система бираз табыслы түрде практикадан өткен, студентлердиң көпшилиги тәрепинен мақулланған ҳәм оны оқытыўдың жүдә конструктив модели сыпатында қараўға имканият береди. Рейтингтиң формаль системасын шәртли түрде былай көрсетиў мүмкин:

- сабаққа қатнаў (тексериў лекциялық сабақларда ҳәм практикалық сабақларда ҳәм (әсиресе соңғысында жүдә системалы түрде) алып барылады ҳәм сабақ қалдырғаны ушын кафедрада қаралып, илимий кеңесте тастыйқланған минуслы (– …) балл қойылса болады;
- лекциялардағы интерактив (мазмунлы репликалар, оқытыўшының сораўларына жуўаплар, өз бетинше үлгилилиги, идеяларды қысқаша интерпретациясы ушын ҳ.т.б.) плюс пенен (+ …) балл қойылыўы мүмкин;
- практикалық сабақлар: қысқа шығып сөйлеў ямаса репликалардың жыйындысы плюс пенен (+ …) балл, арнаўлы баянат який бираз кеңейтилген баянат плюс пенен (+ …), жуўап бериўден бас тартыў минус пенен (- …) балл қойылыўы мүмкин;
- текстли жумыс плюс пенен (+ …) баллдан плюс пенен (+ …) баллға шекем, жумысты ўақтында тапсырмағаны ушын минус пенен (- …) балл қойылады;
- индивидуаллық дөретиўшилик тапсырма плюс пенен (+ …) баллдан плюс пенен (+ …) баллға шекем, ўақтында тапсырмағаны ушын минус пенен (-3) балл, презентация ушын плюс пенен (+ …) баллға шекем қойылады;

- көрсетилген биринши дереклерди конспектлеў (жумыстың бул түри жоқарғы оқыў орнының талабына сәйкес миннетли де, миннетсиз де болыўы мүмкин) плюс пенен (+ …) баллдан плюс пенен (+ …) баллға шекем қойылыўы мүмкин;
- қарызларды тапсырыў (аўызша, жазба) плюс пенен (+ …) балл;
- этика, эстетика бойынша секцияларда студентлик конференцияда қатнасыўы (бул әлбетте шәртли емес) плюс пенен (+ …) баллдан плюс пенен (+ …) шекем.

Бул баллардың улыўма санының жағдайы мәлим пәнниң бир я еки семестр өтилиўи менен де, әлбетте байланыслы. Баллардың улыўма саны предмет бойынша алдын ала баҳалаў болады ҳәм жуўмақлаўшы баҳалаў болады.

Дурыс, бизде жүз баллық системаға – АҚ 40 балл, ШҚ 30 балл, ЖҚ 30 балла ҳәм ШҚның 50% өз бетинше жумыс пенен толар екен, буларды ҳәм жоқарыдағы айтылғанлар менен үнлестириў мүмкин. Бул бир. Екиншиден, баллардың электрон дәптерге қойылыўы бүгинлигинде практикаға енип атыр. Қалай еткенде де, студенттиң сабаққа келген, келмегенине итибарсызлық болмаўы тийис. Тәлим менен тәрбияның бирлигин, бирисиз екиншиси болмайтуғынлығын мудамы нәзерде тутар екенбиз, сабаққа қатнасыўдың миннетлилиги өз-өзинен түсиникли болса керек. Оған балл қойылмаса болмайды. Бул бир. Екиншиден өз бетинше жумыслар формаль дәрежеде қабылланып қала берилмеўи, муқыятлық пенен оқытыўшы тәрепинен тексерилип ғана әдил баҳа берилиўи керек ҳ.т.б.

Этика ҳәм эстетика пәнлерин оқытыўда семинар сабақлардың оқыў процесиндеги орны ҳәм роли жүдә әҳмийетли. Биз буның менен лекциялық сабақлардың ролин пәсейтежақ емеспиз. Лекциялардың түр-түри бар: кирисиў – лекция, лекция – информация, обзорлық лекция, проблемалық лекция, лекция – визуализация, бинарлық лекция, лекция – конференция, лекция – консультация. Булардың ҳәммеси де баҳалы, зәрүрли. Бирақ олардың ҳәрбириниң оқылыўы мәлим зәрүрликтен келип

шығады. Мәселен, проблемалық лекцияда жаңа билим сораўдың проблемалығы, мәселе ҳәм ситуациялар арқалы сәўлеленеди. Лекция-визуализация лекциялық материалды бериўде оқытыўдың техникалық қуралларын пайдаланыў менен байланыслы ҳ.т.б.

Деген менен, ҳәмме лекцияларда аталған лекция енисип, араласып жүреди. Қәлеген жағдайда да семинар сабақлары этика, эстетиканың лекциялық сабақлардағы проблемалық майданын кеңейтер екен, бул пәнлер бойынша алынатуғын билим толысып бара береди.

Семинарды өткизиўдиң формалары ҳәрқыйлы болыўы мүмкин: дәстүрийликтен (айтайық, баянат системасы) баслап инновациялыққа дейинги аралықты өз ишине алады. Мәселеңкиден, семинар сабақлардың “рольлик ойын” принципи бойынша методикалық модели:

- Студентлик топар (дизим бойынша) төрт киши группаға бөлинеди, олардың ҳәрбири староста сайлайды, ол кишитопардың ишиндеги координация ушын жуўап береди.

Семинар сабақларында микротопарлар гезек пенен өзгертилген жағдайда (график алдын-ала айтылады) мынадай рольлерди атқарады.

1. “Фактологлар”. Ўазыйпа – талқыланып атырған теманың “фактурасын” фиксировать етиў (бас идеяларды ҳәм олардың өз-ара байланысын, анаў я мынаў этикалық феномениниң спецификасын, оның социомәдениятлық фонын ҳ.т.б. сыпатлаў ҳ.т.б.).

2. “Интерпретаторлар”. Ўазыйпа – идеялардың, новациялардың, олардың этикалық, эстетикалық билимлердиң әҳмийетлерин көрсетиў.

3. “Аниматорлар”. Ўазыйпа – идеялардың “жанланыўы”, олардың заманагөйликке бейимлесиўи, оларды практикалық пайдаланыўдың имканияты барлығын ямаса жоқлығын көрсетиў.

4. “Экспертлер”. Ўазыйпа – талқылаўдағы ҳәрбир қатнасыўшының жумысын корректли (балларда) баҳалаў. Тийкарғы критерийлер: позицияның таярлығы (материалды билиўи), активлик, пикирлердиң тийкарланыўы оригиналлығы.

Биринши үш “нольдиң” бираз конкрет сыпатланыўы анаў я мынаў

семинарға байланыслы спецификасына байланыслы әмелге асырылады.

- Микротопарларға бөлиў басқа “роллерди” басқа түрли сценарийлерде атқарыўға имканият береди. Мәселен, заманагөй этика, эстетиканың “ашық проблемалар” бойынша семинар сабақларында “интерпретаторлар” ҳәм “аниматорлар” “аўа” я “қарсы” аргументациясын келтиреди, ал “экспертлер” тийкарғы рольлик ўазыйпаларынан басқа дикуссияда “жеңимпазды” ҳәм шығара алады, көрсете алады.
- “Рольлик” ўазыйпалар қатаң емес, ситуатив өзгерислерди ҳәм бийкарламайды.

Усылар менен бирге айтыўымыз керек, студентлердиң өз бетинше жумыс ислеўи олардың әсиресе изертлеўшилик, билиўлик искерлигин қәлиплестириўде шешиўши роль атқарады. Тек ғана системасы тереңлескен жумыс процесинде факторларды анализлеў, баслысын табыў, тийкарғысын тийкарғы еместен ажыратыў жүзеге келеди. Өз бетинше жумыс барысында мудамы билимлерди толықтырыў яғный өзинше билим алыўға талап қәлиплеседи. Этиканы, эстетиканы оқытыў сол ўақытта ғана эффективликке ийе болыўы мүмкин, ол ҳәм болса оқытыўдың мақсети менен үйрениўдиң мақсети болғанда яғный үйрениў студенттиң өз бетинше үйрениўи, интеллектуаллық өзин-өзи раўажландырыў болғанда ғана үлкен әҳмийетке ийе.

Бүгинлигинде өз бетинше жумыслар мәлим темалар бойынша тест дүзиў, реферат, баянат, эсселер, сораў-жуўап ҳ.т.б. түринде таярланылады.

## 2. ҚОСЫМША ЖӘРДЕМШИ МАТЕРИАЛЛАР

Өз бетинше жумыстың қайсы формада орынланыўына қарамастан оның мәлимлери, өлшемлери (критерийлери) болыўы тәбийий. Пәмлеўимизше, олардың баслылары:

- проблеманы билиў ҳәм түсиниў;
- материалды систематастырыў ҳәм анализлеў ҳәм тийкарлы ғана жуўмақларды формулировкалаў;

- “мийнеттиң шығыны” (үйренилген әдебияттың көлеми, проблеманы анализлеўге ҳүждан менен, пидайылық пенен қатнас);
- өз билдигиншелик, өз бетиншелик, проблема бойынша өз позициясын ҳәм практикалық материалға қатнасын анықлаўға уқыбы тиккелей плагиаттың мүмкин емеслиги;
- жумысты таярлаўда пуқталық (пайдаланылған әдебиятқа силтеме, силтемениң анықлығы ҳ.т.б.)

Әлбетте студенттиң өз бетинше жумысларының шөлкемлесиў процеси пәнлер оқытылатуғын кафедрасыз, ондағы этиканы, эстетиканы үйрениў бойынша методикалық көрсетпелерсиз, оқытыўшының мудамы консультациясы, соның менен искерликтиң субъекти, әсиресе студенттиң активлигисиз әмелге асыўы қыйын.

Аталмыш пәнлерди оқытыў қосымша, жәрдемши материаллардың ҳәм болыўын талап етеди. Олар пәнлер бойынша тийкарғы сораўлар, тийкарғы қосымша әдебиятлар ҳ.т.б.

## Сораўлар

1. Этика, эстетиканы оқытыўдың теориялық-методикалық тийкарлары туўралы айтып бериң?
2. Этика, эстетиканы оқытыўдың стратегиясын шөлкемлестириўшилик-методикалық тәмийинлеў түсиник бериң?
3. Қосымша жәрдемши материаллар түсиник бериң?

## Пайдаланылған әебиятлар:

1. Саттаров Э., Алимов Х. Бошқарув мулоқоти. – Т.: “Академия”, 2003. – 70 б.

2. Маҳмудов И.И. Бошқарув психологияси. – Т.: 2006. – 230 б.

15. Маҳмудов И.И. Бошқарув профессионализми: психологик таҳлил. – Т.: “Академия”, 2011. – 154 б.

3. Шарипов М., Файзиходжаева Д. Мантиқ. – Т.: Ғ.Ғулом номидаги нашриёт-матбаа ижодий уйи. 2004. –214 б.

4. Пулатова Д., Файзиходжаева Д. Мантиқ. – Т.: “Premier Print”. 2013–324б.